



“MWEN SE YON TIMOUN, POUKISA SA TE RIVE MWEN?”

ATAK GANG YO SOU ANFANS TIMOUN YO AN AYITI

**Amnisti Entènasyonal se yon mouvman ak 10 milyon moun
ki mobilize limanite nan chak moun epi milite
pou chanjman pou nou tout kapab jwi dwa moun nou yo.**

**Vizyon nou se nan yon mond kote moun ki nan pouvwa kenbe
pwomès yo, respekte lwa entènasyonal yo epi obligasyon pou yo
rann kont.**

**Nou endepandan de tout gouvènman, ideyoloji politik, enterè
ekonomik oswa relijyon epi se manm nou yo ak don endividyèl
nou yo ki sitou finanse mouvman sa a.**

**Nou kwè ke aji nan solidarite ak konpasyon avèk moun toupatou
kapab chanje sosyete nou yo pou pi bon an.**

© Amnisti Entènasyonal 2025
Sof endikasyon kontrè, kontni dokiman sa anba lisans Creative Commons (atribisyon, non komèsyal, pa gen derive, entènasyonal 4.0).
<https://creativecommons.org/licenses/by-nc-nd/4.0/legalcode>
Pou plis enfòmasyon, tanpri ale sou paj Otorizasyon sou sitwèb nou an: www.amnesty.org
Kote dokiman ki atribiye a yon titilè dwa otè apa de Amnisti Entènasyonal, dokiman sa pa soumèt anba lisans Creative Commons.
Te pibliye dabò an 2025
pa Amnesty International Ltd
Peter Benenson House, 1 Easton Street
London WC1X 0DW, UK

Endèks: AMR 36/8875/2025

Lang orijinal: Anglè

amnesty.org



Foto kouvèti: Yon tifi nan yon sit deplasman ke chèchè Amnisti Entènasyonal yo te vizite nan kapital Ayisye an, Pòtoprens, Septanm 2024. © Amnisti Entènasyonal

**AMNESTY
INTERNATIONAL**




KONTNI

REZIME EGZEKITIF	5
METODOLOJI	10
1. FÈ ISTORIK	13
2. REKRITMAN AK ITILIZASYON TIMOUN YO	18
DIFERAN WOL, MENM REYALITE A	19
MENAS AK PINISYON	21
PREZIME KOU PAB	23
REENTEGRASYON NAN PWEN MO	25
3. VYOL AK LOT VYOLANS SEKSYEL	29
ATAK SOU GWO ECHEL AK RISK CHAK JOU	30
TE EKSPLWATE NAN 'DIVES RELASYON' AK SEKS KOMESYAL	34
VYOLANS SEKSYEL NAN SIT DEPLASMAN YO	35
ESTIGMATIZASYON AK LAPEREZ	37
AKSE ENSIFIZAN NAN SEVIS SWEN SANTE YO	38
BARYE JISTIS	39
4. ASASINAY AK BLESY YO	42
KOUT BAL MAWON	42
ATAK DELIBERE YO	44
LANMO AK BLESY ASOSYE YO	45
ZAM AK MINISYON	47
5. ENPAK SOU TIMOUN KI GEN ANDIKAP YO	49
DIFIKILTE POU KOURI POU VYOLANS	49
AKSE A APAREY E A SEVIS ASISTANS YO	50
KONDISYON DEPLASMAN INAPWOPRIYE	54
6. KONKLIZYON AK REKOMANDASYON	58
REKÒMANDASYON YO	59

“MWEN SE YON TIMOUN, POUKISA SA TE RIVE MWEN?”
ATAK GANG YO SOU ANFANS TIMOUN YO AN AYITI

KAT



“MWEN SE YON TIMOUN, POUKISA SA TE RIVE MWEN?”
ATAK GANG YO SOU ANFANS TIMOUN YO AN AYITI

Amnisti Entènasyonal

REZIME EGZEKITIF

Yon tigason te gen 13 zan sèlman lè yon gang te kòmanse mande li pou li kolekte enfòmasyon sou sib yo epi fè livrezon manje ak dwòg. "Pafwa mwen vrèman grangou; se sèl fason pou sòti nan sitiyasyon sa," li te di. Nan yon lòt ka, genyen de (2) sè adolesan ke manm gang yo te kidnapè sou wout yo pandan yo t ap tounen soti lekòl epi yo te mennen yo nan yon kay kote yo te sibi kadejak kolektif: senk gason pase sou youn, sis sou lòt la. "M ap panse sou sa epi di tèt mwen, mwen se yon timoun, poukisa sa rive mwen?" selon sa youn nan tifi yo te di. Yon tigason ki gen 16 zan te eksplike ke doktè yo te oblije koupe janm dwat li pou sove lavi li aprè ke yon manm gang te fè èspre tire sou li pandan li te nan mache a. "Mwen pa konnen poukisa li te fè mwen sa... Lavi mwen te chanje anpil," selon sa tigason an te di.

Depi asasina prezidan Ayisyen an, Jovenel Moïse, nan mwa jiyè 2021 an, vyolans gang ame yo pa sispann entansifye, sa atenn nivo li pa te janm atenn avan an 2024. Gang yo te vini pou kontwòl majorite kapital la, sa ki pwovoke yon gwo kriz imanitè byen laj epi ki pouse Konsèy Sekirite Nasyon zini an pou otorize yon fòs sipò sekirite entènasyonal. Eksperyans timoun sa yo, ki gen non yo ak idantite yo kache pou koz sekirite ak konfidansyalite, refilete pa plizyè timoun k ap viv nan mitan kawo ke gang yo ap simen.

Eskalad vyolans pandan kat dènye ane yo nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan ak zòn anviwon li yo pa anyen lòt ke yon atak kont enfans. Li te pwovoke yon detrès jeneralize epi te vyole dwa yon pakèt timoun nan kesyon dwa moun tankou dwa a edikasyon; a devlopman fizik ak mantal; a pwoteksyon kont vyolans, eksplwatasyon, ak abi; ak libète pou deplase. Yo te vòlè nan men timoun yo dwa pou yo jwe. Nan absans yon angajman fèm otorite Ayisyen yo pou pwoteje dwa timoun yo yon jan konfòm avèk obligasyon jiridik legal entènasyonal ak nasyonal yo, ki gen ladan yo selon Konvansyon sou Dwa Timoun, ak yon soutyen ke patnè entènasyonal yo ap soutni, tisi kominote yo ap an danje pandan divès deseni k ap vini la.

Amnisti Entènasyonal te dokimante enpak vyolans gang yo sou timoun, nan antreprann yon rechèch ant Me ak oktòb 2024, ki gen ladan l sou tèren nan Pòtoprens nan mwa septanm nan. An total, chèchè yo te fè entèvyou avèk 112 moun, ki gen ladan yo 80 moun pandan vizit la nan kapital Ayisyen an. Senkanteyen timoun (31 tifi ak 20 ti gason), ki gen laj sòti nan 10 a 17, te fè entèvyou an pèsòn nan Pòtoprens, menm jan yon jènfi ki gen 18 tan ki te chape anba yon atak manm gang yo lè li te timoun. Pami moun yo t ap poze kesyon yo genyen ladan yo paran yo, reprezantan gouvènman, divès travayè imanitè Ayisyen ak entènasyonal ak divès manm pèsònèl UN la. Chèchè yo te revize plizyè douzèn videyo ak foto, te analize imaj satelit epi te jwenn dokiman ki enpòtan nan rechèch la.

Rechèch la te kouvri vyolasyon ak abi nan uit komin Depatman Lwès la: Pòtoprens, Site Solèy, Taba, Kwadèboukè, Delma, Kafou, Kenskòf ak Gresye. Chèchè yo te dokimante sou rekritman ak itilizasyon timoun yo, vyòl ak lòt fòm vyolans seksyèl, asasina ak blesi – tout se manm gang yo ki te pwovoke yo. Twa abi sa yo pami vyolasyon grav ke Nasyon zini te sipèvize epi te rapòte nan rapò anyèl Sekretè Jeneral Nasyon zini an sou timoun ak konfli ame. Yo te egzamine tou enpak dispwopòsyone vyolans sou timoun ki gen andikap yo.

Nan apiye sou rapò Nasyon zini ak lòt travay ke divès òganizasyon Ayisyèn ak entènasyonal te fè sou dwa moun, rechèch Amnisti Entènasyonal te vize bay espas pou tandè vwa timoun yo, sa ki esansyèl pou konprann enpak abi ak vyolasyon sou dwa yo genyen nan yon sans ki pi laj tankou kontribiye pou jayi limyè sou difikilite reentegrasyon ke y ap fè fas ak sou ki chemen pou yo pran.

REKRITMAN AK ITILIZASYON TIMOUN YO

Amnisti Entènasyonal te dokimante sou ka 11 ti gason ak twa tifi ke gang yo te rekrute ak itilize, ki gen ladan yo Delma 6, Baz Pilat, Ti Bwa, Baz Belè, Gran Ravin, 103 Zonbi, 5 Segonn ak Kraze Baryè. Timoun yo te dekri ke yo te eksplwate yo nan divès fason, ki gen ladan yo espyone gang rival yo ak lapolis, fè livrezon, epi fè travay domestik, travay konstriksyon ak reparasyon machin. Tout 14 timoun yo te di yo pa t genyen chwà

e ke enplikasyon yo te motive sitou akoz yo te grangou oubyen yo te pè. Pratik rekritman jeneralize a ak itilizasyon timoun yo pa gang yo an Ayiti entèdi selon dwa entènasyonal ak nasyonal; sa rann timoun yo viktim nan trafik moun, pami lòt abi yo.

Yon tigason 12-zan yo te itilize k ap viv nan lari a te di Amnisti Entènasyonal manm gang Gran Ravin yo te fòse li vin yon "antèn", oswa enfòmateur. "Si mwen pa t fè sa, yo t ap touye mwen", selon sa li te di. Yon tigason 16-zan te dekri ki jan manm gang yo te kanpe li regilyèman lè yo wè li nan lari a, sa gen ladan l lè l ap jwe foutbòl, epi ba li ant 3 USD a 7 USD pou fè travay tankou achte minit pou telefòn selilè. "Nou konn pase de jou san manje," ti gason an te di sou fanmi li, nan eksplike ke paran li yo te sispann vann machandiz nan lari yo akòz de ensekirite a. Yon zanmi li ki se yon manm gang te eseye rekrute li nan ran konbatan yo, men li te refize. Tigason an te di: "[Zanmi mwen] wè sityasyon n ap viv la epi l di m li fè anpil lajan, e m te ka fè anpil lajan tou."

Yon lòt pre-adolesan te di li te fini pa pote yon zam epi youn nan gang ki nan zak kriminel yo te eksplwate li avan yo te arete li. "Sa mwen te fè yo, mwen pa t fè yo ak tout kè mwen. Mwen pa t konprann sa mwen t ap fè yo. Mwen te kenbe yon zam, pa pou blese, men pou bay tèt mwen manje," selon sa li te di. Gen kèk timoun ki te dekri kòman yo te bat yo ak menase yo si yo te refize pran lòd. Yon tifi 17-ane, ki te di ke manm nan gang ti Bwa yo voye l achte bagay pou mennaj yo ak pou netwaye kay yo an echanj yon ti kras monnen tankou 2 USD, li te fè konnen: "Pafwa mwen di, 'Mwen pa vle fè sa,' yo rele sou mwen e di, 'Lè chèf la mande ou fè yon bagay, ou dwe fè li' ... Ou pa ka di yo non."

Timoun yo te pale de gwo laperèz pou lapolis ak manm kominote yo epi estigmatizyon ak wont yo t ap sibi poutèt sèlman yo soti nan katye ki anba kontwòl gang yo. Plizyè entèvyou te fè konnen enkyetid yo sou fason lapolis konn kanpe yo pou verifikasyon kat idantifikasyon ak kòman afilyasyon ak kèk zòn te kapab mennen nan asasina ilegal. Amnisti Entènasyonal te dokimante sou ka yon ti gason ki gen 16 zan yo te vin rale abitremman sou kabann li epi yo te arete li aprè mang gang yo te fin atake yon komisarya polis nan zòn li an. Yo te libere li san enkilpasyon aprè li te pase uit jou nan prizon, gras ak manm kominote yo ki te kolekte plis pase 700 USD pou peye avoka li a.

Yon lòt menas pou timoun yo se te "gwoup oto-defans yo" – yo konnen tankou mouvman *Bwa Kale* a – ki te enplike nan divès lenchaj orib ki siblè moun yo panse ki gen yon afilyasyon oubyen ki gen yon afilyasyon reyèl ak gang yo. Amnisti Entènasyonal te resanse ka senk ti gason yo te arete aprè manm kominote yo te siyale yo. Yo te bat avèk vyolans pou pi piti youn nan yo avan yo te remèt yo bay otorite yo.

Nan yon efò pou abòde pwoblèm alaman nan rekritman e ak itilizasyon timoun yo, gouvènman Ayisyen an ak Nasyonzi te siyen yon pwotokòl ki vize kreye chemen pou transfè ak swen pou timoun ki asosye avèk gang ame ke yo rankontre pandan operasyon sekirite yo. Men fon yo nesèsè pou konstwi ak agrandi sant tranzit yo, epi yon pwosesis demobilizasyon ak reentegrasyon apa antyè pòko rive fèt nan yon kontèks ensekirite ak enstabilite politik pèsistan.

Sepandan, yon sant detansyon de fakto yo konnen kòm *Centre de Rééducation des Mineurs en Conflit avec la Loi* (CERMICOL), wè kapasite li vin kwadruple. Apeprè 300 moun, gason ak fanm pataje espas la avèk 100 gason ke yo te fè sant lan pou yo. Yon melanj konsa entèdi selon lwa ak nòm entènasyonal yo. CERMICOL vle di sèvi kòm yon sant reyabilitasyon pou ti gason otorite yo te arete, pou ba yo edikasyon, fòmasyon pwofesyonèl ak lòt sipò pandan yon jij envestigatè ap egzamine sityasyon yo menm jan aprè kondanasyon.

Men atak gang yo sou sant penitansye yo nan dènye ane yo te lakòz transfè rès popilasyon prizonye adilt la nan CERMICOL, elaji sou tout espas gason yo te gen pou swiv kou ak detant yo. Anplis, Tribinal Jèn Pòtoprens lan pa t fonksyone depi 2019 akòz vyolans gang lan; nan moman yon vizit Amnisti Entènasyonal nan sant lan, kote 93 gason fèmen (yo kwè plizyè ladan yo asosye avèk gang yo), okenn ladan yo pa t kondane.

VYÒL AK Lòt VYOLANS SEKSYÈL

Ankouraje pa kontwòl gang yo sou yon gwo vas teritwa e avèk enpinite jeneralize a, manm gang yo te kidnape, vyole, te asele seksyèlman tifi yo pandan atak sou katye yo oswa apre yo fin pran kontwòl zòn yo, alafwa pou kont yo ak nan yon gwoup. Tifi yo fè fas avèk risk sa pandan atak sou gwo echèl epi sou yon baz chak jou, nan chemen pou yo ale lekòl oubyen nan ale fè acha, a pye oubyen nan transpò an komen. Modèl atak yo gen ladan yo asèlman nan lari, ki ka ogmante nan vyòl ak lòt vyolans seksyèl, epi fè èspere atake jèn fi yo lakay yo. Manm gang yo te eksplwate tou seksyèlman tifi yo nan kad "relasyon" ak pou sèks komèsyal.

Amnisti Entènasyonal te resanse ka 18 tifi ki te sibi vyòl ak lòt fòm vyolans seksyèl pa manm gang yo. Gen kèk nan yo ki te atake plis pase yon fwa. Nan 10 ka, tifi yo te sibi kadejak kolektif, epi nan nèf ka, se kidnape yo te kidnape yo. Anplis de sa, chèchè yo te fè entèvyou avèk de tifi yo te vyole nan sit deplasman apre yo te fin kouri kite kay yo akòz vyolans gang.

Majorite tifi yo te vyole te di ke yo pa t kapab idantifye nan ki gang espesifik agresè yo sòti. Gen lòt ki te konnen ki gang ki gen kontwòl zòn nan epi te konekte agresè yo a sèten gwoup. Gang yo ki enplike nan ka yo dokimante pa Amnisti Entènasyonal gen ladan yo: 400 Mawozo, Gran Ravin, 5 Segonn epi posiblerman Chen Mechan. Selon dwa entènasyonal ak nasyonal, yon timoun yo kidnape pou eksplwatasyon seksyèl oubyen lòt fòm eksplwatasyon konsidere kòm yon viktim trafik moun. Dwa entènasyonal egzije pou pwoteje timoun yo kont eksplwatasyon ak abi seksyèl, ki gen ladan yo pwostitasyon, menm jan tou kont tòti ak lòt tretman mechan, kriyèl, oswa degradan, ki gen ladan yo zak kadejak ak vyolans seksyèl.

Yon tifi ki gen 14-zan te di Amnisti Entènasyonal ke an Fevriye 2024, yon manm gang 400 Mawozo te parèt lakay li pandan li pa t la epi te mande manman li pou ale chache li sinon l ap touye tout moun nan kay la. Li te ret tann nan kay la pandan manman te retounen avèk tifi a, epi apre sa te mennen tifi a nan yon kay vid toupre a epi te vyole li. Tifi a te deklare atak la te fè fanmi an kite zòn lan. "Mwen te konn al lekòl, men apre ensidan an, mwen te kanpe," li te di.

An Desanm 2023, manm gang yo te kanpe yon tifi 17-ane ki t ap viv nan Kafou-Fèy sou lari a pandan li te sòti pou ale achte manje yon lannwit. Yo te abiye an nwa epi yo te kouvri figi yo, yo te mennen l nan yon kay kote senk nan yo te vyole li youn apre lòt. "Yo te di li, 'Ou pa pral pale sou sa. Si ou pale sou sa, n ap touye ou.' Lè sa a, yo te di m pati," selon sa li te di. Apre l te fin sove ale nan yon sit deplasman, li te dekouvi li ansent. "Sa te detwi mwen... Mwen pa gen pèsòn pou ede m ak ti bebe a," selon sa li te di. Plizyè lòt tifi ki te pale avèk Amnisti Entènasyonal tou te vin ansent aprè yo te vyole yo. Kòm avòtman ilegal an Ayiti, gen kèk ki itilize divès metòd danjere pou eseye mete fen nan gwsès non dezire yo.

Timoun ki enplike nan zak seksyèl komèsyal yo se viktim eksplwatasyon seksyèl, ke Òganizasyon Travay Entènasyonal la rekonèt kòm youn nan fòm ki pi mal la nan travay timoun epi yon vyolasyon dwa moun ki vrèman grav. Yon tifi 16 ane k ap viv nan yon zòn ki anba kontwòl 5 segonn te dekri bay Amnisti Entènasyonal la kòm li te kòmanse enplike nan sèks komèsyal avèk manm gang yo aprè li menm ak pitit li a te konn travèse divès peryòd repete san manje. "Mwen pa gen chwa ... Yo wè ou epi yo di, 'An n ale.' Si ou refize, yo frape ou avèk yon zam. Mwen te eseye. Yo te kapab tire mwen yon jou. Yo mete men sou ou epi yo choute ou. Gen kèk ki peye. Gen kèk ki pa fè sa," selon sa li te di. Patisipe nan fè sèks komèsyal avèk manm gang yo pa te premye eksperyans li avèk vyolans seksyèl ki gen rapò ak gang. Senk manm nan 5 Segonn te vyole li kèk ane avan e se konsa li te vin ansent.

Avèk divès dizèn milye moun ki te deplase akòz vyolans gang ki anpile nan divès anvivònman fòtin, ki gen ladan yo lekòl ak lòt batiman gouvènmantral yo nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan, risk vyolans seksyèl anplis nan sit sa yo se yon preyokipasyon majè. Chèchè Amnisti Entènasyonal yo te obsève dabò mank absoli vi prive ak kondisyon foul la nan de sit deplasman yo te vizite. Òganizasyon an te resanse ka de tifi yo te vyole andedan sit deplasman yo.

Tifi ki sivivan yo te pale de kalvè y ap pase, de konba yo kont estigmatizasyon ki asosye avèk vyolans seksyèl ak rejè yo nan kominote a nan sans laj, epi, pafwa, nan pwòp fanmi yo tou. Yo te ekspriye krent pwofon yo konsènan posibilite pou gen nouvèl atak manm gang yo, ki gen ladan yo otè ki kontinye rezide nan menm zòn yo.

Tifi ki ap sibi vyolans seksyèl pa manm gang yo – ki gen ladan l ka vyòl kolektif ki fèt souvan – bezwen swen sante ki wotman espesyalize. Men sèvis sante yo ki deja limite an Ayiti te vin plis paralize toujou akòz atak gang yo, ki gen ladan yo sant medikal yo. Yon kantite tifi Amnisti Entènasyonal te fè entèvyou avèk yo te di yo te kontrakte enfeksyon ki seksyèlman transmisib aprè yo te fin sibi vyòl epi gwsès san dezire te kite yo ap fè fas ak divès risk sante majè, ki gen ladan yo konplikasyon ki lye ak obstetrik. Eta a gen yon obligasyon pou pran tout mezi fezab pou soutni sivivan yo avèk retablisman fizik ak sikolojik yo, men se ONG lokal ak entènasyonal ki ap jongle plizyè entèvansyon avèk divès resous limite pou tante ranpli kèk lakin.

Pandan se tan, sivivan vyolans seksyèl yo kontinye ap fè fas a plizyè obstak pou jwenn jistis nan yon kontèks enpinite jeneral la k ap fè lalwa an Ayiti. Perèz ak reprezay anpeche sivivan yo manifeste bò kote lapolis. Anpil moun yo fè entèvyou avèk yo pase nan betiz lide pou siyale atak gang yo bay otorite yo akòz de absans absoli fòs lòd yo nan zòn gang yo ap kontwole yo. "Pa genyen okenn polis... sèl chèf ki nan vil la se manm gang yo," selon sa yon tifi te di ke plizyè manm gang te kidnape ak vyole an 2023 e ke yon manm gang lan te asele seksyèlman ankò an 2024. Reprezantan Nasyonzi ak ONG yo te di ke plis enstalasyon ap nesese pou pran timoun ki se sivivan vyolans seksyèl yo epi ba yo reyadaptasyon ak swen nesese, tankou pwoteksyon pandan ak aprè pwosedi jiridik yo.

ASASINAY AK BLESI YO

Yo kontinye asasine ak blese timoun yo pandan atak gang yo nan katye yo. Nan zòn ki anba kontwòl gang yo, y ap fè fas ak alafwa kout bal mawon ak dirèk. Amnisti Entènasyonal te resanse ka 10 timoun ki te blese ak de yo te asasine aprè vyolans ki lye ak gang ak divès ensidan ki asosye ak sa. Laj yo te sòti nan senk rive

nan 17 an. Gang ki lye ak ka sa yo gen ladan yo Bwouklin, Simon Pelé, Belekou, Boston ak Gran Ravin. Omwen de ka ki te enplike echanj katouch ant gang ak lapolis.

Lwa entènasyonal sou dwa moun yo rekonèt dwa pou viv. Lwa Ayisyen mande leta pou garanti dwa a lavi epi kriminalize asasina. Men vyolans gang te vin tankou yon reyalyte chak jou ke anpil fanmi gen ladan yo plis pase yon viktim, pafwa menm viktim k ap fè fas ak plizyè atak. Yon tifi ki gen 14-ane te rakonte bay Amnisti Entènasyonal kòman yon bal rebondi, manm gang yo te tire nan atake yon bank toupre kay li nan Septanm 2024, te fini pa pèse vizaj li, antre ak sòti nan lèw siperyè li. Twa mwa anvan sa, frè tifi a ki te gen 17 ane te mouri aprè li pran yon bal mawon nan vant nan moman konba ant gang yo nan zòn lan. "Se pa yon zòn kalm. Gen pwoblèm tout tan. Gen anpil kout zam. Mwen pa ka sipòte kout zam yo," selon sa li te di.

Nan mwa Out 2023, yon seri atak kowòdone pa Gran Ravin sou katye Kafou-Fèy te voye divès milye moun kouri. Yon gason adolesan 15 ane te di pandan li t ap kouri avèk manman li ak sè li, li te tonbe epi te blese byen grav nan hanch li. Kòm konsekans, li gen kounye a yon janm ki pi long pase lòt la; tonbe sa te agrave yon blesi nan baskèt bòl li te sibi plizyè mwa avan sa, selon sa li te di. "Moun konn fawouche mwen, epi mwen pa renmen sa... se tankou mwen pa yon moun. Mwen te menm konn vle bwè Klowòks [dlo javèl]."

ENPAK SOU TIMOUN KI GEN ANDIKAP

Rechèch te montre regilyèman ke sityasyon konfli ak kriz afekte yon jan dispwopòsyone timoun ki andikape yo. Amnisti Entènasyonal te resanse eksperyans 11 timoun ki gen andikap, uit nan yo te deplase akòz vyolans gang. Gen ladan yo timoun ki gen andikap fizik ak sikososal. Chèchè yo tou te resanse divès atak sou de (2) sant – yon lekòl ak yon klinik – ki te istorikman pami etablisman ki pi ra nan ofri edikasyon, fòmasyon pwofesyonèl, ak sèvis medikal pou timoun ki gen andikap.

Antan ke yon Eta ki fè pati Konvansyon sou Dwa Moun ki Andikape (Convention on the Rights of Persons with Disabilities, CRPD), Ayiti gen plizyè obligasyon, ki gen ladan yo garanti pwoteksyon ak sekirite timoun ki gen andikap yo nan sityasyon risk. Timoun ki andikape yo ap fè fas ak yon pi gwo risk nan kouri pou vyolans, tankou akòz de mobilite limite yo epi dwe abandone aparèy asistans yo genyen yo. Nan kontèks Ayiti a, plizyè t ap fè fas ak plizyè depasman resan.

Amnisti Entènasyonal te fè entèvyou avèk twa timoun ki te di ke lè gang yo te atake katye yo epi fanmi yo te deplase, aparèy asistans tankou chèz woulant ak beki te rete dèyè "Manm gang yo te boule kay moun yo... li te minwi... Tonton mwen te pote mwen epi te kouri avèk mwen," yon tifi 12 ane ki gen mobilite limite te kouri nan atak Out 2023 nan Kafou Fèy. Lè fanmi an te tcheke nan kay la divès mwa apre, yo te boule li ra pye tè, ni chèz woulant tifi a, ni chèz wozè tifi a, pa te epanye.

Menm avan kriz aktyèl la, disponiblite aparèy asistans kalite yo ak teknoloji se te yon defi an Ayiti, yon pwoblèm komen nan peyi ki gen revni fèb yo. Vyolans Gang lan te deranje tout aspè nan lavi, Sa gen ladan aksè ki te deja limite ak pwodwi esansyèl sa yo, tankou sèvis espesyalis yo. Nan sis timoun ki gen andikap ki bezwen epi ki t ap benefisye aparèy asistans yo, sèlman de (2) te gen yon ekipman – youn te gen yon chèz woulant, lòt la beki, malgre kalite yo te an kesyon. Aparèy asistans yo ak pwotèz yo afekte an patikilye devlopman ak rezilta edikatif timoun ki andikape yo.

Plizyè timoun ki gen diferan tip andikap ke Amnisti Entènasyonal te egzamine sityasyon yo te deklare ke yo nan obligasyon pou jwenn aksè ak swen sante espesyalize ak sèvis ki gen rapò, tankou fizyoterapet, ègoterapet ak yon soutyen sikososal. Pandan ke gen kèk ONG ki t ap reponn ak bezwen sante debaz yo, tankou atravè divès klinik mobil, gouvènman dwe mennen yon repons ki pi solid lontan, an patenarya avèk donatè yo, pou reponn ak dwa e ak bezwen timoun ki gen andikap yo.

Amnisti Entènasyonal yo te resanse tou, alafwa nan entèvyou yo ak nan vizit sit yo, difikilte anplis ak obstak siyifikatif pou jwenn aksè pou timoun ki andikape yo nan sit depasman yo. Plizyè timoun ki gen andikap fizik te di ke kondisyon yo ap dòmi yo agrave doulè yo. Latrin yo ak sant pou fè lesiv yo pa aksesib, sa ki kite plizyè timoun andikape depann de lòt moun yo.

"Genyen de (2) twalèt [nan kan an]... Li pa fasil pou mwen sèvi ak li... Nan kay mwen an, mwen te kapab ale nan twalèt la pou kont mwen... Nan kan an, manman m kenbe yon bagay akote mwen pou m itilize olye pou yo pote m nan twalèt la," selon sa yon tigason 13-zan avèk mobilite limite te di. Kondisyonabri sa yo ak asenman yo afekte kapasite yo pou pran swen pwòp tèt yo epi konpwomèt otonomi yo, vi prive yo ak diyite natirèl yo.

Ekspozisyon ak vyolans pwolonje fè enpak sou sante mantal nan lakoz nouvo detrès ak maladi sante mantal tankou plis afekte moun ki te gentan malad yo. Domaj sou sante mantal vyolans gang yo lakoz te palpab nan entèvyou Amnisti Entènasyonal avèk timoun yo e fanmi pa yo. Yon tifi 13 ane ki te chape anba masak Gran Ravin te enflije sou Kafou-Fèy nan Out 2023 te deklare: "Mwen te wè kadav... mwen fè divès kochma,

mwen pa ka dòmi. Mwen fè divès vizyon sou sa mwen te wè yo... Mwen te abitye etidye san pwoblèm. Kounye a li difisil; mwen toujou ap reviv sa mwen te wè a.”

CHEMEN POU PRAN

Sitiyasyon timoun ki ap viv nan mitan vyolans gang an Ayiti mande yon priyorite ijan nan men gouvènman Ayisyen an ak patnè li yo. Gouvènman an ta dwe kolabore avèk donatè yo ak lòt aktè pwoteksyon timoun pou devlope yon plan pwoteksyon timoun konplè ak enklizif, gide pa prensip pi bon entèrè timoun lan. Yon asistans teknik ak finansyè ke kominote entènasyonal la ap soutni ap endispansab.

Aksyon priyorite yo gen ladan elajisman pwogram sipò mwayen sibzistans yo ak retablisman edikasyon sou yon baz egalite, ki gen ladan l pou timoun ki gen andikap yo. Gouvènman an ak patnè li yo dwe imedyatman kòmanse mobilize kominote ki afekte pa vyolans yo, ki gen ladan li konsyantizasyon ke timoun ki asosye avèk gang yo se avan tou viktim.

Sitiyasyon timoun ki asosye avèk gang yo, yo arete san enkilpasyon, pafwa pou plizyè ane, dwe abòde yon jan ijan, ki gen ladan repriz pwosedi jidisyè mobil yo. Anplis, otorite yo ta dwe remèt aktè sivil pwoteksyon timoun yo timoun ki te nan CERMICOL pou plis pase sis mwa san enkilpasyon yo, timoun ki asosye avèk gang ki pa t komèt krim vyolans yo, ak timoun ki anba laj 14 ane – laj minimòm responsablite kriminel ki rekòmande pa Komite sou Dwa Timoun yo.

Yon pwosesis global dezameman, demobilizasyon, ak reentegrasyon ap nesèsè pou timoun yo pou anpeche yon jenerasyon an antye tigason ak tifi rive pèdi ak rekreye yon nouvo sik vyolans. Sa a gen ladan founisman divès resous pou kreyasyon divès sant tranzit ak reyabilite.

Yon repons kowòdone ap nesèsè tou pou reponn ak monte vyolans seksyèl ki lye ak gang lan. Yon pwogramasyon sanite konplè ki pran an kont retablisman fizik ak sikolojik sivivan yo menm jan ak asistans jiridik efikas se konpozan kle repons sa ki dwe elabore avèk sipò eta ak òganis donatè yo.

Otorite Ayisyen yo dwe kreye yon anviwònman sekirite pou timoun yo. Sa mande pou kontwole sikilasyon masiv zamafè yo an Ayiti. Li gen ladan tou ranfòsman kapasite Polis Nasyonal Ayisyen an epi asire ke nenpòt fòs entènasyonal ki ap bay sipò sekirite yo priyorize tou pwoteksyon timoun ak opere nan yon fason transparan, responsab ak konfòm ak dwa moun. Antretan, tout peyi yo dwe sispann fòse depòte Ayisyen yo toutotan kanpay laterè gang yo ak kriz pi laj dwa moun yo ap kontinye.

Konba kont enpinite a ap egalman esansyèl pou kontni espiral ensekirite a epi enspire konfyans nan sistèm ak enstitisyon jidisyèl peyi a. Nan imedyata, gouvènman ayisyen an, avèk sipò patnè entènasyonal yo, ta dwe konkretize angajman li pou kreye divès chanm jidisyèl espesyalize pou pouswiv abi ak vyolasyon grav dwa moun ki gen ladan yo vyolans seksyèl, pami lòt krim yo.

Timoun ke Amnisti Entènasyonal te fè entèvyou avèk yo te pataje swè yo ak rèv yo pou kontinye edikasyon yo epi vin divès manm pwodiktif nan kominote pa yo. Plizyè nan yo te di ke lavi yo te kapab chanje pou pi bon e ke sitiyasyon orifik y ap viv la pa ta dwe defini avni yo. Li lè pou otorite ayisyen yo ak kominote entènasyonal la satisfè aspirasyon timoun sa yo, olye pou yo agrave abi gang yo komèt yo. Ekspresyon vid enkyetid ki soti nan kominote entènasyonal la pa ase – Ayiti bezwen asistans ijan ak dirab pou pwoteje timoun yo kont atak san pitye gang yo sou timoun ak pou anpeche repriz nouvo sik vyolans yo.

METODOLOJI

Rapò sa a baze sou rechèch ki fèt ant Me ak Oktòb 2024 ki konsantre sou enpak vyolans gang sou timoun an Ayiti. Delege Amnisti Entènasyonal yo te mennen divès entèvyou ak divès vizit sou sit nan Pòtoprens kapital Ayisyen an soti 16 rive 27 Septanm 2024. Vyolasyon ak abi kont timoun yo te dokimante nan komin swivan yo nan Depatman Lwès la: Pòtoprens, Site Solèy, Taba, Kwadèboukè, Delma, Kafou, Kenskòf ak Gresye.

Majorite abi yo resanse ki rive an 2024 dat kote vyolans pa gang ame yo te rive nan nivo san parèy. Yo te dokimante tou divès ka anblematik ki montre tandans abi yo remonte an 2023. Kad jiridik prensipal ki aplike nan rapò sa se lwa entènasyonal sou dwa moun. Nan moman piblikasyon rapò sa a, sityasyon an Ayiti pa konsidere kòm yon konfli ame.

An total, pandan dewoulman rechèch sa a, Amnisti Entènasyonal te fè entèvyou avèk 112 moun, ki gen ladan yo 80 moun pandan vizit la nan Pòtoprens. Rechèch sou teren an enkli entèvyou gen ladan l 51 timoun (31 tifi ak 20 ti gason) pou dokimante eksperyans yo ap viv nan mitan vyolans gang lan. Laj timoun yo sòti nan 10 a 17 ane. Anplis de sa, yon jènfi ki gen 18 tan, ki te siviv yon atak manm gang yo lè li te gen 16 an, te patisipe nan entèvyou a tou. Chèchè yo te fè entèvyou avèk 15 paran ak de (2) frè ak sè timoun sa yo epi avèk lòt timoun ke vyolans lan te afekte yo ke Amnisti Entènasyonal pa t kapab fè entèvyou dirèkteman avèk yo akòz laj yo ak kapasite pou bay konsantman.

Nan rapò sa a, “timoun” ak “timoun yo” ap itilize pou refere tout moun ki gen mwens pase 18 ane, koyeran avèk lwa entènasyonal la. Laj referans moun k ap reponn nan entèvyou yo se sa yo genyen pandan entèvyou a. Konfòmman avèk direktiv Amnisti Entènasyonal yo sou kesyon fè entèvyou avèk timoun, chèchè yo te mennen divès entèvyou fòmèl avèk timoun ki te gen 10 ane ak plis, lè n konsidere risk ak limitasyon ki genyen nan fè entèvyou avèk timoun ki pi piti yo. Chèchè yo te gen divès echanj enfòmèl avèk timoun ki gen mwens pase 10 ane, tankou pandan y ap fè entèvyou avèk paran yo oswa travayè imanitè yo, epi yo te resanse atravè entèvyou avèk divès lòt temwen plizyè abi ak vyolasyon kont timoun ki gen pi piti pase 10 ane.

Amnisti Entènasyonal te asire enklizyon timoun ki gen andikap yo nan rechèch la, nan resanse eksperyans 11 timoun (senk ti gason ak sis tifi) ki gen plizyè andikap. Pami 11 timoun ki andikape yo, yo te fè entèvyou dirèkteman avèk nèf, epi sityasyon lòt de (2) yo te resanse atravè entèvyou avèk paran yo. De te vin genyen yon andikap fizik aprè vyolans gang.

Entèvyou yo te fèt an kreyòl ayisyen ak fransè atravè entèpretasyon. Yo te sitou fè yo youn pa youn, avèk yon fokal sou konfidansyalite. Pafwa, manm fanmi yo te prezan sou demann timoun lan oswa paran an, apre yo te fin garanti konsantman tou de.

Amnisti Entènasyonal te enfòm moun ki t ap reponn nan entèvyou yo sou nati ak objektif rechèch la, konsa tou sou ki jan yo ta pral itilize enfòmasyon yo. Yo te jwenn konsantman oral nan tout ka yo. Yo te di moun ki t ap reponn yo ke yo te kapab fini entèvyou a nenpòt ki lè oswa pran yon ti poz epi te kapab chwazi pa reponn divès kesyon espesifik.

Lè yo t ap fè entèvyou avèk timoun yo, Amnisti Entènasyonal te pran prekosyon pou eseye evite re-twomatize yo. Otank posib, delege yo kite timoun yo gide konvèsasyon an, e detanzantan yo te mande yo si yo te vle kontinye, pran yon poz lè timoun yo te prezante siy detès. Delege yo te veye tou pou entèvyou yo fini sou divès sijè pi pozitif, tankou sa yo vle fè lè yo vin gran.

Pa t gen okenn rekonpans ki te ofri pou yo pale. Amnisti Entènasyonal te kouvri depans transpò ak rafrechisman pou repondan yo, anpil nan yo ki te vwayaje long distans te soti nan katye pòv, ki aflije pa vyolans pou rankontre chèchè yo. Lè nou konsidere chemen oryantasyon ki twò limite an Ayiti, chèchè yo te

kolabore avèk yon kantite ONG nan zafè dwa timoun an Ayiti ak divès gwoup kominote pou idantifye ak kontakte timoun y ap kesyone yo pou asire ke moun y ap kesyone yo benefisye kèk fòm soutyen minimal.

Amnisti Entènasyonal ta renmen remèsye avèk senserite gwoup Ayisyen ki te ofri ekspètiz yo ak divès koneksyon epi kolaborasyon yo te garanti pèspektiv pou antreprann rechèch sa nan yon fason etik. Chèchè yo te kesyone 10 reprezantan ONG sa yo, konsa tou twa reprezantan nan yon sèl gwoup ak de enstitisyon ki bay sèvis ak sipò pou moun ki gen andikap yo, pou yo kapab bay pwennvi yo epi dokimante enpak vyolans lan sou operasyon yo ak timoun y ap sipòte yo.

Repondan yo te gen ladan yo 17 reprezantan ONG entènasyonal ak ajans Nasyonzi ak biwo k ap travay sou kesyon pwoteksyon timoun. Chèchè yo te kesyone senk responsab gouvènman yo ki gen manda sa a, ki gen ladan yo reprezantan ki soti nan ajans pwoteksyon timoun lan *Institut du Bien Être Social et de Recherches* (IBESR); Brigad Polis Nasyonal d Ayiti pou Pwoteksyon Minè yo (BPM); Direktè Administrasyon Penitansye a (DAP) ak Ministè Jistis la. Entèvyou sa yo te fèt an anglè ak an fransè ki te fèt atravè entèpretasyon. Entèvyou avèk senk reprezantan kat (4) gwoup imanità ak defans ki baze Etazini k ap opere an Ayiti ak yon enstiti entènasyonal ki bay ekspètiz teknik sou pwoteksyon timoun te fèt an anglè.

Amnisti Entènasyonal te vizite *Centre de Rééducation des Mineurs en Conflit avec la Loi* (CERMICOL). Chèchè yo te obsève kondisyon yo nan kèk katye, kesyone de ti gason yo te arete la, te pale avèk divès otorite ak divès lòt moun ki gen konesans nan sitiyan an, epi te egzaminen rapò lokal ak entènasyonal yo sou dwa moun konsènan sant lan.

Delege òganizasyon yo te vizite tou de (2) sit deplasman nan Pòtoprens ki enstale nan etablisman edikatif swivan yo: *Lycée Marie Jeanne* ak *Faculté de Linguistique Appliquée*. Chèchè yo te obsève kondisyon lavi nan sit yo epi yo te kesyone twa manm nan komite yo ki reprezante moun ki deplase k ap viv la.

Amnisti Entènasyonal te kenbe non yo epi idantifye detay sou timoun yo ak paran yo te kesyone yo pou garanti sekirite yo kont reprezay, tankou pou vi prive yo. Non otorite yo, travayè imanità yo ak lòt moun ke yo te kesyone yo pa t rive dewale akoz plizyè rezon, tankou demann dirèk yo, pou rezon sekirite, paske yo pa t gen otorizasyon pou fè deklarasyon piblik, oswa asire kapasite pou fè travay yo san kontrent.

Chèchè Amnisti Entènasyonal yo te jwenn divès dokiman ofisyèl epi te egzaminen lwa ki gen rapò ak pwoteksyon timoun. Chèchè yo te egzamine tou divès rapò pa plizyè ajans ak reprezantan Nasyonzi, Gwoup ekspè sou Ayiti ke Konsèy Sekirite Nasyonzi an te etabli, divès gwoup entènasyonal ak lokal nan defans dwa moun, divès piblikasyon sou rezo sosyal pa antite ofisyèl yo ak divès lòt, ansanm avèk divès repòtaj sou kriz Ayisyen lan ki pibliye pa divès medya kredib pandan kat dènye ane yo.

Anplis de sa, Amnisti Entènasyonal te egzamine piblikasyon ak videyo divès lidè gang sou rezo sosyal yo ak lòt dokiman nimerik ki montre timoun ke vyolans gang lan te afekte. Rapò a depann de yon analiz ki soti nan Kò Verifikasyon Nimerik (Digital Verification Corps, DVC) Amnisti Entènasyonal, yon rezo volontè ki resevwa fòmasyon nan verifikasyon rezo sosyal, pou egzaminen ak analize plizyè douzèn videyo ak imaj sous ouvri. DVC te analize 29 videyo ak yon imaj soti 2023 a 2024 ki lye ak enpak vyolans gang sou timoun yo nan Pòtoprens.

Dokiman analize pa DVC yo gen ladan yo kontni itilizatè yo jenere menm jan pou kontni ke medya lokal ak entènasyonal yo pibliye. Nan kèk videyo, yo te fè referans eksplisiman a laj timoun yo, ki gen ladan yo timoun ki endike pou kont yo laj yo. Nan lòt ka, chèf gang yo te fè referans ak enplikasyon timoun yo, pa egzanp. Nan ka kote laj la pa t mansyone eksplisiman, yon detèminasyon rezonab ke moun yo te anba laj 18 ane te fèt pa divès endikatè vizyèl nan devlopman fizik, ki gen ladan yo karakteristik ki apwopriye ak laj tankou wotè, kòpilans ak estrikti vizaj.

Ekspè zamafe Amnisti Entènasyonal la te fè yon analiz videyo ak imaj sous ouvri, ki gen ladan yo idantifikasyon sèten tip zam gang yo itilize. Yo te itilize yon analiz imaj satelit pou jeolokalize videyo rezo sosyal yo menm jan pou vizyalize ak konfime kèk atak a gran echèl ak chema vyolans gang yo.

Nan rapò a, sèten ensidan yo atribiye a gang espesifik baze sou temwayaj divès temwen nan ka kote yo te konnen otè yo oubyen gang ki t ap kontwòle zòn lan, menm jan tou lè yo baze sou rapò sous ouvri ak enfòmasyon yo jwenn nan gwoup kominote yo ak ONG yo. Nan yon ka, sivivan an te kwè ke otè yo te fè pati yon sèten gang lè li baze sou kouvèti medyatik konsènan atak la nan katye li a pa gang sa a; fòmilasyon nan rapò sa selon li menm ke asayan yo te fè pati "petèt" nan gang sa refilete sa a.

Nan 18 Desanm 2024, Amnisti Entènasyonal te ekri kabinè Premye Minis la, Alix Didier Fils-Aimé, ki prezante yon rezime sou konklizyon li yo ak demann enfòmasyon. Nou pa t resevwa okenn repons nan moman piblikasyon an.



An 2024, gang ame yo te entansifye atak yo nan zòn metwopolitèn Pòtoprens ak anviwon li yo, nan pran kontwòl divès zòn adisyonèl epi ranfòse anpriz yo sou kominote yo. © Amnisti Entènasyonal



Moun k ap kouri aprè manm gang ki t ap eseye sezi yon kamyon sitèn dyèzèl te tire yon katouch ki lakoz kamyon an eksploze, Pòtoprens, 4 Jen 2024.
© Guerinault Louis / Anadolu atravè Imaj Getty

**“MWEN SE YON TIMOUN, POUKISA SA TE RIVE MWEN?”
ATAK GANG YO SOU ANFANS TIMOUN YO AN AYITI**

Amnisti Entènasyonal

1. FÈ ISTORIK

Depi asasina prezidan Ayisyen an, Jovenel Moïse, nan mwa jiyè 2021 an, vyolans gang ame yo pa t sispann entansifye, nan atenn nivo li pa t janm atenn avan nan kòmansman 2024 la.¹ Pandan plizyè ane, divès douzèn gang t ap simen kawo nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan, nan livre tèt yo nan divès gè pou teritwa, atake popilasyon an ak afebli otorite gouvènman nan yon enpinite absolü.² Pandan ke fòs polis la ap redwi e ke ensekirite ap renye nan divès katye kapital la,³ Konsèy Sekirite Nasyonzi an te otorize yon fòs sekirite miltinasyon ke Kenya ap dirije nan mwa Oktòb 2023 a.⁴

VYOLANS SAN RETE AK KRIZ POLITIK

Nan yon repons aparant a otorizasyon iminan Misyon Sipò Pou Sekirite Miltinasyon (Multinational Security Support Mission, MSS), de kowalisyon gang prensipal yo – G9 ak G-Pèp – te anonse yon trèv ki pa dire lontan nan mwa Septanm 2023 epi te etabli vagman yon alyans kad yo konnen sou non *Viv Ansanm*, oswa ki ap viv ansanm.⁵ Gang yo answit te entansifye atak yo sou popilasyon an ak enstalasyon gouvènman yo, nan elaji teritwa yo epi defye dirèkteman Premye Minis lan – alò chèf leta defakto depi asasina Moïse – pou fòse men li kanpe deplwaman fòs entènasyon la.⁶

An fevriye 2024, alyans gang yo te mennen yon seri atak kowòdone sou kapital la. Se te yon moman makan ki te motive yon atasyon renouvle nan kominote entènasyon la, pandan divès komisarya t ap boule, prizon kraze, divès katye te asyeje epi koupe ak sèvis esansyèl yo, epi kapital la te konplètman paralizè.⁷ Gang yo te asyeje prensipal pò peyi a epi te menm tante sezi ayewopò a.⁸ Nan mwa mas 2024, alòske Premye Minis Ariel Henry, ki te fè fas a divès apèl pou li demisyone, yo te fòse li rete deyò peyi a aprè divès vizit diplomatik ki te gen ladan yo Kenya.⁹

Apati de moman sa a, Nasyonzi te rapòte ke gang yo te gen kontwòl omwen 80% nan kapital la.¹⁰ Nan 24 avril 2024, Premye Minis Henry te demisyone, epi inogire yon konsèy tranzisyon.¹¹ Peyi ki soti nan Kominote Karayib la oswa CARICOM, anplis Etazini, Kanada ak divès lòt, te jwe yon wòl kle nan ankouraje gwoup

¹ AP, "Vyolans gang yo atenn nivo san presedan an Ayiti, anwaye Nasyonzi an di", 25 Janvyè 2024, <https://tinyurl.com/mtbd9av3>;

Reuters, "Chèf dwa moun Nasyonzi an deplore 'anplè san presedan' nan vyolasyon dwa moun an Ayiti", 2 Avril 2024, <https://tinyurl.com/y77cfbpb>; UN, "Vyolans mòtèl an Ayiti atenn yon nivo rekò, kèk senaryo ki pi movèz yo vin kounye a reyalyite, reprezantan espesyal la di Konsèy Sekirite a, ki egzòte yon deplwaman misyon sipò", 22 Avril 2024, <https://tinyurl.com/cez4sy7h>

² Wo Komisè Nasyonzi pou Dwa Moun, Rapò: *Sitiyasyon dwa moun an Ayiti*, 25 Septanm 2023, UN Doc. A/HRC/54/79, para 31.

³ Reuters, "fòs polis Ayiti a redwi akòz de kriz gang lan - sendika", 22 janvyè 2024, <https://tinyurl.com/3thu9h19>; Jounal New York Times, "Lapolis Ayiti ap 'mande èd' nan batay kont gang san pitye", 3 Me 2024, <https://tinyurl.com/ychruck3>

⁴ Nasyonzi, "Konsèy Sekirite a otorize Misyon Sipò Sekirite Miltinasyon pou Ayiti pou yon peryòd inisyal yon ane, ak 13 vòt an favè sa avèk 2 abstansyon", 2 Oktòb 2023, <https://tinyurl.com/y2btz3kk>; Konsèy Sekirite Nasyonzi (UN Security Council, UNSC), Rezolisyon 2699 (2023), adopte 2 Oktòb 2023, UN Doc. S/RES/2699. Nan mwa Septanm 2024, konsèy la te pwolonje manda fòs la pou yon lòt ane. UNSC, Rezolisyon 2751 (2024), adopte 30 Septanm 2024, UN Doc. S/RES/2751.

⁵ Gwoup sou Kesyon Kriz Entènasyon (International Crisis Group, ICG), *Gang Ayiti yo: Èske Yon Misyon Etranje ka Kraze Anpriz Yo?*, 5 Janvyè 2024, <https://tinyurl.com/epiucdev>

⁶ ICG, *gang Ayiti yo* (te deja site).

⁷ ICG, "Èske yon nouvo Gouvènman Pral Anpeche Ayiti Koule Plis?", 21 Mas 2024, <https://tinyurl.com/4em2b2kz>

⁸ CNN, "Gang yo ap dirije kapital Ayiti a. Gen kèk ki di ke yo pare pou ranvèse gouvènman an tou", 5 Mas 2024, <https://tinyurl.com/yymajm5t>

⁹ AP, "Premye minis Ayiti bloke deyò peyi li epi fè fas ak presyon pou demisyone", 8 Mas 2024, <https://tinyurl.com/5n84xm8a>; AP, "Ayisyen yo ap demele yo pou yo siviv, chèche manje, dlo ak sekirite pandan vyolans gang lan ap toufe kapital la", 21 Avril 2024, <https://tinyurl.com/buy8wvxh>

¹⁰ Nouvèl ONI, "Kriz Ayiti: Chèf Nasyonzi fè apèl pou 'aksyon ijan' pou mete fen nan ensekirite ranpant", 5 Mas 2024, <https://tinyurl.com/2tnuczmf>;

Komisyon Entè-Ameriken sou Dwa Moun (IACHR), "IACHR kondane pou eskalad vyolans ak atak pa gwoup ame yo an Ayiti", 7 Mas 2024, <https://tinyurl.com/bdemmtph>; Nasyonzi, "Fè timoun yo tounen lekòl nan yon Ayiti ki ravaje avèk gang k ap touye moun", 7 Avril 2024, <https://tinyurl.com/3zacpa3e>

¹¹ BBC, PM Ayiti a, Ariel Henry, demisyone pandan konsèy tranzisyonèl la prete sèman, 25 Avril 2024, <https://tinyurl.com/486x6vau>; AP, "Avèk laperez ak espwa, Ayiti byen akeyi nouvo konsèy gouvènman an pandan peyi ki ravaje avèk gang ap ap chèche lapè", 25 Avril 2024, <https://tinyurl.com/2x7bwhz4>

politik yo ki te nan enpas pou yo reyini ak pou redije yon fèydeyout pou yon tranzisyon politik.¹² Alafen, apre tantativ san siksè, Konsèy Prezidansyèl Tranzisyonèl la te nome Gary Conille kòm Premye Minis.¹³

Conille ak konsèy tranzisyonèl la te anonse nouvo kabinè a nan mitan mwa Jen 2024.¹⁴ Nan fen mwa sa a, premye kontenjan polisye Kenyen yo te ateri an Ayiti.¹⁵ Sepandan, nan fen 2024 la, divès mwa aprè kòmansman deplwaman an, sèlman 400 polis Kenyen yo te deplwaye, avèk kontribisyon minè ki soti nan lòt peyi rejyonal yo.¹⁶ Gwoup dwa moun ayisyen ak entènasyonal yo, ki gen ladan yo Amnisti Entènasyonal, te ogmante enkyetid sou absans aparant garanti dwa moun nan estrikti opak fòs la, espesyalman lè n konsidere istwa twoublan peyi a avèk entèvasyon entènasyonal yo.¹⁷

Nan mwa Novanm 2024, nan mitan ensekirite a ki vin pi grav,¹⁸ Tranzisyon politik peyi a te vin ankò pi difisil, tansyon ant Konsèy Prezidansyèl Tranzisyon an ak Premye Minis Conille te lakòz revokasyon li.¹⁹ Konsèy la te nome Alix Didier Fils-Aimé antan ke nouvo premye minis epi li te pwosede ak nominasyon yon nouvo kabinè.²⁰ Eskalad vyolans lan te rive nan somè li ak fèmte prensipal ayewopò entènasyonal la pou dezyèm fwa nan yon ane apwè ke gang yo te tire sou twa avyon.²¹

Polis Nasyonal Ayiti a te kontinye fè fas ak divès defi e ak divès limitasyon konsiderab, ki gen ladan yo diminisyon efektivite yo, mank pèsònèl espesyalize ak ensifisans ekipman ak resous yo.²² Polis la ap fè fas avèk difikilte sa yo pandan ke enstalasyon yo ak manm fòs yo rete yon sib privilejye gang yo e ke atrisyon pami fòs la rete elve. Nan mi-2024, fòs polis la te konte anviwon 12000 manm, yon pèt ki plis pase 1000 depi nan kòmansman ane sa a,²³ avèk aksè ak tout 20 veyikil blennde k ap fonksyone yo.²⁴ An reyalyte, ekspè Nasyonzini yo afime ke pwisans gang yo depase byen lwen pa lapolis.²⁵

KRIZ IMANITÈ

Pandan tan sa, gang yo t ap kontinye kanpay terè yo a, boule rapyetè katye yo epi deplase yon gran kantite popilasyon. Nan yon peyi ki te deja an kriz avèk yon enfliasyon k ap galope epi yon kriz ekonomik pi laj, yon kriz imanità vin agrave malgre yon soutyen entènasyonal minimal.²⁶ Yo estime ke 5.5 milyon moun, swa aprepre mwaye nan popilasyon Ayiti a, mande yon asistans imanità.²⁷

¹² ICG, "Ayiti: Yon Nouvo Gouvènman ap Fè Fas a Gang yo", 23 Me 2024, <https://tinyurl.com/4485z8ad>

¹³ AP, "Konsèy tranzisyonèl an Ayiti a chwazi nouvo premye minis pou yon peyi anba syèj gang yo", 28 Me 2024, <https://tinyurl.com/y82rsrbh>; Miami Herald, "Yon ekspè Nasyonzini, ansyen premye minis la nome pou dirije gouvènman tranzisyonèl Ayiti a", 28 Me 2024, <https://tinyurl.com/mmi87zaj>

¹⁴ AP, "Konsèy tranzisyonèl Ayiti a nonmen yon nouvo Kabinè ki gen responsablite dirije yon peyi k ap ravaje pa divès gang", 13 Jen 2024, <https://tinyurl.com/msv77pdv>; Miami Herald, "Yon paj tounen anba grif yon kriz, epi akeyi ofisyèlman yon nouvo gouvènman", 13 Jen 2024, <https://tinyurl.com/4zmajb8n>

¹⁵ AP, "Yon kontenjan polisye etranje ke ONU ap soutni rive an Ayiti pandan ke fòs Kenya ap dirije a ap prepare pou fè fas ak gang yo", 25 Jen 2024, <https://tinyurl.com/bdcax78m>; Reuters, "Premye Minis Ayiti a pwomèt pou pran kontwòl peyi a avèk rive premye polisye Kenyan yo", 27 Jen 2024, <https://tinyurl.com/2ftd62n7>

¹⁶ Kontribisyon a yon fòs solid 2500-gason ke plizyè peyi te pwomèt inisyelman. AP, "ONU pwolonje fòs Kenya ap dirije a pou konbat gang yo an Ayiti, men rele an kouli pou prezans Kas Ble ONU yo", 30 Septanm 2024, <https://tinyurl.com/yckb239s>; ICG, "Ap Evalye Agiman yo an favè Yon Nouvèl Misyon Mentyen Lapè An Ayiti", 1 Novanm 2024, <https://tinyurl.com/2pe65f4r>. Yon 200 polisye Kenyan anplis te rive an Janvyè 2025. Reuters, "Kenya voye yon lòt 200 polis pou goumen ak gang yo an Ayiti", 18 Janvyè 2025, <https://tinyurl.com/ms38xfsj>

¹⁷ Amnisti Entènasyonal, "Ayiti: garanti dwa moun ak transparans dwe gide deplwaman misyon sekirite a" (Endèks: AMR 36/8084/2024), 4 Jen 2024, <https://tinyurl.com/bdcw3kam>; Nouvèl Imanità, "Ayiti an pwofondè: Dis kesyon kle pandan ke lapolis Kenya yo ap deplwaye pou retabli lòd", 26 Jen 2024, <https://tinyurl.com/4nfh9fhe>. Gade tou Amnisti Entènasyonal, "kas ble ONU yo - 'zewo tolerans' vle di pa pwoteje vyolè yo", 20 Out 2015, <https://tinyurl.com/569jbsxr>

¹⁸ New York Times, "Ayiti: Se pa yon retou nan pwen depa a – li pi mal", 13 Novanm 2024, <https://tinyurl.com/dkzn9b39>; AP, "Divès rezidan an mas kouri kite kay yo nan kapital Ayiti a pandan gang yo ap entansifye vyolans lan", 14 Novanm 2024, <https://tinyurl.com/39577vrv>; El Pais, "Gang ame yo anonse 'nouvo batay' an Ayiti apre revokasyon premye minis lan", 12 Novanm 2024, <https://tinyurl.com/3tyrfr78>

¹⁹ Miami Herald, "Konsèy gouvènman Ayiti a deside revoke premye minis lan, sa ki mete tranzisyon Etazini ap sipòte a an danje", 10 Novanm 2024, <https://tinyurl.com/cm4kw4vp>

²⁰ AP, "Ayiti ranplase premye minis li a, sa ki make plis boulvèsman nan pwosesis tranzisyon demokratik li a", 10 Novanm 2024, <https://tinyurl.com/2h65d4dn>; Kominote Karayib la, "Deklarasyon Ki soti nan Kominote Karayib la (CARICOM) sou pwosesis gouvènans tranzisyon ankou an Ayiti", 14 Novanm 2024, <https://tinyurl.com/bddmkv44>

²¹ AP, "Ayiti mande tèt li kisa pwochèn etap la pral ye pandan vyolans gang yo ap entansifye e ke volonte mentyen lapè ONU echwe", 24 Novanm 2024, <https://tinyurl.com/44s9zx9b>; AP, "Prensipal ayewopò entènasyonal Ayiti a reouvri yon mwa aprè katouch gang yo te fòse li fèmen", 11 Desanm 2024, <https://tinyurl.com/yv5bapt>

²² Sekretè Jeneral Nasyonzini (UN-Secretary General, UNSG), Rapò, 27 Jen 2024, UN Doc. S/2024/508, paras 22-24.

²³ UNSG, Rapò, 27 Jen 2024 (deja site), para 24.

²⁴ Wo Komisè Nasyonzini pou Dwa Moun, Rapò: *Sitiyasyon Dwa Moun an Ayiti*, 26 Septanm 2024, UN Doc. A/HRC/57/41, para 27.

²⁵ Gade, pa egzanp, UN News, "Ayiti: Gang yo gen 'plis pwisans pase lapolis', 4 Avril 2024, <https://tinyurl.com/2vrb7c9>

²¹⁸ Swadizan "relasyon" sa yo fonde sou eksplwatasyon, avèk tifi yo ki souvan gen yon ti kras oubyen pa gen pouvwa ditou.

²¹⁹ Amnisti Entènasyonon pa rekonèt patisipasyon timoun yo nan zak sèks komèsyal kòm travay seksyèl ki sanksyone nan fason òganizasyon an wè patisipasyon adilt ki konsanti yo. Nan kontèks sa a, yo konsidere timoun yo kòm viktim eksplwatasyon seksyèl. Amnisti Entènasyonon, *Règleman sou obligasyon leta pou respekte, pwoteje ak satisfè dwa moun travayè seksyèl yo* (Endèks: POL 3040622016), 26 Me 2016, <https://tinyurl.com/m7s72n2e>, pp. 3-4.

²²⁰ Jan sa te deja mansyone, Pwotokòl Palermo a mande pou twa eleman swivan yo dwe satisfè pou granmoun yo dwe konsidere kòm viktim trafik: 1) yon aksyon, tankou "rekrutman an, transpò, transfè, ebèjman oubyen akèy yon moun" 2) yo te mennen li pa yon mwayen patikilyè tankou "menas oswa itilizasyon fòs oswa lòt fòm presyon, kidnapin, desepsyon, abi otorite oswa nan yon pozisyon frajilite" 3) "nan bi eksplwatasyon", ki gen ladan l esklavaj oswa pratik ki sanble ak esklavaj. Sèlman eleman aksyon yo ak finalite yo ki rekòmande pou etabli trafik pou timoun yo, paske yo pa kapab konsanti ak eksplwatasyon ki anvizaje a. Pwotokòl Palermo, Atik 3(a), (b), (c).

²²¹ Konvansyon ILO 182 (Pi Move Fòm Travay), Atik 3(b) ak 6(1).

²²² Entèvyou an pèsòn, 20 Septanm 2024, Pòtoprens'. Li pat konnen ki gang li te fè pati, men li te di 5 Segonn se gang ki kontwole zòn lan.

²²³ Entèvyou an pèsòn, 20 Septanm 2024, Pòtoprens'.

²²⁴ Entèvyou an pèsòn, 20 Septanm 2024, Pòtoprens'.

²²⁵ Entèvyou an pèsòn, 20 Septanm 2024, Pòtoprens'.

²²⁶ Entèvyou an pèsòn, 19 Septanm 2024, Pòtoprens'.

Mwen te di l mwen te vle kite avèk li men li pa t ap kite sa rive," selon sa li te di.²²⁷ Premye fwa, li te kriye epi te sipliye li epi te di se pa te chwali pou l antre nan gang. Okòmansman, tifi a te dakò pou l rete nan relasyon an, men li te chanje lide apre kèk mwa.²²⁸ Li te eseye mete fen nan sa avèk misye ankò, epi donk ti dam lan te vin aprann li ansent. Se la menas yo te kòmanse, selon sa ti dam lan te di, tankou misye konn di l ap touye tidam lan si li pa t kenbe gwosès la.²²⁹

Li te eseye men pa t reyisi fè yon avòtman an sekirite avèk èd manman li.²³⁰ Misye te fòse l fè sèks avèk li pafwa jiskaske ti dam lan te fè yon jan pou mete fen nan relasyon an. Zak entimidasyon l yo te gen ladan yo pwente zam li sou ti dam lan ak yon zanmi gason depi li te wè yo ap mache ansanm. "Kounye a, mwen rete lakay... Mwen ta renmen akouche bebe m lan san danje. E apre sa mwen vle viv yon lòt kote," li te di.²³¹

Yon tifi 16 ane k ap viv nan yon zòn ki anba kontwòl 5 Segonn te dekri bay Amnisti Entènasyonal kòman li te kòmanse patisipe nan sèks komèsyal avèk manm gang yo apre li te konn viv divès peryòd repete san manje, tankou, li te di, "yon semèn an antye mwen pa t kapab manje oubyen bay pitit mwen an manje".²³² Li te jwenn rekou nan koutize yon manm gang pou "pwoteksyon", men jan temwayaj li montre sa, swadizan pwoteksyon sa te rann li pi vilnerab a plis abi ak eksplwatasyon.²³³ Li toujou avèk li nan moman entèvyou a, li te di li te konn pafwa ba li lajan, men souvan bat li epi menase li "tankou yon bèt".²³⁴ Li te esplike lè manm gang yo rele li, li te oblije reponn. Li te di:

Nan sitiasyon sa a, mwen pa genyen chwa. Si yo di vini isit la, epi mwen pa vini, yo wè sa kòm derespektan. Y ap tire sou ou... menm si yo konnen mwen renmen avèk yon moun. Yo ban mwen lajan si yo vle... Y ap chwazi ou men ou pa janm konnen si y ap peye ou... Yo te chwazi mwen plizyè fwa. Yo toujou gen zam... Sa ka rive twa oubyen kat fwa pa semèn. Yo wè ou epi yo di, 'An n ale.' Si ou refize, yo frape ou avèk yon zam. Mwen te eseye. Yo te kapab tire mwen yon jou. Yo mete men sou ou epi yo choute ou. Gen kèk ki peye. Gen kèk ki pa fè sa... Yo ba ou 1500 goud [11,40 USD] oswa 1000 goud [7,60 USD] - ase pou nourri ti bebe a epi achte sandal ak abiye.²³⁵

Patisipe nan fè sèks komèsyal avèk manm gang yo pa te premye eksperyans li avèk vyolans seksyèl ki gen rapò ak gang. Nan 2021, yo te vyole pa senk manm nan 5 Segonn pandan yon atak pa gang nan zòn li an.²³⁶ Fanmi li pa t gen mwayen pou kouri epi yon nwit, apre yo te fin pase plizyè jou anfèmen nan kay la, li te sòti pou al chache manje. Yon manm gang te di li kanpe epi te tire yon bal anlè. Yo te mennen l nan yon kay kote yo te bat li epi yo te vyole l.²³⁷ "Après sa, yo pouse m desann mach eskalye yo epi yo di m soti la. Li te trè difisil pou mwen leve... Yo te di m 'Poukisa nou pa tire ou pito?' Mwen te fè efò pou m pati."²³⁸ Se konsa li te vin ansent.

Yon lòt tifi yo te eksplwate nan sèks komèsyal te di, "Nou te kòmanse fè bagay nou pa t sipoze fè pou bay tèt nou manje."²³⁹ Ti dam lan te esplike ke li menm ak lòt fanm nan fanmi an te jwenn presyon nan men yon gwoup manm gang ki te vini nan kay yo a. Tidam 17 ane a te ajoute:

Pafwa yo ban nou 2500 goud [19 USD], nou pran li pou n bay tèt nou manje. Gen kèk nan yo ki pa agresif, men pifò nan yo vrèman agresif. Yo konn di tou fache, 'Mwen ba ou lajan... ou dwe fè sèks avèk mwen... Pafwa yo fòse m fè sèks avèk yo... Si yo pa peye, mwen jis fè li epi bay vag paske mwen pè yo... Lè mwen pa vle fè sèks avèk yo, yo itilize zam pou ban m presyon... Yo pwente yon zam sou tèt mwen plizyè fwa... Kèk nan yo, lè mwen mande yo pou itilize yon kapòt, yo tande mwen, men kèk nan yo lè mwen mande sa, yo refize epi... pafwa yo bat mwen.²⁴⁰

VYOLANS SEKSYÈL NAN SIT DEPLASMAN YO

Avèk divès dizèn milye moun ki te deplase akòz vyolans gang ki anpile nan plizyè anviwònman fòtin, ki gen ladan yo lekòl ak lòt batiman gouvènmantral yo nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan, risk vyolans seksyèl

²²⁷ Entèvyou an pèsòn, 19 Septanm 2024, Pòtoprens.

²²⁸ Entèvyou an pèsòn, 19 Septanm 2024, Pòtoprens.

²²⁹ Entèvyou an pèsòn, 19 Septanm 2024, Pòtoprens.

²³⁰ Li te vizibleman mal alèz pandan entèvyou a epi te esplike ke li te vin gen doule pandan kèk tan depi li te rate tantativ avòtman an.

²³¹ Entèvyou an pèsòn, 19 Septanm 2024, Pòtoprens.

²³² Entèvyou an pèsòn, 23 Septanm 2024, Pòtoprens.

²³³ Entèvyou an pèsòn, 23 Septanm 2024, Pòtoprens.

²³⁴ Entèvyou an pèsòn, 23 Septanm 2024, Pòtoprens.

²³⁵ Entèvyou an pèsòn, 23 Septanm 2024, Pòtoprens.

²³⁶ Entèvyou an pèsòn, 23 Septanm 2024, Pòtoprens.

²³⁷ Entèvyou an pèsòn, 23 Septanm 2024, Pòtoprens.

²³⁸ Entèvyou an pèsòn, 23 Septanm 2024, Pòtoprens.

²³⁹ Entèvyou an pèsòn, 23 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁴⁰ Entèvyou an pèsòn, 23 Septanm 2024, Pòtoprens.

anplis nan sit sa yo vin yon preyokipasyon majè. Divès travayè imanité ak tifi ki te deplase te menm deklare bay Amnisti Entènasyonal ke moun sa yo ki te kouri akòz de anpriz gang yo nan zòn yo pa t jwenn okenn soulajman nan kan yo ki pa an sekirite.

Divès gwoup fanm ak timoun te deklare ke yo sot viv diferan sityasyon vyolans seksyèl nan anviwònman kan yo, ki gen ladan yo vyòl nan men rezidan kan yo epi, pafwa, manm komite kan ki gen responsabilite sit la.²⁴¹ Fanm ak tifi ki deplase yo, yo menm tou, pafwa yo eksplwate yo seksyèlman an echanj asistans, oubyen pou jwenn aksè a twalèt yo, selon sa yon ajan imanité te di,²⁴² yon bagay Nasyonziini te resanse tou.²⁴³

Chèchè Amnisti Entènasyonal yo te obsève dabò mank absolwi vi prive ak kondisyon foul la nan de sit deplasman yo te vizite. Chanm ki ouvri byen laj san pòt ak sal benyen san kouvri, ke travayè imanité yo te di ki komen nan lòt kan yo egalman, sa ki kite tifi yo vin pi ekspoze.²⁴⁴

Yon tifi 14 ane te sibi vyòl nan mitan 2024 la andedan yon sit deplasman an plennè nan yon zòn ki anba kontwòl lapolis, selon sa manman tifi a te di.²⁴⁵ Tifi a te di Amnisti Entènasyonal li te sòti nan tant fanmi an, kote li te rezide pandan plizyè ane, pou al chache dlo pou kont li lannwit, lè twa mesye te kòmanse rele li. "Mwen te di yo, 'Mwen pa konnen nou. Poukisa w ap rele m?' Mwen te ale andedan [estasyon dlo a], pa t gen okenn lòt moun. Yo te vyole m la," selon sa li te di.²⁴⁶ Mesye yo - ki gen figi yo te kouvri - pa te gen okenn zam.

"Yo te di m yo te konn wè mwen epi yo te konnen kote m [rete], ke si mwen pa t fè sa, mwen pral gen pwoblèm avèk yo... Youn nan yo te gen yon gwo kouto... Li te pwente li sou mwen... Mwen te pè epi kite yo fè sa yo te vle ... Yo te pase men m yo [dèyè do m]... youn te kontwole men m yo, lòt yo se pye mwen... twa nan yo [fè sa youn dèyè lòt], selon sa tifi a te di.²⁴⁷ Li pa t di sa ak manman li jiska yon mwa pita. Fanmi an kontinye viv nan kan an.

Yon lòt tifi ki gen 14 ane te di Amnisti Entènasyonal yon manm komite kan te vyole li nan mwa me 2024 pa yon sit deplasman enstale nan yon lekòl.²⁴⁸ Fanmi tifi a te deplase soti Kafou-Fèy aprè yon atak gang nan zòn lan. Nan kan an, li te dòmi akote yon manm fanmi li nan yon chanm ki te ranpli avèk anpil lòt moun ki te deplase, gen ladan l yon manm komite kan an. Li te dekri sa k te pase nan lannwit atak la, li te di: "Mwen te ale andedan. Li te vrèman fènwa. Pa gen okenn limyè. Se sèlman lajounen ou kapab wè... tout moun te dòmi eksepte li menm, [manm komite a]."²⁴⁹ Li te di ke li te retounen nan kabann li pou yon ti tan epi manm komite a te mande li poukisa li pa t ap dòmi. Nan yon moman, tifi a te tandè yon bagay tankou bwi yon sprey epi te kòmanse santi li diferan, li te di.²⁵⁰ Li te santi li vin etoudi epi apre sa li te santi yon moun k ap touche li. Li te di ke li te eseye reveye manm fanmi an ki te kouche akote li epi li te rele non lòt moun yo nan sal la, men pèsoun pa reveye.²⁵¹

Lè li te leve nan maten, kolan li te mete anba wòb li "pa t nan fason yo te sipoze ye", selon sa li te di.²⁵² Li te santi doulè nan vajen li epi li te gen difikilte pou l mache. Lè manm komite kan sa a te wè l ap kriye, li te mande l ki pwoblèm li te genyen, epi li te di li sa. Li te ajoute: "Li te di m, 'Mwen pral di ou yon bagay si ou p ap di okenn moun sa... Èske ou te santi yon moun manyen ou? Se te mwen. Si mwen eksplike ou sa a, pa di pèsòn, oswa m ap touye ou, oswa fè ou disparèt."²⁵³ Apre sa, misye te di l tidam lan li te vyole li avèk dwèt li,²⁵⁴ Se sa k fè li te gen doulè e pa t gen okenn rezon pou l kriye. Lè fanmi l te dekouvri sa k te pase a, yo te rapòte l bay lapolis e mesye a te jwenn arestasyon epi l ap fè fas ak pwosedi legal yo.²⁵⁵ Tifi a te oblije deplase soti nan kan an pou ale nan yonabri tanporè; manm fanmi li te rete dèyè.²⁵⁶

²⁴¹ Manm komite yo souvan pwoklame tèt yo pou kont yo. Se pa yon antite k ap sipèvizè kan an ki te ba yo travay la men yo se manm kominote ki pran responsabilite a.

²⁴² Entèvyou pa apèl videyo avèk yon reprezantan ONG Ayisyen feminis ki aksantye sou dwa fanm ak tifi yo, 4 Septanm 2024.

²⁴³ Gade, pa egzanzp, UN News, "Ayiti: Fanm deplase yo ap fè fas ak yon "nivo ensèkirite ak vyolans seksyèl 'san parèy'" (deja site).

²⁴⁴ Yon tifi ki gen 17 ane k ap viv nan yon sit deplasman nan Pòtoprens, pa egzanzp, te di Amnisti Entènasyonal kijan tifi ak fanm yo dwe benyen nan yon zòn ki ekspoze e ke gason yo konn monte nan yon pwen obsèvasyon ki tèlman elve ke yo konn menm pran foto medam yo lè y ap benyen. Entèvyou an pèsòn, 24 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁴⁵ Entèvyou an pèsòn, 25 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁴⁶ Entèvyou an pèsòn, 25 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁴⁷ Entèvyou an pèsòn, 25 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁴⁸ Entèvyou an pèsòn, 25 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁴⁹ Entèvyou an pèsòn, 25 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁵⁰ Entèvyou an pèsòn, 25 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁵¹ Entèvyou an pèsòn, 25 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁵² Entèvyou an pèsòn, 25 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁵³ Entèvyou an pèsòn, 25 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁵⁴ Vyòl avèk dwèt enplike penetrasyon vajen an oubyen twou dèy a avèk youn oubyen plis dwèt.

²⁵⁵ Tifi a ak manman li te montre delege Amnisti Entènasyonal yo rapò medikal ak polis la sou asèlman an. Sou fichye bò kote Amnisti.

²⁵⁶ Entèvyou an pèsòn, 25 Septanm 2024, Pòtoprens.



Chèchè Amnisti Entènasyon yo te obsève mank entimite ak kondisyon sipopilasyon an nan de (2) sit depasman yo te vizite an Septanm 2024. Chanm ki ouvri byen laj ak espas pou benyen yo ki pa kouvri, kote travay imanitè yo te di ke se yon bagay ki komen nan lòt kan yo tou, sa ki rann tifi yo ekspoze. © Amnisti Entènasyon

ESTIGMATIZASYON AK LAPERÈZ

Tifi ki sivivan yo te pale de kalvè y ap pase, de konba yo kont estigmatizasyon ki asosye avèk vyolans seksyèl ak rejè yo nan kominote a nan sans laj, epi, pafwa, nan pwòp fanmi yo tou. Jan yo te detaye nan temwayaj anwo yo, plizyè ekspri laperèz sou posibilite pou gen nouvell atak manm gang yo, ki gen ladan yo otè ki kontinye rezide nan menm zòn yo. Ti fi ki te patisipe nan "relasyon" ak sèks komèsyal avèk manm gang yo te di tou ke yo enkyete sou sekirite yo ak ki jan sosyete a wè yo.

Yon tifi ki gen 14 an ke senk manm gang te vyole nan Jen 2024 nan komin Kwadèbouke toupre yon sit depasman kote li rete avèk manman te di lòt moun nan kominote a te chanje fason yo kominike avèk li.²⁵⁷ "Yo pa trete m menm jan an apre sa ki te pase a. Yo pa alèz avè mwen. Yo panse ke m te atrape sida oswa mwen ansent. Yo rete lwen m ak manman m," selon sa li te di.²⁵⁸

Tifi a ki gen 17 ane ki sòti Kafou-Fèy ki te sove nan kay ki t ap abize l la kote li te yon travayè domestik ale nan yon kan depasman aprè gang te vyole li te di li te kache lòt moun yo nan kan kòman li te vin ansent.²⁵⁹ "Si yo konnen, yo pral moke mwen," selon sa li te di.²⁶⁰

Tifi ansent ki gen 16 ane ki te deplase a, yo te vyole nan Mas 2024 aprè li te retounen nan Kafou-Fèy pou pran bagay li te di: "Yo trete m yon fason diferan kounye a... Sa te lakòz mwen rete andedan an. Mwen pa jwenn lè fre... Yo trete mwen mal nan kan an ... Manman m te di, 'Mwen te fè ase pou ba ou levasyon, men kounye a, mwen dwe pran swen yon pitit youn nan voryen yo?'"²⁶¹

Tifi a ki gen 17 ane ki te kite avèk patnè li aprè li te aprann li se yon manm gang te di ke pwòp manman li vin wont pou li epi te mande li pou l kite kay la lè tifi a te dekouvri li te ansent.²⁶² Li te di tou li te pè pou moun k ap chache aktivman moun ki gen tout asosyasyon avèk gang yo pa pran foto l:

²⁵⁷ Entèvyou an pèsòn, 18 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁵⁸ Entèvyou an pèsòn, 18 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁵⁹ Entèvyou an pèsòn, 18 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁶⁰ Entèvyou an pèsòn, 18 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁶¹ Entèvyou an pèsòn, 24 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁶² Entèvyou an pèsòn, 19 Septanm 2024, Pòtoprens.

Mwen tèlman pè ke yon moun ki ta pran foto mwen epi pataje li sou rezo sosyal yo epi di mwen se yon fanm yon manm gang... mwen pa pè mouri. Men, mwen pè mouri nan sityasyon sa a mwen ye a, paske yon moun ki ansent yon pitit yon manm gang... mwen prefere mouri pou yon lòt rezon, pa poutèt sa.²⁶³

Krent pou yo pa pran foto a fè eko nan ka yon lòt tifi, ki mansyone nan chapit avan an, ki konn fè travay domestik ak livrezon pou Ti Bwa, epi li pè pou yo pa rekonèt li sou rezo sosyal yo.

Jèn fanm ki gen 18 ane ke yo te vyole nan yon atak Matisan an 2023 lè li te gen 16 ane te di apa de menas reprezay akòz de l ap viv nan zòn gang yo ap kontwole, yo sipoze souvan ke tout tifi k ap viv nan zòn sa yo konn enplike nan relasyon seksyèl avèk manm gang yo.²⁶⁴ Sa lakoz menm plis perèz ak lawont. Li te di:

Li difisil pou yo ale yon lòt kote... Yo konn di w bagay tankou, 'Men rèn lan ap vini', sa vle di ou konn nan konfyolo avèk manm gang yo. [Moun] kapab di [nan ki zòn] ou soti toudepan de ki direksyon ou soti. Mwen t ap mache bò estad la... epi yon moun te di, 'Men mennaj yon manm gang.'²⁶⁵

Non sèlman sa te blese l paske an reyalyte li pa nan yon "relasyon" avèk yon manm gang, men tou akòz kèk grenn mwa ki te pase aprè manm gang 5 Segonn te vyole li, selon sa li te di.²⁶⁶

AKSÈ ENSIFIZAN NAN SÈVIS SWEN SANTE YO

Tifi ki sibi vyolans seksyèl pa manm gang yo – ki gen ladan yo ka vyòl kolektif ki fèt souvan – bezwen swen sante ki wotman espesyalize.²⁶⁷ Sèvis Sante yo tradisyonèlman toujou gen twòp moun an Ayiti, epi vyolans gang lan te antrave plis aksè ak sèvis yo pou plizyè rezon, ki gen ladan yo ensekirite ki limite depasman popilasyon an ak atak sou enstalasyon medikal yo.²⁶⁸ Pa egzanp, nan moman ki pi terib atak gang yo an 2024, Nasyonziini te di sis pami 10 lopital nan Pòtoprens te prèske pa fonksyone.²⁶⁹ Plis pase mwaye nan sivivan vyòl Amnisti Entènasyonal te kesyone te resevwa swen medikal, men prèske tout nan yo jwenn aksè ak li nan ONG entènasyonal ak lokal yo.

Vyòl manm gang yo komèt yo kite tifi yo vilnerab pou yo trape enfeksyon seksyèlman transmisib (IST yo). Yon kantite tifi Amnisti Entènasyonal te kesyone te deklare yo te vrèman atrape enfeksyon ki transmèt seksyèlman yo (IST) aprè zak vyòl la. Gwosès san planifikasyon ki soti nan vyolans seksyèl gang yo komèt te kite medam yo tou ap fè fas ak divès risk sante majè, ki gen ladan yo konplikasyon obstetrik paske kò tifi yo pa ko devlope pou bay nesans epi yo dwe chèche rekou ak divès metòd avòtman danjere. Tifi Amnisti Entènasyonal te kesyone yo te di menm si yo jwenn aksè ak sèvis sante yo aprè yo te sibi agresyon an, plizyè baryè – ki gen ladan yo ensekirite ak kontrent finansye – te anpeche yo jwenn aksè dirab ak sèvis sa yo.²⁷⁰

Tifi a ki gen 17 ane ki sòti nan Matisan ki t ap eseye avòte gwosès san planifye li a aprè li te aprann ke patnè li a te yon manm gang te deklare ke li te pwemye ale jwenn yon gerisè tradisyonèl ki te ba li yon bagay pou vale, ki te lakoz li t ap bay san epi pa t rive pèdi gwosès la.²⁷¹ Li te kontinye gen doulè pandan plizyè mwa epi te finalman wè yon doktè. "Mwen wè yon doktè epi mwen fè ekografi epi achte medikaman, men mwen pa gen ase lajan pou fè tout bagay mwen bezwen fè. Gen plizyè tès mwen bezwen fè ke mwen poko fè."²⁷²

Aksè a sèvis sante mantal yo ak sipò siko-sosyal la enpòtan anpil pou sivivan vyolans seksyèl yo. Leta yo gen yon obligasyon pou yo respekte, pwoteje ak satisfè dwa pi bon eta sante fizik ak mantal posib.²⁷³ Sa rekòmande pou garanti disponiblite, aksesibilite, karaktè abòdab ak akseptabilite enstalasyon sante kalite,

²⁶³ Entèvyou an pèsòn, 19 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁶⁴ Entèvyou an pèsòn, 19 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁶⁵ Entèvyou an pèsòn, 19 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁶⁶ Entèvyou an pèsòn, 19 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁶⁷ Ayiti gen yon obligasyon pou asire reyalyasyon dwa ak pi bon eta sante fizik ak mantal, ki egzije, pami lòt bagay yo, pou enstalasyon swen sante, byen ak sèvis yo disponib an kantite sifizan, pou yo aksesib ak tout moun san diskriminasyon, ak pou yo nan bon kalite. Pak Entènasyonal Sou Dwa Ekonomik, Sosyal ak Kiltirèl (International Covenant on Economic, Social and Cultural Rights, ICESCR), Atik 12; Komite Nasyonziini sou Dwa Ekonomik, Sosyal ak Kiltirèl (CESCR), Kòmantè Jeneral 14: Dwa a Pi Bon Eta Sante Posib (Atik 12), 11 Out 2000, UN Doc. E/C.12/2000/4, para. 12.

²⁶⁸ Entèvyou pa apèl videyo ak yon reprezantan nan yon ONG medikal entènasyonal, 10 Jiyè 2024. Gade tou Arens Jean Ricardo Medeus ak lòt moun yo, "Enpak vyolans gang an Ayiti sou apwovizyonman swen sante ak fòmasyon medikal", Out 2024, The Lancet, Volim 36, <https://tinyurl.com/4vf7zsc6>; UN News, "Sistèm sante ayisyen an paralize nan kapital Ayisyen an", 28 Jen 2024, <https://tinyurl.com/mse9c9nv>; AP, "Sistèm sante Ayisyen toupre efondremman pandan ke medikaman yo ap fini, gang yo ap atake lopital yo epi pò yo rete fèmen", 23 Avril 2024, <https://tinyurl.com/3ukzac3p>; Doktè San Fwontyè / Médecins Sans Frontières (MSF), "Atak sou fòs anbilans yo, aktivite yo kanpe nan sant ijans Pòtoprens", 15 Desanm 2023, <https://tinyurl.com/bsuk8mf8>; MSF, "Ayiti: Kòman vyolans lan afekte sante ak ajan swen sante yo", 10 Avril 2024, <https://tinyurl.com/454xztv5>

²⁶⁹ UNICEF, "Vyolans lan choke sistèm sante an deklèn Ayiti a", 22 Me 2024, <https://tinyurl.com/49enaby4>. Gade tou, Wo Komisè Nasyonziini pou Dwa Moun, *Sityasyon dwa moun an Ayiti*, 26 Septanm 2024 (te site deja), para. 21.

²⁷⁰ Entèvyou an pèsòn yo, 18-25 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁷¹ Entèvyou an pèsòn, 19 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁷² Entèvyou an pèsòn, 19 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁷³ ICESCR, Atik 12.

byen ak sèvis yo, ki gen ladan yo tretman ak swen sante mantal.²⁷⁴ Li mande tou pou rekonèt ak abòde wol detèminan pou sante yo - ki gen ladan l detèminan sosyal, ekonomik ak anviwòm mantal yo - kòm kle pou yon bon sante mantal ak byennèt.²⁷⁵ Kòm nan plizyè lòt peyi ki gen ti revni fèb, an Ayiti menm nan pi bon sikonstans yo, sèvis sa yo te vrèman trè limite, malgre prezans plan gouvènman yo ki angaje pou founi yo.²⁷⁶

Anpil nan sivivan vyòl Amnisti Entènasyonal te kesyone yo te deklare ke yo pa t gen aksè a sèvis sa yo e a sipò, men gen kèk ki te di ke yo te wè konseye nan enstalasyon sante yo apre yo te resevwa swen medikal oswa nan sit depلاسman kote ONG yo te bay kèk swen pou sivivan yo.²⁷⁷ Menm nan sikonstans ki pi difisil yo, gouvènman – pa ONG yo – ki gen responsabiltè an premye pou garanti reyalizasyon estanda debaz minimòm nan dwa a sante.²⁷⁸

Li te klè nan chèchè Amnisti Entènasyonal la ke ONG entènasyonal ak lokal yo te demisyone nan ranpli kèk nan espas yo ak efò egzès bay kèk nivo sipò siko-sosyal nan enstalasyon medikal ak nan sit depلاسman. Men sèvis sa yo pa ka rete lajman konte sou gwoup sosyete sivil yo epi yo bezwen pwogrese siyifikativman, ki gen ladan asire dispozisyon ki nan plis swen espesyalize ak koz nivo kriz la. Anplis de sa, jan sa toujou pwouve nan tan pase pou kriz ki menm jan, gouvènman yo ak patnè entènasyonal yo, ki gen ladan aktè imanitè ak devlopman, dwe asire ke sèvis sa yo bay alontèm garanti swen etik ak dirab.²⁷⁹

BARYÈ JISTIS

Jan sa mansyone pi wo a, gen stigma enpòtan ki asosye ak vyolans seksyèl. Menm jan an tou, jan sa detaye nan kèk nan temwayaj yo, krent pou reprezante manm gang yo saliyen, sa anpeche sivivan yo ale devan lapolis. Absans lapolis nan zòn gang yo kontwòle vle di ke sivivan yo tou senpleman pa te gen pèsòn pou yo al jwenn, e yo te pè ke otorite yo ta fini pa asosye yo ak gang yo. Kontrent finansye ak enpinite ranpant nan peyi a se pami konsiderasyon ke sivivan yo dwe lite kont yo tou.

"Si panse sou ale kote lapolis, mwen se yon moun ki mouri," sa ke tifi ki gen 16 zan ki soti nan Matisan epi ki eksplwate nan fè sèks komèsyal ak manm gang te di.²⁸⁰ Ti fi a ki gen 16 zan ki te kanpe nan Matisan pa manm gang ki te kontinye manyen kò li epi bat li nan mwa jen 2024 te di: "Mwen te pè di lapolis. Mwen pa t vle yo panse ke mwen te yon mennaj yon manm gang."²⁸¹

Nan anpil ka, ti fi yo tou senpleman pa t kapab idantifye atakè yo ki atake yo, yon pwoblèm ke plizyè ti fi site ki anpeche yo rapòte atak yo. Nan vas majorite ka yo dokimante pa Amnisti Entènasyonal, manm gang yo te mete mask pandan y ap atake ti fi yo. Ti fi a ki gen 17 tan ki te vyole ak epi tonbe ansent pa senk manm gang nan Kafou-Feuilles nan mwa desanm 2023 te di: "Mwen te vle rapòte li bay lapolis, men mwen pa t vle [asayan yo] figi, mwen pa gen okenn prèv. Se konsa, mwen te bay vag ... Mwen pè pou lapolis ta mande m si m te wè [atakè yo], e m pa t wè yo, si m konnen yo, e m pa t fè sa."²⁸²

Ti fi ki gen 14 zan ki te vyole pa senk manm gang nan mwa jen 2024 nan komin nan Kwadèbouke te di ke tout moun nan fanmi li te pèdi nenpòt fòm idantifikasyon oswa dokiman apwè ke gang lan te atake kay fanmi li a atè.²⁸³ Kat idantifikasyon nou yo boule nan kay la. Nou pa gen okenn dokiman idantifikasyon (IDs) pou

²⁷⁴ CESCR, Kòmantè Jeneral 14, para. 12 ak 17.

²⁷⁵ CESCR, Kòmantè Jeneral 14, para 4 ak 11,

²⁷⁶ OHCHR ak BINUH, *Vyolans seksyèl nan Pòtoprens* (te deja site), para 76; Òganizasyon Mondyal Lasante (OMS), "Pwofil Peyi 2020 Atlas Sante Mantal: Ayiti", 15 Avril 2022, <https://tinyurl.com/4ukp3h3j>

Komisyon Lancet sou Sante Mantal Global ak Devlopman Dirab ki kreye avèk objektif pou rekadre priyòtizasyon sante mantal nan kontèks pou atenn Objektif Devlopman Dirab, te rekonèt ke peyi ki nan tout nivo revni yo alwe yon pwopòsyon byen enferyè nan bidjè sante pa yo a sante mantal pase sa ki nesèsè. Nan rapò istorik 2018 li a, li te rekòmande pou, an jeneral, peyi ki gen fèb mwayen revni yo dwe ogmante alokasyon sante mantal yo pou pi piti 5% nan bidjè sante pa yo. Gade Vikram Patel ak lòt moun yo, "Komisyon Lancet sou devlopman sante mantal ak dirab", *The Lancet*, 9 Oktòb 2018, Vol. 392, Pwoblèm 10157, pp 1553-1598, <https://tinyurl.com/yxpebnn>

²⁷⁷ Entèvyou an pèsòn yo, 18-25 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁷⁸ CESCR, Kòmantè Jeneral 3: Nati Obligasyon Pati Eta yo (Atik 2.1), 14 Desanm 1990, UN Doc. E/1991/23, para 11 ak 12; CESCR, Kòmantè Jeneral 14, para 43(a), 44(a). Pati nan ICESCR yo gen yon obligasyon pou pran divès mezi alafwa "endividyèlman ak atravè asistans ak kooperasyon entènasyonal" pou reyalize pwogresivman dwa ki enonse nan alyans lan. ICESCR, Atik 2(1), 22, 23. Divès dispozisyon ki sanble sou asistans entènasyonal kodifye tou nan Konvansyon sou Dwa Timoun (Atik 4), ak Konvansyon sou Dwa Moun ki Andikape (Atik 4(2) ak 32). Deklarasyon ak angajman entènasyonal yo, ki gen ladan yo Deklarasyon Vyèn 1993 ak Pwogram Aksyon epi Deklarasyon 1986 sou Dwa a Devlopman te afime tou enpòtan asistans ak kooperasyon entènasyonal, ki souliye ko-responsabiltè kominote entènasyonal la nan fè respekte dwa moun yo. Gade tou kòmantè jeneral swivan yo pa òganis trete yo: CESCR, Kòmantè Jeneral 2: Mezi Asistans Teknik Entènasyonal yo (Atik 22), 2 Fevriye 1990, UN Doc. ²⁷⁸ Komite sou Dwa Timoun yo, Kòmantè Jeneral 3 1990/23 (te site deja), Kòmantè Jeneral 4: Sante ak Devlopman nan yon kontèks Konvansyon sou Dwa Timoun nan, 1 jiyè 2003, UN Doc. CRC/GC/2003/4, para 43.

²⁷⁹ Gade, pou egzanp, Amnisti Entènasyonal, "Yo bliye sou nou": *Enpak sante mantal alontèm nan lagè ak Ebola nan Sierra Leone* (Endèks: AFR 51/4095/2021), 25 May 2021, <https://tinyurl.com/yxke7faz>

²⁸⁰ Li pa janm rapòte tou kadejak 2021 pa 5 manm Segondè lè li te gen 13 zan. Entèvyou an pèsòn, 23 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁸¹ Entèvyou an pèsòn, 20 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁸² Entèvyou an pèsòn, 18 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁸³ Entèvyou an pèsòn, 18 Septanm 2024, Pòtoprens.

ale nan lapolis. Li difisil. Nou te abandone," li te di.²⁸⁴ Plizyè entèvyou te di Amnisti Entènasyon yo pèdi tout byen yo, ki gen ladan kat idantifikasyon ak lòt dokiman enpòtan, lè yo te kouri pou agresyon gang yo nan zòn yo.

Pou anpil entèvyou, nosyon pou ale nan lapolis te soti nan kesyon an akòz absans absoli pèsònèl lalwa nan zòn gang yo kontwole yo. Anpil moun te pè lide pou rapòte atak yo bay otorite yo. Ti fi a ki gen 16 zan ki te kidnape epi vyole pa gang nan Matisan nan 2023, epi ankò agrese seksyèlman pa yon manm gang nan Fontamara nan 2024, te di:

Èske ou serye? Li pa posib [pou rapòte atak yo nan lapolis]... Pa gen okenn lapolis ... Sèl chèf nan vil la se manm gang yo. Si ou gen yon pwoblèm ak yon moun, ou dwe ale wè [lidè gang lan] epi rezoud pwoblèm nan avè l'. Li se sèl chèf. Pa gen okenn ofisye polis nan vil la kounye a. Yo te pouse yo deyò. Epi menm ofisye polis sa yo ki toujou la, yo pa kapab fè anyen pou nou paske y ap travay avèk manm gang yo. Si ou wè yon ofisye polis nan vil la kounye a, pa genyen rezon pou w gaspiye tan w epi pale avèk li, paske l ap travay avèk manm gang yo.²⁸⁵

Nan sèlman youn nan ka Amnisti Entènasyon resanse yo, sivivan vyolans seksyèl la te siyale atak la bay lapolis. Men menm nan ka sa a, manman tifi a te di fanmi an te oblije peye kantite lajan egzòbitan bay avoka a ki te reprezante yo nan fè swivi pou pwosedi legal yo. "Tout lajan mwen te ale nan avoka a pou ka sa a... Pafwa mwen prete lajan pou mwen ka peye li. Yo pa t ban mwen yon avoka [pa leta]," sa ke manman tifi 14 ane a te di, tifi yon manm komite kan an te vyole nan Me 2024 la nan sit deplasman fanmi an te deplase soti nan Kafou-Fèy.²⁸⁶

Li te di ke li te oblije peye avoka a divès kantite lajan nan diferan etap, ki gen ladan yo 15000 goud (114 USD) pou parèt nan tribinal chak fwa akize a parèt.²⁸⁷ Lòt manm komite yo ak rezidan kan yo te konn bay fanmi an presyon pou yo abandone plent yo a epi aksepte yon pèman nan men agresè a, men manman an te refize. Depi lè sa a, manman an te di ke li te eskli nan distribisyon èd yon ONG konn vin livre nan kan an.²⁸⁸ Manman an ak yon pati nan fanmi an te rete nan kan an, men tifi a te demenaje pou ale nan yonabri kote yon ONG ap dirije pou sivivan vyolans seksyèl yo.

Reprezantan Nasyonzi ak ONG yo te di Amnisti Entènasyon ke kantite limiteabri ki egziste yo debòde.²⁸⁹ Yo te di plis enstalasyon ap nesèsè pou resevwa timoun ki se sivivan vyolans seksyèl yo epi founi reyadaptasyon ak swen nesèsè tankou pwoteksyon pandan ak apre pwosedi legal yo.²⁹⁰ Plizyè ajans Nasyonzi ap travay sou efò kowòdinasyon pou genyen yon katografi aktyalize sou sèvis yo ak mwayen oryantasyon, men majorite nan travay yo rete kriyèlman san finansman.²⁹¹

Pi jeneralman, menm jan ak sivivan lòt fòm vyolans gang yo komèt, tifi ki agrese seksyèlman yo afekte pa epinite jeneral ke manm gang yo benefisye.²⁹² Sa ap kontinye fèt malgre egzistans yon kantite inite polis espesyalize pou abòde vyolans seksyèl la ak pou pwoteksyon timoun.²⁹³

Selon lwa ayisyen an, vyòl oswa agresyon seksyèl pini ak 10 ane travay fòse, ki ogmante a 15 ane si viktim nan se yon timoun ki poko gen 15 ane.²⁹⁴ Yon nouvell kòd penal, ki vle di ap antre an vigè nan Jen 2025,²⁹⁵ pral ajoute nouvo sanksyon pou krim ki egziste yo, ki gen ladan yo yon pèn prizon 15- a 20-ane pou vyòl yon timoun ki gen mwens pase 15 ane, menm jan tou nouvo krim yo tankou solisite yon minè pou angaje li nan sèks komèsyal.²⁹⁶

²⁸⁴ Entèvyou an pèsòn, 18 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁸⁵ Entèvyou an pèsòn, 19 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁸⁶ Entèvyou an pèsòn, 25 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁸⁷ Entèvyou an pèsòn, 25 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁸⁸ Entèvyou an pèsòn, 25 Septanm 2024, Pòtoprens.

²⁸⁹ Entèvyou nan apèl videyo, Jen-Septanm 2024.

²⁹⁰ Entèvyou nan apèl videyo, Jen-Septanm 2024.

²⁹¹ Entèvyou nan apèl videyo, Jen-Septanm 2024.

²⁹² Gade, pa egzanp, OHCHR ak BINUH, *Vyolans seksyèl nan Pòtoprens* (te deja site), para. 4, 8, 14, 56, 80.

²⁹³ OHCHR ak BINUH, *Vyolans seksyèl nan Pòtoprens* (te deja site), para ²⁹³Wo Komisè Nasyonzi pou Dwa Moun, *Sitiyasyon dwa moun an Ayiti*, 25 Septanm 2023 (te site avan sa), para 2023. 54.

²⁹⁴ Ayiti, Dekrè ki modifiye rejim agresyon seksyèl ak elimine diskriminasyon kont fanm yo nan zòn sa a, 11 Out 2005, <https://tinyurl.com/3ueevbmy> (an fransè), Atik 2-3.

²⁹⁵ Nouvo kòd kriminèl la sanse ranplase sa ki date depi 1835 lan. Defen Prezidan Jovenel Moïse te pibliye yon dekrè nan Mas 2020 - ki gen detay yo ki te pibliye nan jounal ofisyèl nan Jen menm ane a nan - ki revize Kòd Penal la. Nouvo kòd la sanse t ap antre an vigè 2022. Men, mezi sa te pwovoke yon tole epi antre li an vigè te ranwaye a plizyè repriz. Gade, pa egzanp, Miami Herald, "Legalizasyon avòtman, ak dwa omoseksyèl te fè monte legliz Ayiti yo an kolè, nan kritike prezidan an", 6 Out 2020, <https://tinyurl.com/556k3fmx>; Haiti Libre, "Ranwa kòd penal la", 25 Jen 2024, <https://tinyurl.com/52abex2c>; Le Nouvelliste, « L'entrée en vigueur du nouveau Code pénal repoussée au mois de juin 2025 » ["Aplikasyon Nouvo Kòd Penal la ranwaye pou Jen 2025"], 24 Jen 2024, <https://tinyurl.com/2u2e2zna> (an fransè).

²⁹⁶ Le Moniteur, « Sommaire : Décret Code Pénal » ["Rezime: Dekrè Kòd Penal la"], 24 Jen 2020, <https://tinyurl.com/2ymzbhif> (nan lang fransè), Atik 298(2) ak 384. Gade tou Bibliyotèk Kongrè a, Global Legal Monitor (Obsèvatè Jiridik Mondyal), "Ayiti: Gouvènman an ranwaye

Nan mwa Septanm 2024, otorite Ayisyen yo ak Nasyonzini te sijen yon pwotokòl ki vize pou kreye chanm jidisyè espesyalize pou pouswiv "kriminèl an mas, ki gen ladan vyolans seksyèl ak krim finansye ".²⁹⁷ Otorite Ayisyen yo dwe an ijans bay priyorite operasyon pwotokòl la epi asire ke òganism jidisyè sa yo gen pèsònèl pwofesyonèl ki resevwa fòmasyon pwofesyonèl espesyal pou asiste viktim krim sa yo ak pou yo swiv pwosedi ki santrè sou viktim yo ak enfòmè sou twomatis. Kòm yon kad nan efò yo pou asire pwosesis jidisyè efikas ak swen pou sivivan, otorite yo dwe travay kole kole ak òganizasyon sosyete sivil nasyonal ak entènasyonal ki prezan nan domèn nan e ki te nan premye liy pou ede viktim yo ak fanmi yo.



Manm gang yo, tankou sa yo te pran foto li nan kapital Pòtoprens lan 22 Fevriye 2024, souvan mete mask an piblik. Nan pifò ka Amnisti Entènasyonal yo te dokimante, manm gang yo te mete mask pandan y ap vyole tifi yo, yon pwoblèm ke plizyè tifi te site kòm youn nan rezon ki te anpeche yo rapòte atak yo paske yo pa t kapab idantifye agresè espesifik yo. © Giles Clarke / Imaj Getty

antre an vigè nouvo kòd penal an fòs", 28 July 2022, <https://tinyurl.com/27r5wtp2>: Le Nouvelliste, « Mise au point des auteurs du nouveau Code penal » ["Clarifikasyon otè yo pou nouvo kòd penal"], 22 Jiyè 2020, <https://tinyurl.com/yhmya4v9> (in French).

²⁹⁷BINUH, *Rapò Chak Trimès Jiyè-Septanm 2024* (site deja), p. 11. Mezi sa a te vini apre Ministè Jistis ak Sekirite Piblik te kreye yon ekip nan mwa Jiyè 2024 pou kontwòle ak priyoreze ka vyolans seksyèl yo. Dapre Nasyonzini an, kreyasyon ekip sa a "te lakòz 18 ka vyolans seksyèl yo te jije, ki gen ladan yo de timoun ki enplike. Apre jijman sa yo, douz akize yo te kondane, senk te lage, epi yo te rejte yon ka ". BINUH, *Rapò Trimès Jiyè-Septanm 2024* (site deja), p. 11. Travay ekip sa a te mansyone nan Amnisti Entènasyonal nan yon entèvyou ak yon otorite ministè jistis. Entèvyou an pèsòn, 23 Septanm 2024, Pòtoprens.

"MWEN SE YON TIMOUN, POUKISA SA TE RIVE MWEN?"
ATAK GANG YO SOU ANFANS TIMOUN YO AN AYITI

Amnisti Entènasyonal

4. ASASINAY AK BLESY YO

Vyolans gang te kite yon tras lanmò ak destriksyon atravè zòn metwopolitèn nan Pòtoprens ak rejyon ki antoure yo. Timoun yo te mouri epi yo te blese pandan envazyon katye yo, kòm konsekans bal mawon, pafwa, bal ki tire sou yo dirèkteman. Daprè rapò Sekretè Jeneral Nasyonzi an sou timoun ak konfli ame, Nasyonzi te verifiye ka de 128 timoun yo touye ak 79 lòt ki blese kò yo aprè vyolans gang yo an 2023.²⁹⁸ OHCHR nan Nasyonzi te rapòte omwen 5601 moun yo te tiye epi 2212 moun yo te blese nan vyolans gang an Ayiti an 2024. Kantite timoun pa mi yo pa t rive pibliye nan moman finalizasyon rapò sa a, men avèk figi sa yo ki reprezante yon ogmantasyon 150 moun ki asasine epi 540 blese pa rapò a 2023, kantite timoun ki asasine epi ki blese an 2024 te pwobableman ogmante tou.²⁹⁹

Amnisti entènasyonal te resanse ka 12 timoun ki te blese (10) oswa ki te pèdi lavi yo (2) kòm rezilta vyolans ki gen rapò ak gang ak ensidan ki asosye yo.³⁰⁰ Laj yo te varye ant senk rive nan 17 lane. Gang yo konekte ak ka Amnisti Entènasyonal te resanse ki gen ladan yo Bwouklin, Simon Pele, Belekou, Boston ak Gran Ravin. Omwen de ka ki te enplike echanj katouch ant gang ak lapolis.

Lwa entènasyonal nan sa ki gen rapò ak dwa moun rekonèt dwa a lavi.³⁰¹ Alyans Entènasyonal sou Dwa Sivil ak Politik ak Konvansyon Ameriken sou Dwa Moun tou mande pou yo pa prive pèsòn abitrèman dwa pou viv.³⁰² Anplis, CRC egzije pati leta yo pou garanti "asire nan tout mezi posib sivi ak devlopman timoun lan".³⁰³ Lwa Ayisyen mande leta pou garanti dwa a lavi epi kriminalize asasina.³⁰⁴

KOUT BAL MAWON

Moun yo te kesyone yo te deklare ke vyolans gang lan te vin tèlman yon reyalite chak jou nan plizyè katye ke plizyè fanmi ki gen ladan yo plis pase yon viktim, pafwa menm viktim lan ap fè fas ak plizyè menas. Yon tifi ki gen 14 ane nan Delma te dekri bay Amnisti Entènasyonal kòman yon bal ki rebondi, ke manm gang yo te tire nan atake yon bank toupre kay li a, ki te fini pa pèse vizaj li, antre epi sòti nan lèw siperyè li.³⁰⁵ Tifi a te kanpe nan antre lakay li ansanm ak manman l lè ensidan an te rive nan mwa Septanm 2024.³⁰⁶

Manman tifi a te mennen l lopital kote l te sibi operasyon. "Mwen te tèlman pè antre nan sal operasyon an... Apre m te fin leve, mwen te wè manman m ki t ap kriye anpil. Li te panse mwen pa t ap janm reveye, mwen t ap tou mouri. Lè m te reveye, mwen te santi anpil doule toutotou [bouch mwen]" sa ke li te di, yon sikatris dyagonal vizib ant nen li ak lèw siperyè li.³⁰⁷

"Se pa yon zòn kalm. Gen pwoblèm tout tan. Gen anpil kout zam. Mwen pa ka sipòte kout zam," tifi a te deklare, pandan l ajoute ke frè li ki gen 17 ane te mouri 14 Jen 2024 aprè ke yo te tire li nan vant avèk yon bal mawon nan pandan konba nan zòn lan.³⁰⁸ Pandan kout bal yo nan katye a, ti gason an te di li pa sòti men kite li soti li menm pou pote manje bay yon zanmi k ap viv toupre a. Li te di:

²⁹⁸ UNSG, *Timoun yo ak konfli ame*, 3 Jen 2024 (site deja), para. 73.

²⁹⁹ UN News, "Plis pase 5600 moun ki asasine nan vyolans gang Ayiti an 2024", 7 Janvyè 2025, <https://tinyurl.com/y7224dfv>; Wo Komisè Nasyonzi pou Dwa Moun, *Sitiyasyon dwa moun an Ayiti 25 Mas 2024* (te deja site), para. 18.

³⁰⁰ Yon ka ki date 2023, rès 11 yo te fèt an 2024.

³⁰¹ ICCPR, Atik 6(1); CRC, Atik 6(1); ACHR, Atik 4(1)

³⁰² ICCPR, Atik 6(1); ACHR, Atik 4(1)

³⁰³ CRC, Atik 6(2).

³⁰⁴ Ayiti, *Konstitisyon* (te site avan sa), Atik 19; Ayiti, *Kòd Penal* (deja site), Tit II, Chapit 1, Seksyon 1.

³⁰⁵ Entèvyou an pèsòn, 24 Septanm 2024, Pòtoprens.

³⁰⁶ Entèvyou an pèsòn, 24 Septanm 2024, Pòtoprens.

³⁰⁷ Entèvyou an pèsòn, 24 Septanm 2024, Pòtoprens.

³⁰⁸ Entèvyou an pèsòn, 24 Septanm 2024, Pòtoprens.

Nou te menm [gen difikilte] pou jwenn yon espas pou kenbe kadav frè mwen an avan finerya la... Se tankou mwen te pèdi yon pati nan kò mwen, se tankou mwen te pèdi pi bon zanmi mwen, konseye mwen. Mwen te pèdi yon gwo prezans nan lavi mwen. Depi lè sa a, mwen pa konnen kè kontan, mwen pa vle rete nan zòn lan. Mwen vle ale yon lòt kote... Nou pa ka jwenn manje fasil... Manman m pa gen ase resous, pafwa lè li soti pou vann bagay, li pa tounen ak anyen. Pafwa nou pase tout jounen an san manje, nou ka ale dòmi san manje anyen pandan tout jounen an... Manman m pa gen kliyan ankò; moun yo pè [nan batay] epi yo te kite vil la... Nou pa gen resous pou nou pati.³⁰⁹

An Out 2024, yon ti gason ki gen 17 ane yo te pran nan yon transpò piblik nan periferi Site Solèy sou wout lakay li, soti nan yon seminè sou otonomizasyon jèn yo, lè li te pran kout bal mawon.³¹⁰ Anba doulè ak malèz vizibleman, li te dekri bay Amnisti Entènasyonal ki jan li te kanpe pou chanje machin san li pa t rann kont ke ta pral genyen yon fiziyad apre sa, ke yo te di li pita li twouve li ant gang Simon Pele ak lapolis:

Mwen te santi yon bagay cho sou vant mwen. Mwen te gade anba epi te mwen wè rad mwen wouj ak san... yo te tire sou mwen nan yon kote. [Yon] bal rete kwense. [Doktè yo] pa t kapab retire li... mwen nan yon doulè kritik. Mwen [pral] tounen bò kote doktè a pou opere m ankò pou retire bal la... Mwen pa ka kouri. Mwen pa ka manje anpil... Mwen pa santi m byen ditou. Mwen tandè bri bal epi mwen santi m ap pèdi tèt mwen³¹¹

Gen lòt bal ki te pase toupre mwen, men li pa t konnen yo, sa ke li te di. Se te dezyèm fwa tigason an te blese akòz vyolans ki gen rapò ak gang. Nan mwa Novanm 2021, sou wout li pou tounen gade yon match foutbòl, li te pran yon bal nan bra li nan komin nan Taba. Man gang Bwouklin yo te angaje nan yon fiziyad ki te blese li ak lòt moun, sa ke li te di.³¹²

Nan 1ye Janvyè 2024, yon ti gason 10 ane te touche ak yon bal mawon alaswit de yon goumen ant gang Boston ak Bwouklin yo nan Site Solèy, sa ke yon travayè imanitè te deklare.³¹³ Kominote a te kolekte lajan pou ede avèk pwosedi medikal ti gason an.³¹⁴ Tigason 10 lane a te di Amnisti Entènasyonal li te sou wout li pou al achte glas pou manman li lè li te pran de bal.³¹⁵ Li te di yonn nan bal yo te antre nan zòrèy li, epi yon lòt te rete loje nan tèt li; doktè yo te di li pa ka opere. "Li difisil pou mete sandal. Mwen dwe kite pye m anlè. Yon fwa, mwen te eseye mete sandal mwen, mwen te santi tèt mwen ap vire, epi mwen te tonbe... Depi lè mwen te pran bal la, mwen pa ka mache menm jan ankò," selon sa li te di.³¹⁶ Apre ensidan an, manman li te mennen li lekòl, selon sa li te di, pandan li ap eksplike li te pè pou sa pa agrave blesi li a.³¹⁷

Menm apre gang yo fòme divès alyans oswa konkli divès trèv, rivalite yo pa fin efase konplètman. Evènman ki pi banal yo kapab deklannche vyolans, epi timoun yo fini pa peye pri a. Nan 11 Septanm 2024, lè yon abit nan yon match foutbòl nan Site Solèy akòde yon chout penalite a Boston, ekip lokal la, divès afwontman eklate ant gang katye a ak pa ekip opoze a, Simon Pele, ansanm ak manm gang Belekou yo (tout fè pati alyans G9).³¹⁸

Divès espektatè ak divès pasan ki pa enplike nan kominote a te asasine ak blese. Yon tifi 14 lane ki te soti pou al achte yon bagay pou manman li te di Amnisti Entènasyonal li te pran kat bal – yon sèl te ale nan tete li, de nan avan bra li, epi youn te rete loje nan bra li:

Mwen t ap bay san... Mwen t ap panse ke mwen ta pral mouri... Mwen te kache nan yon bank bòlèt... te gen lòt moun ki te kache la tou... Mwen te rete pou yon moman... Te gen yon moun ki te vlope menm pou kanpe san an... Andedan an, nou te toujou ap tandè manm gang yo k ap goumen epi tire katouch deyò a... Mwen te rele manman m avèk telefòn yon lòt moun... Lè manman m te rive, nou pa t kapab soti. Pita, yon moun te vin nan magazen an epi... te di nou ka ale deyò... Nou te ale lakay nou... Manman m te chanje rad mwen pou m al lopital... Depi lè sa a, mwen pa ale okenn kote ankò, mwen pa

³⁰⁹ Entèvyou an pèsòn, 24 Septanm 2024, Pòtoprens.

³¹⁰ Entèvyou an pèsòn, 22 Septanm 2024, Pòtoprens.

³¹¹ Entèvyou an pèsòn, 22 Septanm 2024, Pòtoprens.

³¹² Entèvyou an pèsòn, 22 Septanm 2024, Pòtoprens.

³¹³ Entèvyou pa apèl vokal, 23 Septanm 2024.

³¹⁴ Entèvyou pa apèl vokal, 23 Septanm 2024.

³¹⁵ Entèvyou an pèsòn, 22 Septanm 2024, Pòtoprens.

³¹⁶ Entèvyou an pèsòn, 22 Septanm 2024, Pòtoprens.

³¹⁷ Entèvyou an pèsòn, 22 Septanm 2024, Pòtoprens.

³¹⁸ AP, "Yon nouvèl vag vyolans eklate nan kapital ayisyèn lan alaswit yon match foutbòl", 13 Septanm, <https://tinyurl.com/2avus25f>; Le Nouvelliste, « Cité Soleil : un penalty contesté provoque une nouvelle guerre des gangs » ["Cité Soleil: Yon sanksyon kontwovèsè deklannche yon lòt gè ant gang yo"], 12 Septanm, <https://tinyurl.com/5n92yv9n> (an franse); Haiti Libre, "Yon match foutbòl deklannche yon gè gang nan Site Solèy", 13 Septanm 2024, <https://tinyurl.com/4dp8km8p>

al wè zanmi... Mwen pa vle yo pran mwen pa sipriz ankò epi pou yo touye mwen nan mitan katouch...
Toutan m ap eseye dòmi, tout bagay ap fè m mal.³¹⁹



Yon tifi 14 ane te dekre bay Amnisti Entènasyonal ke li te touche pa kat bal 11 Septanm 2024 nan moman afwontman gang yo apre yon abit nan yon match foutbòl nan Site Solèy te akòde yon chout penalite ki konteste. © Amnisti Entènasyonal

ATAK DELIBERE YO

Yon taktik komen ki itilize pa gang yo pou pini rezidan nan katye ki anba kontwòl gwoup rival yo se vize popilasyon an avèk kout bal long distans, ke Nasyonzini dekre kòm tirè a gaj, espesyalman nan zòn konteste yo oswa nan fwontyè ki separe yo.³²⁰ Modis operandi (Mòd operasyon) sa te itilize nan plizyè zòn, an patikilye pa gang k ap opere nan Site Solèy.³²¹

Yon tigason ki gen 16 ane ki sòti nan katye Boston nan Site Solèy te di Amnisti Entènasyonal yo te ba l yon bal, 20 Janvyè 2024, se yon nèg ame li pa t remake ke li te refere kòm yon tirè a gaj ki te fè sa, pandan li te nan mache ap achte pwa. Li te rakonte yon dezèm fwa:

Li te tire m nan pye... M te santi janm mwen angoudi. Mwen te eseye kouri avèk apwi sou lòt janm mwen an... Nèg a zam lan te kontinye tire sou mwen. Pandan m t ap eseye kouri, yon chofè motosiklèt te wè m e li te mennen m lopital. Lè m te rive nan lopital la, janm mwen te anfle epi te vin gwo anpil... Doktè a te di, 'Si mwen pa koupe janm ou, w ap mouri.' Manman m te rive lopital la, e li pa t vle doktè koupe janm lan. Men doktè a te ensiste epi li te di si li pa fè sa, m ap mouri. Pandan nou t ap tann desizyon manman m, nan maten, yon movè sant te kòmanse ap soti nan janm mwen. Finalman, manman m te deside kite doktè a koupe l.³²²

Ti gason an - ki gen janm dwat li ki te koupe pi wo jenou li - te di katouch yo soti nan yon pozisyon pèche ke kominote a te vin konnen ke sa soti bò kote gang Bwouklin lan. Nan jou apre yo, gwoup la te kontinye teworize rezidan yo nan zòn tigason an nan tire katouch ki soti nan yon teren pi elve.³²³ Zòn kote li te rete a te kontwòle pa Boston pandan plizyè ane; de gang yo finalman "te fè lapè" pita nan 2024, sa ke ti gason an

³¹⁹ Entèvyou an pèsòn, 22 Septanm 2024, Pòtoprens.

³²⁰ Gade, pa egzanzp, OHCHR ak BINUH, *Popilasyon Site Solèy nan Priz Vyolans Gang*, Fevriye 2023, <https://tinyurl.com/534aaw7r>, para 3, 28, 38, 40, 41, 73, 79; Gwoup Ekspè sou Ayiti, *Rapò pwovizwa 29 Mas 2024* (deja site), para. 49(b); Wo Komisè Nasyonzini pou Dwa Moun, *Sitiyasyon dwa moun an Ayiti*, 25 Mas 2024 (te site avan sa), para. 20.

³²¹ Gade, pa egzanzp, OHCHR ak BINUH, *Popilasyon Site Solèy nan Priz Vyolans Gang* (te deja site).

³²² Entèvyou an pèsòn, 22 Septanm 2024, Pòtoprens.

³²³ Entèvyou an pèsòn, 22 Septanm 2024, Pòtoprens.

te di.³²⁴ Li te ajoute: "Mwen pa konnen poukisa [mesye ki te tire a] te fè mwen sa... Lavi m vin chanje anpil. Mwen te abitye gen anpil zanmi. Nou te konn abitye soti pou n pase tan ansanm, men kounye a, se tankou moun yo pa vle zanmi m ankò... Se tankou yo wè m diferan... Se konsa, mwen jis gade jan y ap jwe avèk telefòn yo epi jwe deyò."³²⁵

Nan kanaj ki genyen nan anvayi katye yo, manm gang yo konn pafwa kraze mi pou antre nan kay yo epi asasine fanmi yo ak zam kole sou yo. Nan mwa Out 2023, manm gang yo ki te anvayi yon kay nan Kafou-Fèy te tiye ak katouch yon mesye epi te blese pitit gason l lan ki te gen 10 ane, sa ke de (2) travayè imanitè te deklare.³²⁶ Papa a te pran bal ant zye li yo devan timoun lan. Amnisti Entènasyonal te rankontre timoun ki te konfime evènman yo epi te montre chèchè yo sikatris sou pwatrin li akòz yon bal li te pran nan vant.



Imaj Satelit 2 Desanm 2024 endike kèk destriksyon nan katye Solino Pòtoprens, yon zòn ki temwen gwo afwontman ant gang yo ak lapolis. Poligòn jòn yo mete aksan sou zòn ki gen gwo domaj ak batiman ki detwi. Lafimen vizib k ap monte nan yon zòn. © 2025 Airbus

LANMÒ AK BLESYÈ ASOSYE YO

Amnisti Entènasyonal te resanse yon kantite ka kote se pa gang yo ki komèt dirèkteman yon lanmò oswa yon blesi, oubyen lòt moun ki angaje nan afwontman avèk yo, men toujou fèt nan evènman ki te asosye avèk vyolans gang yo. Pa egzanp, òganizasyon an te resanse ka kote kat timoun ki te tonbe epi te blese grav pandan yo t ap chape anba vyolans gang. Amnisti Entènasyonal tou te resanse yon ka ki ra kote yon tifi te mouri apre li te fin respire gaz lakrimojèn lè yo te voye yon grenad - ke yo pa sanble te fè espere voye sou li - nan sit depلاسman kote li te rete nan mitan batay deyò a.

An Avril 2024, tifi ki gen sèt ane a te nan yon sit depلاسman ranpli avèk yon foul moun ki enstale nan yon nan lekòl nan kapital la pandan yon grenad te ateri nan lakou a pandan gwo kout bal t ap chante deyò a, selon sa manman tifi a te di.³²⁷ Li te eksplike:

Okenn moun pa t sòti nan lari a jou sa a. Tout bagay te fèmen... Mwen pa t ka respire. Flim t ap soti nan nen pitit mwen an. Plizyè moun t ap eseye ede reyanime li, men yo pa t kapab. Li te byen jiskaske gaz la [grenad la] te lanse andedan an. Mwen te nan yon panik... Nou pa t kapab soti... Nan demen lè nou te kapab la, li te gentan mouri... Anbilans te vini nan maten. Li te mouri nan moman sa a.³²⁸

³²⁴ Entèvyou an pèsòn, 22 Septanm 2024, Pòtoprens.

³²⁵ Entèvyou an pèsòn, 22 Septanm 2024, Pòtoprens.

³²⁶ Entèvyou an pèsòn, 24 Septanm 2024, Pòtoprens; Echanj mesaj tèks, 22 Oktòb 2024.

³²⁷ Entèvyou an pèsòn, 25 Septanm 2024, Pòtoprens.

³²⁸ Entèvyou an pèsòn, 25 Septanm 2024, Pòtoprens. Lanmò ki soti nan respire gaz lakrimojèn yo jeneralman ra. Amnisti Entènasyonal dekouvri istwa sa kredib lè n konsidere yon varyete faktè, ki gen ladan espas ki boure ak moun lan, long peryòd ekspozisyon ak deskripsyon eta ak sentom tifi a te genyen yo. Timoun yo an patikilye nan risk efè segondè gaz lakrimojèn, ki gen ladan l yon ogmantasyon nan pwodiksyon larim ki ta kapab lakoz timoun lan toufe. Gade, pa egzanp, Forbes, "Gaz lakrimojèn espesyalman danjere pou timoun - men poukisa", 28 Novanm 2018, <https://tinyurl.com/3bzzh2hz>; CNN, "Sa a se ki jan gaz lakrimojèn lan afekte timoun yo", 29 Novanm 2018,

Anpil moun nan kan an te afekte pa gaz la, selon sa madam lan te di. Se pa t premye fwa te gen yon afwontman ki eklate deyò a nan pwoksimite sit deplasman an. "Nou te trè pre. Li te trè entelijan... Li te afektyez," sa ke manman an te di de pitit fi l la.³²⁹

Nan mwa Out 2023, Grand Ravine te lanse yon seri de atak notwa sou katye savane Pistache ak Kafou-Feuilles, touye ak blese anpil rezidan ak deplase dè milye.³³⁰ Plizyè moun yo te kesyone te dekri bay Amnisti Entènasyonal kawo yo te viv nan kouri pou vyolans. Yon ti gason ki gen 13 ane ki kounye a ap viv avèk yon doule andikape aprè li te tonbe epi blese nan bò kot li ak nan do li pandan li t ap kouri te di Amnisti Entènasyonal:

Mwen ka deplase yon fason sèten, men lè mwen eseye kouri, mwen pa kapab... Mesye sa yo t ap tire ak boule moun lakay yo. Yo te rive nan katye nou an. Nou te kòmanse kouri. Mwen te tonbe. Manman m te rale [m moute], mwen te kole sou yon pyebwa e m te wè yon pil san k ap koule. Yo te rache moun ak manchèt, e mwen te wè divès kadav... Mwen te toujou kapab kouri apre m te fin tonbe, men mwen te gen doule... Koulye a, mwen plis santi sa sou yon bò.³³¹

Manman tigason an te di li te mennen l lopital la, e li te fè yon premye pati nan tès yo, men li pa t kapab peye ankò pou swen medikal e se konsa ti gason an rete nan doule.³³²

Yon lòt tigason ki t ap kouri pou menm vag atak yo te deklare li t ap kouri avèk manman li ak sè li lè li te tonbe epi te blese byen grav sou hanch li.³³³ Pa konsekan, ti gason 15 ane a gen yon janm ki pi long ke lòt la. Tonbe li te tonbe a te agrave yon blese nan baskèt bòl li te sibi plizyè mwa avan, selon sa li te di.³³⁴

"Jou mwen te tonbe a se yon jou mwen p ap janm bliye paske sa fè nou fè bak anpil. Mwen te kite tout bagay. Nou pèdi anpil bagay. Mwen te pran yon ti pake rad. Depi lè sa a, se yon sèl tenis m ap mete. Nou pa t pran lajan," selon sa li te di.³³⁵ Li te ajoute ke li bezwen yon soulye espesyal pou menm longè janm li yo pou li ka mache pi byen. Li bezwen tou yon operasyon, ke doktè a te deklare sa t ap koute 10000 USD.³³⁶ "Moun konn fawouche mwen, epi mwen pa renmen sa. Mwen deprime. Fason moun yo fawouche li, se tankou m pa yon moun. Mwen te menm konn vle bwè Klowòks [dlo javèl]." selon sa li te di.³³⁷

Entèvyou yo te mete aksan sou anplè perèz k ap reye nan kapital la, nan yon pwèn kote moun yo kòmanse kouri imedyatman yo tandè premye son yon katouch. Yon fanm deplase ki te kouri pou vyolans gang nan Savann Pistach te deklare ke nan Septanm 2024, li te nan sant vil Pòtoprens avèk ti gason senk ane li a pou prete lajan nan men yon zanmi paske yo pa t manje pandan tout jounen an.³³⁸ Afwontman ki eklate ant manm gang yo ak lapolis, selon sa li te di. Lè li te eseye kouri avèk pitit gason li a, ti gason an te tonbe epi yo te mete pye sou li nan yon bouskilad. Lè l te mennen l lopital, yo te dekouvri ke pye goch li kase.³³⁹

Menm zo a nan bra li te apèn geri soti nan yon frakti li te sibi twa mwa oparavan lè li te tonbe nan sit deplasman kote yo rete a. De nan timoun madanm lan, marasa uit ane, yon tigason ak yon tifi, manm gang yo te asasine nan yon atak nan zòn yo a plizyè ane pase.³⁴⁰ "Ou pa konnen ki kote pou w rete anpè an Ayiti," selon sa manman an te di.³⁴¹

<https://tinyurl.com/8aktr4wc>; Craig Rothenberg ak lòt moun, "Gaz lakrimojèn: yon re-evalyasyon epidemiyolojik ak mekanis", Anal Akademik Syans New York, 8 Jiyè 2016, <https://tinyurl.com/32apy8ve>; Amnisti Entènasyonal, Gaz Lakrimojèn: Yon Envestigasyon, <https://teargas.amnesty.org/#top>

³²⁹ Entèvyou an pèsòn, 25 Septanm 2024, Pòtoprens.

³³⁰ Gade, pa egzanp, RNDH, "Ogmantasyon vyolans nan depatman Lwès ak Latibonit: RNDH denonse konplisite CSPN nan", 18 Out 2023, <https://tinyurl.com/3s5japxy>; Le Nouvelliste, « Carrefour-Feuilles: La PNH veut reprendre le contrôle de la situation » ["Tantativ PNH pou restore lòd nan Kafou-Fèy"], 14 Out 2023, <https://tinyurl.com/2j9wjacx> (an fransè); IOM, "Zouti Swiv Ijans (ETT): Mizajou sou deplasman sa yo aprè vyolans nan Kafou-Fèy", 25 Out 2023, <https://tinyurl.com/44jbrizf>

³³¹ Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

³³² Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

³³³ Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

³³⁴ Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

³³⁵ Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

³³⁶ Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

³³⁷ Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

³³⁸ Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

³³⁹ Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

³⁴⁰ Entèvyou pa apèl vokal avèk pi gran pitit fanm lan ki te avèk marasa yo lè yo te asasine, 26 Oktòb 2024.

³⁴¹ Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

"MWEN SE YON TIMOUN, POUKISA SA TE RIVE MWEN?"
ATAK GANG YO SOU ANFANS TIMOUN YO AN AYITI

ZAM AK MINISYON

Gang ann Ayiti yo konn itilize tout yon dividal zam pou komèt abi sou dwa moun. Pa genyen okenn done presi ak detaye, men estimasyon ki pi resan ekspè yo mete kantite zamafe yo an sikilasyon an Ayiti nan 600000.³⁴² Majorite kalib ki pi souvan disponib yo gen ladan yo zam-de-pwen 9x19mm, ak fizi 5,56x45mm e 7,62x39mm, avèk yon demann an ogmantasyon konstant.³⁴³ Gen twa fason prensipal pou gang yo jwenn zamafe ak minisyon: detounman estòk gouvènmantral yo, enpòtasyon ak pwodiksyon atizanal lokal.

Detounman zam fòs lòd yo nan estòk gouvènmantral yo se yon pwoblèm long dat an Ayiti. An 2023, Panèl Ekspè Nasyonizini sou Ayiti te jwenn ke “[a]nt 2012 ak 2023, apeprè 2500 zam polis te deklare pèdi ak volè.”³⁴⁴ Modalite egzakt modèl detounman yo rete enkonni, men nou kapab sipoze san risk ke yon pati enpòtan nan zamafe sa yo rive kaptire oubyen vann (dirèkteman oubyen endirèkteman) bay manm gang yo.³⁴⁵ Galil ACE 22 – yon varyant konpak ki relativman ra nan vèsyon modèn Galil Izrayelyen an ak yon fizi estanda Polis Nasyonal Ayisyen an – se, pa egzanp, yon eleman yo wè souvan pami manm gang ayisyen yo, jan yon analiz ki baze sou yon sous ki louvri pou tout moun montre sa a.³⁴⁶

Enpòtasyon zamafe, ki te entèdi depi 2023 – avèk egzanpsyon gouvènman ayisyen an ak fòs sekirite otorize Nasyonizini yo – selon plizyè rezolisyon Konsèy Sekirite Nasyonizini,³⁴⁷ kontribiyè lajman ak estokaj zam pa gang yo. Akòz de pwoksimitè jewografik li, kontwol limite ak prezans yon dyaspòra Ayisyen enpòtan, Etazini byen lwen, se sous prensipal zam k ap antre nan kontrebann Ayiti.³⁴⁸

Zam orijin Ameriken yo tou rive Ayiti atravè twa peyi, ki gen ladan yo Repiblik Dominikèn ak Jamayik.³⁴⁹ Ladwàn ak Pwoteksyon Fwontyè Etazini te entansifye efò yo pou entèdi ekspedisyon zam soti Etazini (Florid an patikilye) ann Ayiti, sa ki lakòz yon kantite kriz.³⁵⁰ An 2022, Envestigasyon Sekirite Enteryè Miami te bibliye yon sezi fizi pi gwo kalib, tankou Barrett MRAD SMR, Barrett 20" M82A1 ak mitrayèt lou M2,³⁵¹ tout fèt pou tire lwen epi kont sib ki blennde, sa ki fè pè ke gang yo te tante jwenn zam ki pi pwisan.

An Jiyè 2022, Ayiti te konkli preparasyon Plan Aksyon Nasyonal ak yon evalyasyon debaz pou Fèydewout sou Zamafe nan Karayib la, yon inisyativ ki vize redwi risk detounman zamafe ak minisyon nan rejyon an.³⁵²

Pandan ke Ayiti pa gen okenn kapasite pwodiksyon zam endistriyèl, dènye rechèch sijere ke zamafe ki gern fabrikasyon prive (PMFs), tankou zam blan fabrike sou fòm atizana, enprime 3D oswa konvèti, konstitiye yon sous menas k ap ogmante.³⁵³ An 2020, pa egzanp, dwàn ameriken yo te sezi divès reseptè enferyè ak siperyè soti nan izin, fabrike avèk teknoloji kontwol nimerik pa òdinatè a destinasyon Ayiti.³⁵⁴ Eleman sa yo an jeneral fè pati kit ke, yon fwa yo asanble, vin tounen "zam fantom", zamafe ke

³⁴² Anne-Séverine Fabre ak lòt moun yo, sondaj CARICOM IMPACS ak Zam Lejè yo, *Weapons Compass: Etid sou Zamafe nan Karayib la*, Avril 2023, <https://tinyurl.com/dbbhpee>, p. 60. Done fyab yo manke akòz de yon aplikasyon fèb nan règ anrejistremman zamafe yo pami lòt difikilite yo.

³⁴³ Panèl Ekspè nan Ayiti, *Rapò final 30 Septanm 2024* (deja site), para. 73.

³⁴⁴ Panel Ekspè sou Ayiti yo, *Rapò final Panèl Ekspè sou Ayiti yo ki prezante yon jan konfòm ak rezolisyon 2653 (2022)*, 15 Septanm 2023, UN Doc. S/2023/674, para. 107.

³⁴⁵ Selon panèl ekspè yo, kèk ofisyè polis te vann zam afe yo ak minisyon yo pou manm gang yo. Panèl ekspè nan Ayiti, *Rapò Final 15 Septanm 2023* (te deja site), para. 107.

³⁴⁶ Gade, pa egzanp, Charles Villa "Mwen te rankontre gang yo nan Pòtoprens, kapital peyi Ayiti", 11 Oktòb 2024, <https://tinyurl.com/3xkktn9e>; Fòs Polis Jamayikèn, bibliyasyon X: "Yo te sezi fizi sa ak sis katouch nan Rockfort, St. Andrew, Dimanch maten. Zam lan pote yon sij Polis Ayisyen.", 4 Jen 2017, <https://tinyurl.com/3kc26285>

³⁴⁷ Konsèy Sekirite Nasyonizini (UNSC), Rezolisyon 2699 (2023), adopte 2 Oktòb 2023, UN Doc. S/RES/2699, para. 14; UNSC, Rezolisyon 2751 (2024), adopte 30 Septanm 2024, UN Doc. S/RES/2751, para. 2.

³⁴⁸ Panèl ekspè sou Ayiti, *Rapò Final 15 Septanm 2023* (deja site), para. 96; Biwo Nasyon Zini sou Dwòg ak Krim (UNODC), *Rapò*, 17 Janvyè 2024, S/2024/79, paras. 2, 11, 12; Biwo Responsablite Gouvènman an, "Zamafe Karayib yo: Ajans yo gen efò anti-trafik an plas, men Eta a ta ka pi byen evalye aktivite yo", 14 Novanm 2024, <https://tinyurl.com/yufatz3h>

³⁴⁹ Ankèt sou Zam Lejè yo, *Weapons Compass: Etid Zamafe nan Karayib (te site deja); Panèl Ekspè yo nan Ayiti, Rapò Final 15 Septanm 2023 (te deja site)*, para. 96, 97, 103, 104, Anèks 31, 32; UNODC, *Rapò*, 16 Oktòb 2024, S/2024/752, para. 2 ak 18; UNODC, *Mache kriminèl Ayiti yo: Katografi Tandans yo nan Kesyon Zamafe ak Trafik*, 17 Fevriye 2023, <https://tinyurl.com/d3b4aert>, p. 19.

³⁵⁰ Gade, pa egzanp, Panèl Ekspè sou Ayiti yo, *Rapò final 15 Septanm 2023* (te deja site), Anèks 29; Haitian Times, "Pandan gang ayisyen yo ap multipliyè atak yo, li kapab vin esansyèl pou koupe apwovizyonman an minisyon", 29 Oktòb 2024, <https://tinyurl.com/35zea9fz>; NBC News, "Depatman Sekirite Enteryè k ap travay pou sispann sikilasyon ilegal zam an Ayiti", 30 Mas 2024, <https://tinyurl.com/mr3ky4j6>

³⁵¹ AP, "Otorite ameriken yo mete an gad kont yon ogmantasyon mank zam ki entwodwi nan kontrebann an Ayiti", 17 Out 2022, <https://tinyurl.com/5n7vaz5e>


³⁵² Biwo Nasyonizini pou Afè Dezameman yo, "Ayiti finalize Plan Aksyon Nasyonal sou zamafe aprè yo fin akeyi dezyèm misyon an-pèsòn nan UNLIREC", 15 Jiyè 2022, <https://tinyurl.com/k72nsaz7>

³⁵³ Ankèt sou Zam Lejè yo, *Weapons Compass: Etid Zamafe nan Karayib la* (te site deja); pp. 90-100; Panèl Ekspè yo nan Ayiti, *Rapò Final Septanm 15 2023* (te deja site), Anèks 29.

³⁵⁴ Ankèt sou Zam Lejè yo, *Weapons Compass: Etid Zamafe Karayib yo* (te deja site), p. 93

yo pa ka trase akoz de absans nimewo seri oswa mak idantifikasyon yo.³⁵⁵ Rapò sou sezi ke Polis Nasyonal Ayiti a endike tou ke otorite yo te konfiske zam atizanal nan operasyon gang yo.³⁵⁶

Temwayaj timoun yo ki souliye prezans zam ki bò kote yo tout kote yo pase, ki gen ladan yo fason yo toujou mete yo nan men yo epi yo plase yo nan kè zak vyolans gang yo tankou vyòl. Lè n konsidere Ayiti pa pwodwi okenn zam pou kont li, li esansyèl pou n limite komès ilisit nan zam yo epi anpeche detounman zam yo pou n mete fen nan abi ke gang yo ap komèt yo. Tifi ki gen 14 ane a ki soti nan Site Solèy ki te pran kat bal nan Septanm 2024 te di: "Mwen vle di [mond lan] ede nou chanje sityasyon an kounye a an Ayiti epi retire tout zam yo... Mwen pa vle sa k te pase m lan rive yon lòt moun."³⁵⁷



Yon kat sant Pòtoprens ki montre dife ke kaptè satelit NASA yo detekte pandan moman gen gwo afwontman ak destriksyon yo te rapòte an 2024. Yon dansite elve ak prevalans dife te detekte ant 5 Fevriye ak 1ye Avril 2024 nan zòn Lwès la ki te kreye 24 pwen cho, endike avèk ikòn wouj yo. Yo te detekte yon dansite elve ak prevalans dife nan lès ant 31 Oktòb ak 4 Desanm 2024 ki te kreye 20 pwen cho, yo endike yo avèk ikòn oran yo. Li pwobab pou te gen plis dife pa rapò ak sa kaptè yo te detekte. © 2025 Planet Labs PBC

³⁵⁵ UN News, "Ayiti: Gang yo gen 'pwisans pou batay pase lapolis la'" (te deja site).

³⁵⁶ Gade, pa egzanp, Haiti Brise-Info, Piblikasyon Facebook nan 9 Desanm 2023, <https://tinyurl.com/3mern49a>

³⁵⁷ Entèvyou an pèsòn, 22 Septanm 2024, Pòtoprens.

5. ENPAK SOU TIMOUN KI GEN ANDIKAP YO

Rechèch te montre regilyèman ke enpak dispwopòsyone a, ki gen ladan l risk adisyonèl, ke timoun ki andikape yo ap sibi nan sityasyon konfli ak kriz.³⁵⁸ Amnisti Entènasyonal te resanse eksperyans 11 timoun andikape k ap viv nan mitan vyolans gang Ayiti, nan fè entèvyou avèk nèf ladan yo dirèkteman.³⁵⁹ Laj timoun yo, uit nan yo te deplase, sòti nan sèt a 15.

Timoun ki gen andikap yo te kesyone yo t ap fè fas ak plizyè andikap, ki gen ladan yo andikap fizik ak sikososal. Gen kèk ki te gen plis pase yon andikap. De te vin genyen yon andikap fizik aprè vyolans gang. Chèchè yo tou te kesyone reprezantan òganizasyon yo ak enstalasyon k ap soutni moun ki gen andikap yo epi te obsève nan yon premye moman kondisyon inapwopriye ak inaksesib nan de (2) sit depasman yo nan kapital la.

Ayiti se yon pati eta nan Konvansyon Sou Dwa Moun ki gen andikap (Convention on the Rights of Persons with Disabilities, CRPD), e a tit sa gouvènman ayisyen an gen obligasyon pou pran mezi pou "favorize, pwoteje ak asire jwisans plen ak egal tout dwa ak libète fondamantal moun pou moun andikape yo, epi favorize respè pou diyite natirèl yo".³⁶⁰ Atik 11 nan CRPD adrese espesyalman bezwen pou pran "tout mezi nesèsè pou garanti pwoteksyon ak sekirite moun ki andikape yo nan sityasyon risk yo, ki gen ladan yo sityasyon nan konfli ame, ijans imanità ak katastwòf natirèl yo".³⁶¹

Ayiti te ratifye tou Konvansyon Entè-Ameriken sou Eliminasyon Tout Fòm Diskriminasyon Kont Moun ki gen Andikap yo, ki gen ladan yo obligasyon pou "adopte mezi yo nan nivo lejislatif, sosyal, edikatif, ki gen rapò ak travay oubyen lòt mezi ki nesèsè pou elimine diskriminasyon kont moun ki gen andikap ak pou favorize entegrasyon yo konplètman nan sosyete a".³⁶² Asistans entènasyonal gen obligasyon pou soutni gouvènman an nan satisfè obligasyon sa yo.

DIFIKILTE POU KOURI POU VYOLANS

Timoun ki andikape yo ap fè fas ak yon pi gwo risk nan kouri pou vyolans, tankou akòz de mobilite limite yo epi dwe abandone aparèy asistans yo genyen yo. Yo souvan depann donk de lòt yo pou sove lavi pa yo. Nan kèk ka, timoun ki gen andikap Amnisti Entènasyonal te kesyone yo te dwe andire sa plis pase yon fwa paske se gade yo gade yo menm ak fanmi yo ap fè fas ak plizyè depasman repete nan chache sekirite.

Amnisti Entènasyonal te fè entèvyou avèk twa timoun ki te di ke lè gang yo te atake katye yo epi fanmi yo te deplase, yo te kite dèyè aparèy asistans tankou chèz woulant ak beki yo.

³⁵⁸ Gade, pa egzanp, Amnisti Entènasyonal, Te ekskli: *K ap viv avèk andikap nan konfli ame Yemen* (Endèks: MDE 31/1383/2019), 3 Desanm 2019, <https://tinyurl.com/3ycbk8rv>; Amnisti Entènasyonal, "*Nou tout bezwen diyite*": *Eksklizyon moun ki gen andikap nan repons ak tranbleman tè Tiki a* (Endèks: EUR 44/6704/2023), 26 April 2023, <https://tinyurl.com/bdzvx3ha>; Human Rights Watch, "UN: Gwo risk nan konfli pou timoun ki gen andikap", 2 Fevriye 2022, <https://tinyurl.com/26arvutm>

³⁵⁹ Yo te resanse sityasyon de ki te rete yo atravè entèvyou avèk paran yo.

³⁶⁰ Konvansyon sou Dwa Moun ki gen andikap (CRPD), Atik 1. Gade tou Ayiti, Lwa 11 Me 2012 sou entegrasyon moun ki gen andikap yo, <https://tinyurl.com/4976mbzh> (an fransè).

³⁶¹ OPAC, Atik 11.

³⁶² Konvansyon Entè-Ameriken sou Eliminasyon Tout Fòm Diskriminasyon Kont Moun ki Gen Andikap, Atik 3.

"Moun yo te kouri lè manm gang yo te anvayi katye nou an. "Manm gang yo te boule kay moun yo... li te minwi... Tonton mwen te pote mwen epi te kouri avèk mwen," yon tifi 12 ane ki gen mobilite limite te kouri pou atak Out 2023 a nan Kafou-Fèy pa Gran Ravin.³⁶³ Okòmansman, fanmi an te vin jwenn lòt yo nan yon sit depasman nan Kafou-Fèy, men yo te oblije kite ankò lè atak yo te entansifye, yo te deplase ale nan yon lòt lekòl nan sant Pòtoprens. Manman tifi ki te pote li pandan dezyèm kouri a te di ke twa mwa aprè atak la, li te retounen lakay yo, men yo te boule tout bagay epi pa t gen anyen lada l, ki gen ladan l chèz woulant tifi a, pa t epaye.³⁶⁴

Yon tigason 13-ane ak mobilite limite te dekri fason li te kouri nan yon atak gang nan Dèlma 18 nan Mas 2023. "Yo te mete dife nan kay la. Manman ak mwen te kouri... Nou te soti sèlman avèk rad sou do nou," selon sa li te di.³⁶⁵ Manman tigason an te di: "Mwen te oblije pote l... Mwen pa t kapab pouse li nan chèz la, chemen an pa t plat, te gen labou epi moun t ap kouri toupatou."³⁶⁶

Ti gason 15 ane ki te gen blese baskètbòl ki te agrave byen grav la lè li te tonbe nan kouri soti Kafou-Fèy la te deklare li te itilize yon beki pandan yon mwa touswit aprè premye blese baskètbòl la men te sispann paske lòt timoun yo te kòmansse fawouche li.³⁶⁷ Nan lannwit atak la, "Mwen te bliye beki a. Avèk moun yo ki t ap di, 'Ale, ale!' Mwen pa t panse yo te pran li. Mwen te panse sèlman avèk li lè mwen te rive [kay zanmi nou an]", li te di.³⁶⁸

Yon lòt tifi 12-ane avèk plizyè andikap ki te kouri pou atak Kafou-Fèy mwa Out 2023 a te di ke li te kapab kouri pou kont li, men li te dekri kijan mobilite redwit li a ki te lakoz yon koub nan kolòn vètebral li te ralanti li.³⁶⁹ Nan yon pwen, li te glise, epi foul moun yo te tonbe sou li nan mele a, selon sa li te di.³⁷⁰

Temwayaj sa yo montre kòman mank yon avètisman avan atak gang yo te kite timoun ki andikape yo nan yon danje ki pi gran, sa ki konpwomèt dwa yo genyen pou yo viv sou yon pye egalite avèk lòt yo.

AKSÈ A APARÈY E A SÈVIS ASISTANS YO

Menm avan kriz aktyèl la, disponiblite aparèy asistans kalite yo ak teknoloji se te yon defi an Ayiti, ki gen PIB pa abitan ki pi ba nan Amerik Latin ak Karayib la.³⁷¹ Sa a se yon pwoblèm komen nan peyi ki pa gen anpil revni kote kòm kèk tankou 3% nan moun ki gen andikap yo gen aksè a aparèy asistans ak teknoloji.³⁷² Vyolans gang yo te pètibe tout aspè nan vi a, ki gen ladan l aksè ki deja limite ak pwodwi e ak sèvis esansyèl sa yo.

Nan sis timoun ki gen andikap ki bezwen epi ki t ap benefisyè aparèy asistans yo, sèlman de (2) te gen yon ekipman – youn te gen yon chèz woulant, lòt la beki, malgre kalite yo te an kesyon. Manman tigason ki gen mobilite limite 13 ane ki te kouri soti Delma 18 la te di yon zanmi pou gide li nan yon biwo non-gouvènmantral kote li te kapab jwenn youn, epi li te fè sa a.³⁷³ Li pa t sanble adapte ni ak bezwen li ni a tay li; chèz woulant dwe adapte ak bezwen moun k ap itilize yo a oubyen yo kapab lakoz plis domaj.³⁷⁴

Tigason ki gen 16 ane ke yon tirè a gaj te tire nan Site Solèy epi te gen janm li koupe an Janvyè 2024 la te resewva beki nan men yon ONG entènasyonal aprè operasyon li a. Li te di ke yo te enpòtan pou li, men te souliye kòman nan moman entèvyou a bay Amnisti Entènasyonal an Septanm, beki yo te deja ap tonbe an win.³⁷⁵ Li te resewva swen enpòtan pandan nèf jou li rete nan lopital la ak apre sa pandan twa vizit lopital ki vin apre yo, ki gen ladan yo terapi fizik ak sipò sikososyal, men swen sa yo te pou yon ti kout tan. Nan esplikè kòman vyolans gang yo ap kontinye afekte li, selon sa li te di:

Mwen pa santi mwen alèz [avèk beki sa yo]... Mwen pa ale lopital ankò, epi si ou gade yo, ou kapab wè kòman yo vrèman chire epi bezwen ranplase. Yo andomaje... [Nan lopital la], sikològ la te di mwen 'Ou pa bezwen regrèt, nou ka mete yon pwotèj janm pou ou alavni epi ou pral kapab mache tankou w si w te

³⁶³ Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

³⁶⁴ Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

³⁶⁵ Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

³⁶⁶ Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

³⁶⁷ Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

³⁶⁸ Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

³⁶⁹ Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

³⁷⁰ Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

³⁷¹ Bank Mondyal, "Pi gwo enklizyon nesèsè pou Ayisyen k ap viv avèk yon andikap", 17 Desanm 2021, <https://tinyurl.com/5c3fshch>

³⁷² OMS, "Teknoloji Asistans", 2 Janvyè 2024, <https://tinyurl.com/u938vwm6>

³⁷³ Li pa t konnen non antite li te vizite a, men li te di se pa t yon biwo leta. Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

³⁷⁴ Gade, pa egzanzp, OMS, "Liy Direktiv sou founiti chèz woulant manyèl yo nan zòn defavorize yo", 2008, <https://tinyurl.com/yxcd5p2d>, p. 41; Biwo Rejyonal OMS pou Azi-Di-Sid, "Fich enfòmasyon sou chèz woulant yo", Oktòb 2010, <https://tinyurl.com/22unaef3>

³⁷⁵ Entèvyou an pèsòn, 22 Septanm 2024, Pòtoprens.

gen youn ki reyèl. Mwen poko resevwa l; Mwen pa t retounen nan lopital la depi twa mwa... Ap toujou genyen kout bal ak goumen pa manm gang yo, epi moun yo pa souvan soti deyò.³⁷⁶

Ti gason an te ajoute ke li abitye apiye sou janm li yo pou fabrike graj kwizin ke manman apre t ap vann pou soutni fanmi an. Li te esplike ke li te itilize pye li yo nan kad pwosesis bay metal yo fòm, yon bagay ke li pa kapab fè ankò, e ke li pa kapab chita ankò jan l te konn fè sa pou fè tip travay sa.

Manman tifi ki gen 12 ane avèk mobilite limite ki te kouri kite Kafou-Fèy san chèn woulant li a nan mwa Out 2023 te di ke li te vle achte yon lòt pou pitit fi li a amelyore lavi tifi a nan depasman, men li pat gen lajan an. Lòt timoun ki andikape yo te kesyone ki bezwen aparèy asistans pa t janm gen youn avan sa. Aparèy asistans ak pwotèj yo esansyèl pou pèmèt moun ki gen andikap mennen yon vi aktif, ak endepandan.



Yon ti gason 16-ane, ki gen janm li koupe an Janvyè 2024 apre yon manm gang te tire sou li, yon ONG te ba li beki, men nan moman entèvyou avèk Amnisti Entènasyonal an Septanm, beki yo te deja fè plizyè moso, epi li pa t kapab jwenn sa ki nouvo. © Amnisti Entènasyonal

Pou plizyè, y ap konsidere aparèy sa yo fè pati kò yo ak idantite yo, epi nan ka timoun yo, an patikilye ap afekte rezilta devlopmantral ak edikatif pa yo.³⁷⁷ Eta yo gen yon obligasyon pou pran divès mezi imedyata pou asire ke moun ki gen andikap yo gen aksè a swen sante, ki gen ladan yo sèvis ak pwogram reyabiliteasyon tankou founiti aparèy ak teknoloji asistans.³⁷⁸ Eta dwe itilize resous yo genyen ki disponib yo nan maksimòm ki gen ladan yo sa y ap rann disponib atravè koperasyon ak asistans entènasyonal pou garanti sa. Resous alwe pou timoun ki gen andikap yo ta dwe ase pou kouvri tout bezwen yo, tankou aparèy asistans ak sipò finansye pou fanmi yo.³⁷⁹ Komite Nasyonzi sou Dwa Moun Andikape yo te rekòmande ke Ayiti "gen ladan l èd pou mobilite, aparèy ak teknoloji asistans nan yon kontèks koperasyon entènasyonal".³⁸⁰

Plizyè timoun ki gen diferan tip andikap ke Amnisti Entènasyonal te egzamine sityasyon yo te deklare ke yo nan obligasyon pou jwenn aksè ak swen sante espesyalize ak sèvis ki gen rapò yo, tankou fizyoterapet, ègoterapet. Moun yo te kesyone yo te endike kèk ONG Entèvyou endike ke kèk ONG te reponn a kèk bezwen debaz atravè divès klinik mobil, men li te rete klè ke plizyè timoun yo te kesyone pa t jwenn aksè ak sèvis

³⁷⁶ Entèvyou an pèsòn, 22 Septanm 2024, Pòtoprens.

³⁷⁷ Rapòtè Espesyal Nasyonzi sou Dwa Moun ki Gen Andikap, Rapò, 9 Out 2016, UN Doc. A/71/314, para. 44.

³⁷⁸ CRPD, Atik 4 (obligasyon jeneral), 20 (sou mobilite pèsònèl) ak 26 (sou adaptasyon ak reyadaptasyon). Gade tou Atik 11 (sou pwoteksyon nan sityasyon risk ak ijans imanitè) ak 28 (sou estanda pou viv yon jan apwopriye ak pwoteksyon sosyal). Rapòtè Espesyal sou Dwa Moun ki Andikape soutni ke "aksè ak adaptasyon e ak reyadaptasyon esansyèl, a aparèy asistans esansyèl yo epi a sèvis sante esansyèl ke moun andikape yo bezwen akòz de andikap yo kapab konsidere kòm yon obligasyon fondamantal ki pa fè objè yon reyalyasyon pwogresif". Rapòtè Espesyal Nasyonzi sou Dwa Moun ki Gen Andikap, Rapò, 16 Out 2018, UN Doc. A/73/161, para. 18.

³⁷⁹ Komite sou Dwa Timoun, Kòmantè Jeneral 9: Dwa Timoun ki gen Andikap, 27 Fevriye 2007, UN Doc. CRC/C/GC/9, para. 20.

³⁸⁰ Komite Nasyonzi sou Dwa Moun ki gen andikap, konklizyon obsèvasyon: Premye rapò Ayiti, 13 Avril 2018, CRPD/C/HTI/CO/1, para. 47.

espesyalis esansyèl yo – yon bagay ke gouvènman an, menm jan ak donatè yo epi lòt aktè imanité yo, dwe veye pou yo akòde menm priyorite a.

Gang ame an Ayiti yo te atake sistematikman lekòl yo ak lopital yo.³⁸¹ Timoun ki andikape yo esansyèlman afekte doub fwa: lekòl ak klinik ki reponn ak bezwen espesifik e ak dwa timoun ki gen andikap yo te piye, detwi ak boule; pandan ke an menm tan an yo pa t ase anpil.³⁸² Amnisti Entènasyonal te kesyone direktè de enstalasyon sa yo, ki resanse de (2) atak sou yon lekòl ak yon klinik ki te istorikman pami etablisman trè ra ke edikasyon ofri, fòmasyon pwofesyonèl, ak sèvis medikal pou timoun ki andikape yo.

Nan 2 Out 2024 byen ta nan lannwit, anviwon 15 manm gang ki sòti nan gang 400 Mawozo te anvayi Enstiti Montfort, yon lekòl nan komin Kwadèbouke pou timoun ak jèn adilt ki soud e ki soud-avèg, yon manm pèsònèl siperyè ki te prezan te deklare nan moman atak la.³⁸³ Li te rakonte yon dezyèm fwa:

Manm gang yo te anvayi lekòl la epi te pran tout bagay. Lè yo te antre nan lekòl la, timoun yo te vrèman pè... Nou gen yon fèm kote nou anseye agrikilti. Lè yo te antre nan sit la, yo te pran tout bèt nou te genyen... Lè timoun yo te kòmanse rele, manm gang yo te pwente zam yo sou timoun yo epi yo te deklare, 'Si nou kontinye rele, n ap touye nou.' Kidonk, timoun yo te kouche atè a... Nan nuit lan, yo te pran tout bagay – machin nou yo, materyèl nou yo, resous nou yo. Yo te pase tout nuit lan ap pran bagay nou yo sou sit la.³⁸⁴

Nan demen maten, anviwon 18 manm pèsònèl la te òganize nan yon chèn imen 37 gason ak 24 elèv fi (ki gen laj sòti nan twa rive 22 ane) epi te sòti nan batiman an.³⁸⁵ Pa t gen moun ki te blese. Gang yo te okipe imedyatman batiman an, selon sa manm pèsònèl la ki gen dewwa sipèvizè a te di.³⁸⁶ Administrasyon an te mete timoun yo nan diferan zòn, ki gen ladan yo avèk lòt kongregasyon yo.

Tout elèv nan lekòl la te abitye gen aparèy asistans – sitou èd oditif – men "lè ensidan an te rive, yo pa t gen tan pran aparèy yo... paske lavi [yo] pi enpòtan," selon sa administratè a te di.³⁸⁷ Lekòl la te kapab ranplase byen tankou rad, men se pa aparèy asistans yo ki te enpòte epi yo pa lokalman pwodwi. Li te di lekòl la pat kapab jwenn nouvo aparèy depi 2017; yon antite donatè ki baze Etazini te sispann vizite peyi a akòz ensekirite a.³⁸⁸

Nan mwa avril 2024, gang yo te vandalize ak piye Sant Medikal Saint Vincent a ki te bay swen espesyalis ak ekipman, ki gen ladan l reyabilitasyon fizik ak divès òtèz.³⁸⁹ Sitiye nan sant vil Pòtoprens, li se youn nan de enstalasyon prensipal ke Sant Saint Vincent ap dirije, yon enstitisyon Legliz Episkopal an Ayiti. "Sa se yon gwo pèt pou peyi a epi timoun ki gen andikap yo ap soufri konsekans yo," selon sa administratè prensipal Sant Saint Vincent an te deklare.³⁹⁰

Saint Vincent t ap jere tou yon lekòl nan Kwadèboukè pou timoun ki gen andikap sansoryèl ak fizik. Lekòl la tou, te afekte pa vyolans lan. Pa egzanp, sèvis otobis gouvènman an te itilize pou transpòte elèv yo nan etablisman an te entewonp, administratè a te deklare, nan eksplike ke sèvis la te esansyèl pou garanti ke timoun yo te kapab asiste kou yo lè n konsidere pwoblèm ki genyen nan transpò piblik la, ki gen ladan yo inaksesibilite ak atitud diskriminatwa yo.³⁹¹ Anplis, akòz de vyolans gang yo, plizyè elèv te deplase plis pase yon fwa, sa ki te anpeche yo pa rete an kontak avèk lekòl la, selon sa li te di, nan ajoute ke menm pèsònèl la te fè fas ak difikilite pou vini lekòl la akòz de pil vyolans repete yo.³⁹²

Plizyè nan timoun andikape Amnisti Entènasyonal te kesyone te di ke yo pa t kapab rekòmanse ale lekòl ankò aprè yo te deplase. De paran te eksplike ke, nan premye espas la, yo te reyisi avèk difikilite yo nan

³⁸¹UNSG, *Timoun yo ak konfli ame*, 3 Jen 2024 (site deja), para. 75.

³⁸² Komite sou Dwa Moun ki Gen Andikap, konklizyon obsèvasyon yo: Premye rapò Ayiti (te site deja), para. 12, 44, 46.

³⁸³ Entèvyou pa apèl vokal, 21 Septanm 2024. Gade tou Le Nouvelliste, « L'Institut Montfort, école dédiée aux sourds-muets et sourds-aveugles, attaqué par des bandits » ["Enstiti Montfort, K ap sèvi Moun Soud ak Soud-Avèg, Atake pa Bandi yo"], 6 Out 2024, <https://tinyurl.com/5d3sjuca> (an franse); Le Placentin, « Même les sourds-muets sont ciblés, les bandits armés ont attaqué l'institut Monfort de la Croix-des-Bouquets » ["Menm soud ak bèbè yo siblè, bandi ame atake Enstiti Monfort nan Kwadèboukè"], 6 Out 2024, <https://tinyurl.com/3uruh33d> (an franse).

³⁸⁴ Entèvyou pa apèl vokal, 21 Septanm 2024. Li te prezize ke pami resous piye yo se te: 60 bèf, 150 kochon, 60 kabrit, 10 mouton ak 300 poul.

³⁸⁵ Entèvyou pa apèl vokal, 21 Septanm 2024.

³⁸⁶ Entèvyou pa apèl vokal, 21 Septanm 2024.

³⁸⁷ Entèvyou pa apèl vokal, 21 Septanm 2024.

³⁸⁸ Entèvyou pa apèl vokal, 21 Septanm 2024.

³⁸⁹ Entèvyou pa apèl vokal, 21 Septanm 2024.

³⁹⁰ Entèvyou pa apèl vokal, 21 Septanm 2024.

³⁹¹ Entèvyou pa apèl vokal, 21 Septanm 2024.

³⁹² Entèvyou pa apèl vokal, 21 Septanm 2024. Nan mwa avril 2024, Biwo gouvènman Ayisyen pou Sekretè Deta pou Entegrasyon Moun ki Andikape yo te fè sòti yon deklarasyon ki ekspriye enkyetid yo fas ak yon atak sou moun ki andikape avèk enstalasyon yo, ki gen ladan yo yon atak sou youn nan batiman ki afilye ak Sant Saint Vincent an. Bureau du Secrétaire d'État à l'Intégration des Personnes Handicapées, piblikasyon Facebook nan 28 Avril 2024, <https://tinyurl.com/4prkm7zx>

pèmèt timoun yo admi nan lekòl yo lè yo t ap viv nan kominote yo aprè plizyè lòt lekòl pa t ap aksepte yo akòz de andikap yo.³⁹³ Vin nan deplasman, opòtinite ra sa yo, yo te di, pa t sanble t ap vini ankò.³⁹⁴

Yon paran te di pitit fi l la te konn ale nan yon lekòl prive pou timoun andikape, men li pa kapab fè sa ankò apre yo te fin deplase; manman an te di li pa gen mwayen pou peye pou li paske gang yo te detwi biznis li.³⁹⁵ Tigason 16 ane ke yo te koupe janm li an aprè yon tirè a gaj te ba li yon bal nan Site Solèy te deklare kòman li te dwe depi lè sa a peye depans adisyonèl yon motosiklèt pou ale lekòl nan tan pase kote li te konn mache pou ale la.³⁹⁶

Dapre Prensip Direktiv Nasyonzini yo sou Deplasman Entèn, moun ki deplase yo gen dwa ak yon estanda lavi apwopriye.³⁹⁷ Sit relokizasyon yo dwe satisfè kritè pou lojman adekwa dapre lwa entènasyonal sou dwa moun, ki gen ladan yo enstalasyon sanitè yo ak lesiv yo, aksesibilite lojman ak aksè ak sèvis swen sante yo, lekòl yo, sant gadri yo pami lòt enstalasyon sosyal yo, kit nan zòn vil yo oubyen andeyò yo.³⁹⁸ Anplis, “garanti aksè ak sèvis adaptasyon ak reyadaptasyon ki lye ak sante yo, tankou aparèy ak teknoloji asistans, se yon obligasyon ak responsablite Leta ki pa kapab konfyè a divès òganizasyon abi non likratif e ak divès òganis charite.”³⁹⁹ Aktè ki enplike nan pwogram repons imanitè yo, ki gen ladan yo ajans Nasyonzini yo, donatè ak ONG entènasyonal ak lokal yo, yo menm tou gen angajman sou enklizyon ak non-diskriminasyon.⁴⁰⁰

Rechèch te etabli ke ekspozisyon ak vyolans pwolonje sa ak lòt ijans yo fè enpak sou sante mantal – nan pwovoke nouvo detrès ak maladi sante mantal yo menm jan nan ekspozisyon plis toujou moun k ap souffri maladi ki te deja egziste.⁴⁰¹ Timoun yo patikilyèman nan risk;⁴⁰² Ayiti pa gen okenn eksepsyon.⁴⁰³ Sepandan, jan yo mansyone sa avan nan Chapit 3, disponiblite sèvis sante mantal yo ak sèvis sipò sikososal vrèman manke.

Domaj vyolans gang lan lakoz sou sante mantal la te palpab nan entèvyou Amnisti Entènasyonal t ap fè avèk timoun yo e ak fanmi yo.⁴⁰⁴ Yon tifi 13 ane ki te chape anba masak Gran Ravin te enflije sou Kafou-Fèy nan Out 2023, te dekri kòman li t ap fè fas regilyèman ak divès souvni sou jou li menm ak fanmi li t ap kouri aprè manm gang yo te menase yo avèk yon pwent zam epi te boule ra pye tè kay yo.⁴⁰⁵ Li te di:

Mwen te wè divès kadav. Sa te gen yon enpak sou mwen. Koulye a, lè mwen pran yon liv, li vin difisil pou mwen konsantre. Mwen wè jou sa a... Manman m pa t pale pandan plizyè jou... Mwen fè plizyè kochma, mwen pa ka dòmi. Mwen fè divès vizyon sou sa mwen te wè a... Mwen te konn etidye san pwoblèm. Koulye a, li difisil; Mwen toujou ap reviv sa mwen te wè a. Mwen t ap kontan tounen lekòl, men mwen pa konnen si m ap rete konsantre ase pou aprann.⁴⁰⁶

Manman yon lòt tifi ki gen 13 ane ki te kouri kite Kafou-Fèy te dekri kijan kondisyon pitit fi li a, ki ap viv avèk yon andikap sikososal, te vin pi mal nan deplasman an. “Lè nou te nan Kafou-Fèy epi li te tande kout zam epi te wè moun yo t ap touye, li te vin terifye, epi sa te ba l divès pwoblèm,” selon sa madam lan te di.⁴⁰⁷ Li te ajoute: “Aprè nou fin kouri kite Kafou-Fèy, li vin pi sansib. Chak fwa li tande yon bagay, kè l vin ap sote... Menm si li pa wè manm gang yo ankò kote nou ye a, si li tande nenpòt kout zam, li kòmanse panike.”⁴⁰⁸

³⁹³ Entèvyou an pèsòn, 22 Septanm 2024, Pòtoprens.

³⁹⁴ Entèvyou an pèsòn, 22 Septanm 2024, Pòtoprens.

³⁹⁵ Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

³⁹⁶ Entèvyou an pèsòn, 22 Septanm 2024, Pòtoprens. Yo rekonèt ke lòt depans adisyonèl ki lye ak sèvis yo kòm yon enpak dispwopòsyone sou moun ki andikape yo. Gade pa egzanzp, Rapòtè Espesyal Nasyonzini sou Dwa Moun Andikape yo, Rapò, 9 Out 2016 (te site avan sa), para. 13.

³⁹⁷ Prensip Nasyonzini sou Deplasman Entèn, Prensip 18. Gade tou Prensip 19 (sou swen medikal), Prensip 23 (sou edikasyon).

³⁹⁸ Prensip Debaz ak Direktiv Nasyonzini yo sou Ekspilsyon Baze sou Devlopman ak Deplasman (Prensip Debaz yo), para 16 ak 55. Prensip Debaz yo te itilize kòm yon estanda jeneral pou ekspilsyon ak deplasman akòz de gwo evantay obligasyon eta espesifik yo kouvri, menm pou ekspilsyon ak deplasman ke divès lòt rezon lakoz.

³⁹⁹ Rapòtè Espesyal Nasyonzini sou Dwa Moun Andikape, Rapò, 16 Jiyè 2018 (te site avan sa), para. 52.

⁴⁰⁰ Gade, pa egzanzp, Sphere, *Manyèl Sphere a: Chat Imanitè ak Nòm Minimòm nan Repons Imanitè* (Katriyèm edisyon), 6 Novanm 2018, <https://www.spherestandards.org/handbook/>; Komite Pèmanan Entè-òganizasyon Nasyonzini (UN Inter-Agency Standing Committee, IASC), Liy Direktiv yo: Enklizyon moun ki gen andikap nan Aksyon Imanitè, jiyè 2019, <https://tinyurl.com/pjpk4v6f>

⁴⁰¹ OMS afime ke plis pase youn nan senk moun k ap viv nan anvivonman vyolans a gran echèl gen yon maladi sante mantal. UN News “Yon moun sou senk ap souffri maladi sante mantal nan zòn konfli yo, sèl-an-senk souffri kondisyon sante mantal nan zòn konfli, selon nouvo chif Nasyonzini”, 12 Jen 2019, <https://tinyurl.com/4jkrvb79>; Fiona Charlson ak lòt moun, “Nouvèl estimasyon OMS sou prevalans twoub mantal nan sityasyon konfli: yon revizyon sistematik ak meta analiz”, Lancet, 11 Jen 2019, <https://tinyurl.com/2s46n4nk>

⁴⁰² UNICEF, “Pwoteje sante mantal timoun yo nan milye ijans yo”, 4 Me 2023, <https://tinyurl.com/3ewtwnpy>; Save the Children, “5 fason konfli fè enpak sou sante mantal timoun yo”, <https://tinyurl.com/yx3n4pav>

⁴⁰³ Plan International, “Vyolans Ayiti a ogmante estrès emosyonèl timoun yo”, 18 Mas 2024, <https://tinyurl.com/2s4e3x67>

⁴⁰⁴ A plizyè repriz, Amnisti Entènasyonal pa t kontinye fè yon entèvyou avèk yon timoun paske timoun lan te montre divès siy vizib detrès.

⁴⁰⁵ Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

⁴⁰⁶ Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

⁴⁰⁷ Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

⁴⁰⁸ Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

Plizyè moun yo kesyone k ap viv nan sit deplasman an epi sila ki te resevwa swen medikal nan lopital yo aprè plizyè blesi grav te deklare yo te resevwa yon sèten nivo soutyen sikososyal. Amnisti Entènasyon te remake prezans ONG lokal yo ki aplike plizyè pwogram nan sit deplasman yo, an kolaborasyon avèk patnè entènasyon yo, ki gen ladan yo ajans Nasyonzini yo. Sepandan, sèvis sa yo rete trè limite epi yo se pratikman yon gout nan oseyan lè n konsidere gwosè kriz la sou sante mantal akòz eksplozyon vyolans gang lan, san pale de ekspozisyon twomatik miltip ak kimilatif Ayisyen yo pandan dènye deseni sa yo.

Eta yo gen obligasyon “pou pran tout mezi nesèsè” pou pwoteje timoun yo kont efè danjere vyolans ame yo ak pou garanti ke yo “jwenn aksè ak sèvis sante ak sosyal apwopriye, ki gen ladan yo retablisman sikososyal ak reentegrasyon sosyal”.⁴⁰⁹ Gouvènman dwe garanti disponibilite ak aksesibilite sèvis sante mantal yo nan repons li an, ki gen ladan yo mande yon asistans teknik ak yon asistans finansyè; donatè yo ak lòt aktè imanite yo dwe kontribiye ak ranfòsman sistèm sante mantal yo. Òf sèvis sante mantal yo pa dwe diminye aprè faz ijans lan – kreyasyon sistèm swen dirab yo ap esansyèl.⁴¹⁰



Pandan vizit Septanm 2024 yo a, chèchè Amnisti Entènasyon yo te obsève kòman twalèt nan sit deplasman yo pa t aksesib pou moun andikape yo.
© Amnisti Entènasyon

KONDISYON DEPLASMAN INAPWOPRIYE

Amnisti Entènasyon te obsève yon premye fwa sityasyon defavorab ki genyen sou sit deplasman yo. Pou moun ki gen andikap yo, te gen lòt difikilte adisyonèl ak baryè siyifikatif pou aksesibilite, ke yo te aksantye sou yo nan entèvyou yo avèk timoun andikape yo epi fanmi yo.

Plizyè sit deplasman te enstale nan divès lekòl ak legliz. Divès douzèn moun te anpile nan salklas yo oubyen dòmi anba tapi sou lakou yo, epi se sa yo ki sanse nan pi bon kondisyon yo. Kote moun yo kapab rete andedan kay yo, pifò sal yo pa gen ase espas pou pèmèt tout rezidan yo kouche nan mitan bagay yo te anpile yo. Yon nonm ki gen yon pitit fi 7 ane k ap soufri avèk yon defisyans kwasans ak yon entèlekyèl te deklare te genyen apeprè 50 moun nan ti salklas la kote yo te refijye depi lè yo t ap kouri Kafou-Fèy la an 2023.⁴¹¹

Viv nan yon kan kapab patikilyèman difisil pou moun ki gen andikap entèlekyèl tankou pou moun ki gen maladi sante mantal. Chanjman nan woutin pa yo ak, pou kèk ladan yo, pa konnen ki kote yo afekte konpòtman yo ak kalite lavi yo; epi nan kèk ka, lòt rezidan nan kan yo pa tolere yo.⁴¹² Tifi sèt ane a ki gen twoub kwasans ak defisyans entèlekyèl te konn itilize ofrefwa yon tablèt pou amize li ak pou pase yon bon pati nan tan li; fanmi an te kite li dèyè lè yo t ap kouri epi kounye a li pa gen okenn fason pou amize li. Papa

⁴⁰⁹ Komite sou Dwa Timoun yo, Kòmantè Jeneral 9 (te site deja), para 55.

⁴¹⁰ Sa a se te yon apèl kle ke defansè dwa moun andikape yo ak lòt dwa moun yo te lanse, lè n konsidere enpak alontèm vyolans ak divès kriz sou sante mantal. Pa egzanzp, gade Amnisti Entènasyon. "Yo bliye nou" (te deja site).

⁴¹¹ Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

⁴¹² Gade, pa egzanzp, Amnisti Entènasyon, "Nou tout bezwen diyite" (te deja site), pp 16-17.

li te deklare ke li te vin pi izole akòz de atitud lòt rezidan ki nan antouraj li yo, selon sa papa li te di.⁴¹³ “Sa pa yon lavi nòm... Li diferan kounye a,” selon sa li te di.⁴¹⁴

Plizyè timoun ki gen andikap fizik te di kondisyon dòm yo egzajere doulè yo - lakay yo, yo dòm sou kabann yo, nan kan yo kèk dòm sou dra oubyen matla fen ki pa t ni dirab, ni konfòtab. De tifi ki te deplase ki gen andikap fizik te eksprime detrès patikilye yo genyen konsènan lòt moun k ap pile yo – sa ki lakòz doulè nan zòn ki afekte pa andikap yo – akòz anvivwònman an twò chaje ak moun.⁴¹⁵

Anplis, sit deplasman yo pa aksesib fizikman, sa ki kite plizyè timoun ki andikape depann de lòt yo. Latrin ak enstalasyon lesiv yo pa aksesib, moun yo te kesyone yo te deklare; chèchè Amnisti Entènasyonal te obsève sa tou. Yo dwe souvan pote timoun ki gen andikap fizik yo, yo menm tou dwe trennen nan kondisyon byen sal pou atenn enstalasyon sa yo, oubyen fini san yo pa itilize yo ditou epi depann de resipyan yo plase nan espas y ap viv la, pa egzanp. “Genyen de (2) twalèt [nan kan an]... yo melanje pou gason ak fanm. Li pa fasil pou mwen sèvi ak li... Nan kay mwen an, mwen te kapab ale nan twalèt la pou kont mwen... Nan kan an, manman m kenbe yon bagay akote mwen pou m itilize olye pou yo pote m nan twalèt la,” selon sa yon tigason 13-ane avèk mobilite limite ki te kouri nan Dèlma 18 te di.⁴¹⁶

“Twalèt la yon ti kras lwen tant nou an... Mwen pa kapab sèvi avèk li. Pafwa mwen jis pa ale nan tout... Yon moun dwe ede m nenpòt lè mwen bezwen ale,” te di youn nan tifi 12 ane avèk andikap fizik ki te kouri kite Kafou-Fèy.⁴¹⁷ “Se pa menm jan ak viv lakay mwen... Lè mwen t ap viv lakay, mwen te dòm lanwit,” selon sa li te ajoute.⁴¹⁸ “Mwen te trè rekonesan lè mwen t ap viv lakay mwen.”⁴¹⁹

Kondisyonabri sa yo ak asenisman yo afekte kapasite yo pou pran swen pwòp tèt yo epi konpwomèt otonomi yo, vi prive yo ak diyite natirèl yo. Li afèbli yon seri lòt dwa, ki gen ladan yo dwa a sante e a asenisman, tankou dwa a egalite e a non-diskriminasyon egalman.⁴²⁰

Eta gen yon obligasyon pou garanti ke enstalasyon asenisman yo ap aksesib fizikman.⁴²¹ Chemen ki mennen nan enstalasyon an ta dwe san danje ak pratik pou moun ki gen andikap epi li dwe kenbe yo konsa.⁴²² “Enstalasyon asenisman yo ta dwe fèt nan yon fason ki pèmèt tout itilizatè yo jwenn fizikman aksè nan yo, ki gen ladan l... moun ki gen andikap yo”.⁴²³ Aktè imanité yo gen angajman tou pou garanti divès kondisyon aksesib ak diy pou moun andikape ki deplase yo.⁴²⁴

Gouvènman ak lòt aktè k ap opere nan sit deplasman yo, ki gen ladan yo ajans ak òganizasyon imanité yo, dwe pwoteje tou timoun ki andikape yo kont vyolans seksyèl. Jan sa mansyone nan Chapit 3 a, vyolans seksyèl la se bagay ki komen nan sit deplasman yo; rechèch te montre ke tifi ki gen andikap yo nan yon risk ogmante.⁴²⁵

Yon jan ki pi laj, Wo Komisè Nasyonzi pou Dwa Moun te rekòmande pou Otorite Ayisyen yo “reloje imedyatman tout moun ki deplase andedan peyi yo k ap viv aktyèlman nan kondisyon salte yo nan lokal lekòl yo vè enstalasyon san danje ak apwopriye, an akò avèk nòm entènasyonal yo”.⁴²⁶

⁴¹³ Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

⁴¹⁴ Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

⁴¹⁵ Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

⁴¹⁶ Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

⁴¹⁷ Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

⁴¹⁸ Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

⁴¹⁹ Entèvyou an pèsòn, 26 Septanm 2024, Pòtoprens.

⁴²⁰ Dwa a asenisman – ki pami lòt bagay ki egzije divès enstalasyon ijyenik, aksesib ki garanti vi prive ak diyite – yo te rekonèt yo kòm yo derive nan dwa a yon nòm apwopriye pou viv; donk li enplisiman fè pati ICESCR la. CESCR, Deklarasyon sou Dwa a llyèn, 19 Novanm 2010, UN Doc. E/C.12/2010/1, para. 7. CESCR te deklare dwa a asenisman an egalman “lye entegralman” sou dwa a sante. See, CESCR, Kòmantè Jeneral 14: Dwa a Pi Bon Eta Sante Posib (Atik 12), 11 Out 2000, UN Doc. E/C.12/2000/4, para. 11. Gade tou CRPD, Atik 28; IASC, Direktiv yo: Enklizyon Moun Andikape yo nan Aksyon Imanité, (te deja site), pp. 177-187. Lwa entènasyonal sou dwa moun rekonèt non-diskriminasyon nan kad pwoteksyon tout dwa yo. Gade, pa egzanp, UDHR, Preyanbil ak Atik 2; ICESCR, Atik 2(2); CRPD, Preyanbil, Atik 3, 4, 5, pami lòt referans yo nan konvansyon an.

⁴²¹ CESCR, Kòmantè Jeneral 15: Dwa a Dlo (Atik 11 ak 12), 20 Janvyè 2003, UN Doc. E/C.12/2002/11, paragaf 2, 12(c); CRPD, Atik 28(a).

⁴²² Ekspè Endepandan Nasyonzi sou Pwoblèm Obligasyon Dwa Moun ki Gen Rapò ak Aksè a Dlo pou Bwè San Danje epi Asenisman, Rapò, 1 Jiyè 2009, UN Doc. A/HRC/12/24, paragaf 73 ak 75.

⁴²³ Ekspè Endepandan Nasyonzi sou dlo ak asenisman, Rapò, 1 Jiyè 2009 (te deja site), para. 76.

⁴²⁴ IASC, Direktiv yo: Enklizyon Moun Andikape yo nan Aksyon Imanité, (te deja site), Sphere, Manyèl *Sphere a* (te deja site).

⁴²⁵ Gade, pa egzanp, Amnisti Entènasyonal, *Eskli* (deja site), pp 23-24; Fon pou Popilasyon nan Nasyonzi (UNFPA), “Senk bagay ou pa t konnen sou andikap ak vyolans seksyèl”, 30 Oktòb 2018, <https://tinyurl.com/vzrym92m>; Pwojè Fakiltè Dwa Harvard sou Andikap, “Andikap ak vyolans seksyèl”, 27 Avril 2023, <https://tinyurl.com/8bp2kjjum>

⁴²⁶ Wo Komisè Nasyonzi pou Dwa Moun, Sitiyasyon Dwa Moun An Ayiti, 26 Septanm 2024 (te site avan sa), para. 55(k).

ATAK SOU ANFANS

Vyolans gang san fren nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan ak rejyon ki nan antouraj yo ekivalan ak yon atak de facto sou timoun piti yo. Yon timoun aprè yon lòt te dekri bay Amnisti Entènasyonal kòman chak aspè nan lavi yo te rive afekte. Anplis de lakoz yon detrès ak yon twomatis siyifikatif, vyolans lan te afèbli lòt dwa moun yo, ki gen ladan yo dwa a edikasyon; a devlopman fizik ak mantal; a pwoteksyon kont vyolans, eksplwatasyon, ak abi; e a libète mouvman.

Jan sa mansyone anwo a, pafwa manm gang yo apwoche timoun yo pou rekrute ak itilize yo pandan yo t ap jwe foutbòl oubyen pandan yo t ap viv nan lari. Plizyè timoun te dekri ke manm gang ame yo te rele sou yo epi pouse yo nan pase yo lòd pou yo sispann "fè bri" oswa monte yon bisiklèt, pa egzanp. Konvansyon sou Dwa Timoun (Convention on the Rights of the Child, CRC) konsakre dwa timoun yo a jwèt e a lwazi kòm fondamantal, ki gen ladan yo asire kwasans yo, rezilyans yo ak akonplisman lòt dwa yo genyen.⁴²⁷

Youn nan ti gason yo ki te konn fè acha pou manm gang yo te deklare: "Pafwa lè yo wè m ap jwe foutbòl, yo fè m kanpe jwèt la... Yo di si nou frape yo ak boul la, y ap ba nou kout zam oubyen tire sou nou. Souvan genyen yon teren foutbòl kote nou te konn jwe boul. Kounye yo [gang yo] gen kontwòl li. Yo menm yo konn jwe epi yo pa kite nou jwe boul la [ankò]. Nou jwe sitou nan lari a ak sou yon lòt ti teren."⁴²⁸

Plizyè timoun te dekri bay Amnisti Entènasyonal ke yo temwen manm gang yo asasine plizyè manm kominotè. "Chak jou yo touye moun, yo boule moun, li pa bon pou n viv konsa," youn nan tifi ki te nan yon "relasyon" avèk yon manm gang te di.⁴²⁹ Tankou asasinay yo pa fèt nan kontèks atak sou katye yo, men se prèske tankou yon woutin "pou mete lòd" chak jou. Plis pase yon timoun te di ke yo te temwen manm gang yo ap tire sou ti vòlè bous yo ak lòt moun ki livre yo nan ti deli minè, pa egzanp.

Youn nan manifestasyon ki pi tris nan fason yo vòlè anfans timoun yo se fason vyolans lan te vin nòmalize, prèske swete. Youn nan sivivan vyolans seksyèl ke gang yo te vyole te di: "[Gang yo] toujou, toujou fè move bagay nan Kafou-Fèy. Epi apre sa, yo y ap touye moun. Toujou. Se pa yon nouvo bagay. Yo toujou vyole fanm."⁴³⁰

Gen kèk timoun ke yo te fòse yo patisipe nan zak kriminel jan yo detaye nan Chapit 2 a - deskripsyon yo te bay sou presyon an ak laperèz mete aksan sou anplè detrès ak konfli entèn y ap konwonte nan lavi yo. Youn nan ti gason ki te di li te yon "antèn" te di Amnisti Entènasyonal: "Mwen fè move bagay nan kominote mwen an paske mwen pa jwenn sipò. Imedyatman mwen jwenn sipò pou m pran swen tèt mwen, m ap deside sispann fè sa pou kont mwen, paske sa pa bon... Gen anpil timoun ki nan geto ke lavi yo kapab chanje si yo vini epi pran yo, epi... ba yo edikasyon, yon lòt chwa, yon lòt chans."⁴³¹

Yon lòt tigason yo te itilize pou espionaj, epi te deklare yo te konn plede ba li presyon pou goumen anplis avèk gang la, te dekri kòman gwoup la t ap eseye pran li pou angaje li nan divès zak orib ke li pa t menm ka sipòte. "Yo te asasine moun devan mwen epi te mande mwen pou boule kò yo. Men, mwen pa gen kè a pou sa," li te di.⁴³²

Limit yo sou mouvman timoun yo te evidan nan temwayaj yo te kolekte pa Amnisti Entènasyonal. Anpil timoun te di yo te oblije pase jounen yo andedan kay yo. Pou kèk ladan yo, se pa t sèlman yon pwoblèm ki te afèbli aksè yo genyen a lwazi, men egalman aksè yo genyen a atkivite sibzistans e ak edikasyon.⁴³³ "Lè nou eseye ale lekòl, yo [manm gang yo] kanpe nou epi yo di 'Pa gen okenn lekòl! Tounen lakay ou!' selon sa yon tifi Site Solèy te di."⁴³⁴

⁴²⁷ CRC, Atik 31; Komite sou Dwa Timoun, Kòmantè jeneral 17: Dwa Timoun pou Repoze, Lwazi, Jwe, Aktivite Rekreyatif, Lavi Kiltirèl ak Zèv Atistik (Atik 31), 17 Avril 2013, UN Doc. CRC / C / GC / 17, Seksyon III.

⁴²⁸ Entèvyou an pèsòn, 20 Septanm 2024, Pòtoprens'.

⁴²⁹ Entèvyou an pèsòn, 19 Septanm 2024, Pòtoprens.

⁴³⁰ Entèvyou an pèsòn, 18 Septanm 2024, Pòtoprens.

⁴³¹ Entèvyou an pèsòn, 19 Septanm 2024, Pòtoprens.

⁴³² Entèvyou an pèsòn, 19 Septanm 2024, Pòtoprens.

⁴³³ Vyolans gang lan te deranje aksè a edikasyon pou plis pase 300000 timoun nan zòn gang yo kontwole e te mennen nan fèmti plis pase 900 lekòl nan peyi a, selon Nasyonzini ak Ministè Edikasyon Ayiti a. UNICEF, "Edikasyon plis pase 1 milyon timoun nan risk akòz vyolans ame an Ayiti", 2 Oktòb 2024, <https://tinyurl.com/56prupjz>

⁴³⁴ Entèvyou an pèsòn, 22 Septanm 2024, Pòtoprens.

Tisi kominote yo te vrèman andomaje anpil, ant gang yo ki pataje teritwa ak, moun ki oblije pran pati, epi divès santèn milye moun ki gaye nan diferan direksyon nan chache sekirite. "Zanmi m yo, jwe foutbòl, manje ansanm manke mwen. Nou tout nan diferan kote kounye a, nou pa ka gen sa ankò," selon sa youn nan ti gason ki te kouri nan Kafou-Fèy yo te di.⁴³⁵

Gouvènman ayisyen an, antan ke li fè pati CRC a, gen obligasyon pou "pran tout mezi apwopriye pou ankouraje rekiperasyon fizik ak sikolojik ak reentegrasyon sosyal" timoun ki te soufri "neglijans, eksplwatasyon, oswa abi".⁴³⁶ Selon CRC a, "rekiperasyon ak reentegrasyon an pral fèt nan yon anviwònman ki favorize sante, respè tèt yo, ak diyete timoun yo."⁴³⁷ Kominote entènasyonal la dwe sipòte gouvènman ayisyen an pou akonpli obligasyon sa yo.

Viktim vyolasyon dwa entènasyonal sou dwa moun genyen dwa a yon reparasyon konplè.⁴³⁸ Dwa sa a enplike yon reparasyon adekwat, rapid ak efikas sou fòm konpansasyon, restitasyon, reyadaptasyon, satisfaksyon ak garanti non-repetisyon.⁴³⁹

Reparasyon yo dwe sansib a idantite seksyèl la. Yo dwe konsidere dezekilib pouvw a ki te egziste avan yo epi garanti yon evalyasyon ki ekitab sou domaj ki enflije yo, konsa tou yon aksè egal a reparasyon yo e ak avantaj ki soti nan reparasyon yo. Desizyon sou reparasyon yo ak aplikasyon yo pa ta dwe nonplis ranfòse chema ki te egziste deja nan diskriminasyon ki fonde sou sèks, men pito fòse pou transfome yo.⁴⁴⁰

Jan sa endike anwo a, vyolans gang lan an Ayiti te gen yon enpak pwofon sou aksè timoun yo a lekòl. Gouvènman Ayiti a te kapab ede restore aksè a edikasyon pou viktim vyolans gang yo atravè, pa egzanp, alokasyon divès resous edikatif pou timoun k ap viv nan zòn ki afekte pa vyolans gang yo. Li ta dwe tou, kòm yon fòm reparasyon, konsidere pou bay sipò odela de sa yo te deja oblije bay, tankou aksè ak edikasyon primè gratis, epi ta dwe rekonèt domaj ke sivivan yo soufri akòz vyolans gang yo.⁴⁴¹

Vas majorite timoun yo te kesyone yo te di ke yo ta renmen kontinye ale lekòl. Men kèk nan sa yo te di yo ta renmen devni: yon doktè, yon enfimyè, yon enjenyè agrikòl, yon ofisyè polis, yon avoka, yon kosmetològ, yon dansè pwofesyonèl, yon asistan avyon, yon jounalis, yon antreprenè, yon fabrikant bijou, yon pilòt, yon pwogramè, prezidan. Malgre plizyè abi yo te sibi, plizyè timoun te di ke sa te toujou posib pou lavi yo chanje pou tout bon. Yo te mande pou bagay tankou pou lidè gang yo responsab pou zak yo komèt yo, mete fen nan sikilasyon zam san kontwòl, ak pou yo kapab retounen lekòl epi pou fanmi yo jwenn aksè ak mwajen sibzistans.

Nan pawòl ti gason ki pèdi yon janm lan apre yon tirè a gaj te fin tire sou li. "Istwa sa a pa nan fen lavi mwen. Lavi mwen ka chanje. Mwen swete lavi mwen pral chanje."⁴⁴²

⁴³⁵ Entèvyou an pèsòn, 25 Septanm 2024, Pòtoprens.

⁴³⁶ CRC, Atik 39.

⁴³⁷ CRC, Atik 39.

⁴³⁸ Prensip Fondamantal Nasyonizini sou Dwa a yon Rekou e a Reparasyon pou Viktim Vyolasyon Flagrant Dwa Entènasyonal Dwa Moun ak Vyolasyon Grav Dwa Entènasyonal Imanitè, adopte 16 Desanm 2005, Prensip 7 (b). Sa ap aplikab egalman nan kontèks aksyon ke moun oubyen antite prive yo komèt. Gade, pa egzanp, Komite Nasyonizini sou Dwa Sivil ak Politik (CCPR), Kòmantè Jeneral 31: Nati Obligasyon Jiridik Jeneral ki Enpoze a Leta ki fè Pati Pakt sa, 26 Me 2004, UN Doc. CCPR/C/21/Rev.1/Add. 13, para. 8.

⁴³⁹ Pou prensip jeneral la, gade Tribinal Jistis Entènasyonal (International Court of Justice, ICJ), Faktori nan Chorzów (Reklamasyon pou Endamnite), 26 Jiyè 1927, <https://tinyurl.com/38hxxkkm>; Komisyon Dwa Entènasyonal, Pwojè Atik sou Responsabilite Leta yo pou Movè Zak Entènasyonal yo, 2001, Atik 1. Pou plis detay sou prensip dwa entènasyonal yo ki soutni kad legal reparasyon yo, gade Octavio Amezcua-Noriega, University of Essex, "Prensip reparasyon selon dwa entènasyonal ak aplikasyon posib yo pa Lakou Penal Entènasyonal la: Kèk refleksyon", Out 2011, <https://tinyurl.com/mwemd24p>

⁴⁴⁰ Gade, pa egzanp, Deklarasyon Nairobi sou Dwa Fanm ak Tifi gen yon Rekou ak Reparasyon, Mas 2007, <https://tinyurl.com/4upxuv3>; Rapòtè Espesyal Nasyonizini sou vyolans kont fanm yo, koz li yo ak konsekans li yo, Rapò, 28 Me 2014, UN Doc. A/HRC/26/38; UNSG, Nòt Oryantasyon: Reparasyon pou vyolans seksyèl ki gen rapò ak konfli, Jen 2014, <https://tinyurl.com/yjkwvxzm>; CEDAW, Rekòmandasyon Jeneral 30: Fanm yo nan prevansyon konfli, sityasyon konfli ak pòs-konfli, 18 Oktòb 2013, CEDAW/C/GC/30; FAO ak lòt yo, *Manyèl sou restitasyon lojman ak pwopriyete pou refijye ak moun ki deplase yo*, Mas 2007, <https://tinyurl.com/mwux3dh3>

⁴⁴¹ Gade, pa egzanp, Global Survivor's Fund, *Edikasyon kòm Reparasyon pou Vyolans Seksyèl ki Gen Rapò ak Konfli epi Lòt Vyolasyon Dwa Moun Grav yo*, Janvye 2023, <https://tinyurl.com/3twrumm8>, para. 8-9.

⁴⁴² Entèvyou an pèsòn, 22 Septanm 2024, Pòtoprens.

6. KONKLIZYON AK REKOMANDASYON

Vyolans san rete pa gang ame yo an Ayiti te lakoz domaj enkalkilab sou timoun yo. Abi sou dwa moun ke gang yo ap komèt posib sèlman akòz de ensekirite san kontwòl la, enpinite jeneralize ak mank aksè a byen premye nesosite yo tankou manje. Se responsablite leta a pou kreye yon anviwònman san danje kote timoun yo kapab viv, epi grandi tankou sitwayen ki kapab angaje yo pozitivman nan kominote yo a.

Gouvènman Ayiti a dwe angaje piblikman ak avèk fèmte pou pwoteje dwa moun timoun yo epi mete fen nan sik enpinite a. An patenarya avèk donatè yo ak lòt aktè pwoteksyon timoun yo, gouvènman an ta dwe elabore yon fèydwout ak yon plan konplè sou pwoteksyon timoun, ke prensip enterè siperyè timoun ap gide, pou reponn ak abi e ak vyolasyon ankou yo. Pou relve defi konsiderab sa yo, yon angajman dirab ak kowòdone kominote entènasyonal la ap endispansab.

Yon pwosesis efikas dezameman, demobilizasyon ak reentegrasyon timoun yo ap esansyèl. Tout yon nouvell jenerasyon manm gang aktyèlman ap fòm nan ran douzèn gang k ap opere nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan ak anviwon li yo. Asire reyabilitasyon ak reentegrasyon timoun ki asosye avèk gang yo dwe yon priyorite absolwi. Pami plizyè fòm sipò, sa rekòmande yon asistans imedya nan men donatè pou devlopman sèvis yo, enfrastrikti epi pwogram edikasyon ak sibzistans alontèm. Yo dwe konsilte kominote yo epi patisipasyon siyifikatif yo nan konsepsyon ak egzekisyon yo dwe plase nan sant tout pwosesis ki vize gerizon nasyonal la.

Ranfòse kapasite Polis Nasyonal Ayisyen an se yon nesosite pou ede retabli sekirite ak pou asire divès fonksyon politik respektive nan dwa moun ki nesese pou objektif responsabilizasyon. Pwoteksyon timoun yo egzije tou kontwòl efikas zam yo pou arete fliks enòm kantite zam k ap sikile an Ayiti yo. Peyi vwazen ak rejyonal yo dwe redouble efò pou garanti sa a. Anplis de sa, tout peyi yo dwe sispann fòse ranvwaye Ayisyen yo nan peyi a toutotan vyolans gang lan ap kontinye ap fè divès ravaj nan kominote yo epi afebli dwa moun chak jou.

Sivivan vyolans seksyèl yo – ki te vin pratikman andemik nan pwèn sa a – bezwen soutyen dezespereman. Pou retabli diyite a ak lòt dwa tifi ke yo te atake britalman yo, yo dwe priyoreze sèvis espesyalize yo ak mezi jistis efikas yo.

Nan yon sans pi laj, goumen kont enpinite a se baz tout refòm swete epi li esansyèl pou gouvènman kapab ranpli obligasyon li yo nan kesyon defans dwa timoun yo e ak popilasyon an anjeneral. Gen divès etap ke gouvènman ayisyen an ak patnè entènasyonal li yo kapab pran akoutèm, akselere kreyasyon divès chanm jidisyè espesyalize ki pral gen responsablite pou pouswiv vyolasyon grav dwa moun ak koripsyon.

Kominote entènasyonal la pa kapab kontinye fè pwomès anèl epi eksprime enkyetid yo sou sitiyasyon an Ayiti a. Peyi a bezwen asistans teknik ak finansyè imedya ak dirab pou sove yon jenerasyon ti gason ak tifi ki sou wout pèdi nan divès sik vyolans gang repete, espesyalman toutotan gang yo ap kontinye konsolide teritwa ak pouwa.

REKOMANDASYON YO

OTORITE AYISYEN YO

SOU JISTIS AK RESPONSABLITE

- Asire ke manm gang yo, an patikilye lidè yo, tankou tou manm polis ak gwoup "oto-defans" yo, abi ak vyolasyon dwa moun ki grav yo sispèk yo, ki gen ladan yo kont timoun oubyen ki afekte timoun yo, yo dwe mennen ankèt sou yo. Kote ki gen ase prèv admisib yo, asire ke yo pouswiv yo nan divès pwosè ekitab. Kote ki apwopriye, moun ki responsab pou rekrite ak itilize timoun nan gang yo ta dwe responsab, ki gen ladan yo atravè divès pouswit daprè Lwa Ayisyèn Kont Trafik Moun.
- Asire ke sivivan yo ak temwen yo ka temwaye nan kad tout ankèt oubyen pwosè sou vyolasyon ak abi manm gang yo, polis la ak gwoup "oto-defans" yo ap komèt san krent reprezay, ki gen ladan yo nan chèche asistans entènasyonal pou bay lojman an sekirite, pwogram pwoteksyon ak divès lòt mezi ki nesèsè. Mezi espesyal yo ta dwe pran pou sivivan vyolans seksyèl yo ak timoun yo.
- Priyoreze kreyasyon divès chanm jidisyèl espesyal pou mennen ankèt ak pouswiv vyolasyon ak abi grav yo, ki gen ladan yo kont timoun, an patikilye pou vyolans seksyèl ak itilizasyon timoun pou rezon kriminèl, yon jan konfòm ak pwotokòl ki siyen ant otorite jidisyèl Ayisyen yo ak Nasyonzini. Pou ka ki enplike timoun ki se otè vyolans yo, sistèm jistis pou minè Ayisyen an ta dwe konsève konpetans prensipal li oubyen pouswit yo ta dwe mennen pa pèsonèl sivil ki pran fòmasyon nan pwosedi ki adapte pou timoun, yon jan konfòm ak nòm entènasyonal jistis pou minè yo;
- Asire ke òganism jidisyèl sa yo gen pèsonèl pwofesyonèl ki resevwa fòmasyon pwofesyonèl espesyal pou asiste viktim krim sa yo ak pou yo swiv pwosedi ki santrè sou viktim yo ak enfòmè sou twomatis. Nan yon sans pi laj, asire disponiblite yon pèsonèl jidisyèl sifizan epi ki pran fòmasyon ansanm ak prezans resous ak ekspètiz pou kolekte ak prezève prèv lè n konsidere kontèks vyolans aktyèl la ak risk elve ke prèv sa kapab rive pèdi;
- Elabore yon fèydeyout espesifik pou garanti yon sistèm jidisyèl endepandan ak efikas, ki gen ladan l ranfòse *Conseil Supérieur du Pouvoir Judiciaire* (CSPJ), k ap sipèvizè pèfòmans jidisyèl a epi ki gen responsabilite pou li amelyore fonksyonman li;
- Ranfòse kapasite Polis Nasyonal Ayisyen an, ki gen ladan l chache sipò teknik ak finansyèl nan men donatè yo, pou garanti ke yo egzekite devwa yo nan etabli lòd nesèsè oubyen etabli sekirite ak establi, nan respè nòm entènasyonal dwa moun yo, konsa tou pou divès fonksyon polis esansyèl ki se yon kondisyon preyalab pou pwosedi jidisyèl ak pwosedi responsabilizasyon efikas;

SOU MEKANIS PWOTEKSYON TIMOUN YO

- Priyoreze kreyasyon yon fèydeyout ak yon plan konplè pou pwoteksyon timoun, tankou nan chache aktivman asistans teknik ak finansyèl nan men donatè ak ajans entènasyonal yo, ak nan men peyi ki gen eksperyans nan konbat vyolans gang ak gwoup "oto-defans" yo, tankou sa yo ki gen eksperyans nan pwogram dezameman, demobilizasyon ak reentegrasyon (DDR) ki vize timoun yo;
- Alwe ak ogmante fon pou antite pwoteksyon timoun yo, ki gen ladan yo Enstiti Byennèt Sosyal ak Rechèch, oubyen IBESR, ak Brigad Polis Nasyonal Ayiti pou Pwoteksyon Minè (BPM) pou garanti ke manda yo aplike ak ranfòse yon jan efikas;
- Asire ke Polis Nasyonal Ayisyen an ak Misyon Sipò Sekirite Miltinasyonal (MSS) la aplike avèk efikasite pwotokòl ki siyen avèk Nasyonzini pou transfè ak swen timoun ki asosye avèk gang ame yo rankontre pandan operasyon sekirite yo bay aktè sivil pwoteksyon timoun yo. Li esansyèl pou elabore yon kad operasyonèl pou soutni aplikasyon pwotokòl la;
- Dokimante yon jan endepandan epi pèmèt ak soutni kondisyon pou Nasyonzini ak patnè li yo siveye avèk efikasite "vyolasyon grav" yo kont timoun jan yo idantifye nan rapò Sekretè Jeneral Nasyonzini an sou timoun ak konfli ame;
- Asire ke plan ak mezi pwoteksyon timoun yo pran an kont dwa ak bezwen timoun deplase yo, ki gen ladan yo timoun ki andikape yo, lè n konsidere ogmantasyon risk y ap fè fas ak yo nan deplasman an;

SOU AKSE A SEVIS POU TIMOUN KI AFEKTE YO

- Retabli aksè a edikasyon pou timoun ki nan zòn ki afekte pa vyolans gang ki gen ladan yo nan priyorize reyabilitasyon lekòl ki andomaje yo, nan kreye divès espas edikatif pou konpanse sa ki deja okipe pa moun ki deplase yo, nan eksplòre divès opsyon pou aprantisaj adistans, ak nan elaji divès resous edikatif nan kominote ki akeyi moun ki deplase yo;
- Founi sèvis transpò san danje ak abòdab pou ale nan lekòl yo pou elèv yo ak pwofesè ki nan kominote ki afekte pa vyolans lan epi garanti ke sèvis yo ekilibre ant sèks yo epi aksesib ak timoun andikape yo;
- Priyorize sipò pou sante mantal ak sikososyal, ki gen ladan l'investi sifizamman ak pwogresivman, avèk asistans nan men donatè yo, nan sipò sikososyal ki adapte pou reponn ak risk e ak bezwen espesifik tout timoun yo sou yon baz egalite. Sa gen ladan l'egzije divès alokasyon espesifik pou sèvis sante mantal yo nan men donatè yo nan kontribiye a divès pwogram sante ak lòt pwogram devlopman. Ekspè yo rekòmande yon alokasyon minimòm 5% nan bidjè sante leta a nan kontèks sa yo;

SOU TIMOUN KI NAN DETANSYON YO

- Priyorize repriz aktivite nan Tribinal pou Minè Pòtoprens yo ak fonksyonman efikas sistèm jistis pou timoun yo, ki gen ladan l'garanti disponiblite jij enstriksyon yo pou trete ka yo. Asire ke malgre enkapasite tribinal la pou opere nan katye jeneral aktyèl li a pou pwosedi mobil yo reprann nan kreye divès espas san danje ak prive pou pwosedi yo;
- Remèt timoun swivan yo ki soti nan Sant Re-edikasyon Minè an Konfli avèk Lalwa, oubyen CERMICOL, bay aktè sivil pwoteksyon timoun yo pou reentegrasyon:
 - Tout timoun yo te arete pou yon peryòd sis mwa san enkilpasyon;
 - Tout timoun ki te asosye avèk gang yo epi ki pa te enplike nan yon krim vyolans, yon jan konfòm ak pwotokòl remiz;
 - Tout timoun ki poko gen 14 an, laj minimòm responsablite kriminèl rekòmande pa Komite a sou Dwa Timoun yo.
- Asire ke tout timoun ki rete nan CERMICOL se sa ke yo sispèk rezonableman te komèt yon enfraksyon ke yo rekonèt nan nivo entènasyonal epi ki enkilpe nan espas sis mwa aprè dat yo te premye arete li a. Jij yo ta dwe rann kont de tan yo te deja pase nan CERMICOL lè y ap kondane timoun yo, an akò avèk lalwa. Selon Kòd Penal Ayisyen an, timoun ant laj 13 ak 16 ane ke yo jwenn ki te komèt yon krim ta dwe plase nan divès pwogram dejidisyarizasyon, ki bay yon altènativ pou sèvi kòm yon kondanasyon nan sistèm jistis fòmèl la.
- Pran imedyatman divès mezi pou amelyore kondisyon detansyon yo nan CERMICOL, ki gen ladan l'aksede a sèvis alimantè ak edikatif yo epi veye pou operasyon yo konfòm avèk nòm ak estanda entènasyonal yo, tankou nan sa ki konsène separasyon timoun yo ak adilt yo;

SOU PREVANSYON, REYADAPTASYON AK REENTEGRASYON

- Investi nan divès mezi prevansyon pou anpeche rekritman ak itilizasyon timoun yo nan gang ame yo, ki gen ladan yo entwodwi divès pwogram kominotè ki ofri timoun yo ak fanmi yo divès altènativ vyab. Pwogram sa yo ta dwe gen ladan l'fòmasyon edikatif ak pwofesyonèl tou, an patikilye pou timoun ki pi gran ki pa ale lekòl yo, opòtinite travay san danje;
- Angaje kominote ke vyolans gang lan afekte yo yon jan prekòs ak sibstansyèl avan yo konsewa divès plan ak pwogram reentegrasyon. Konsidere kreyasyon yon komisyon rekonsilyasyon epi kòmpanse pran divès mezi ijan pou sansibilize kominote lokal yo sou bezwen pou trete timoun ki asosye avèk gang yo antan ke viktim avan tou ak sou nati ilegal zak *Bwa Kale* yo;
- Rekonèt ke angajman aktif kominote a ap esansyèl ak pran tan, paske li bezwen gen ladan l'tout kominote yo, ki gen ladan yo sa yo ki deplase ak sa yo ki nan kominote akèy yo. Yo dwe chache aktivman pwennvi timoun yo epi angajman ta dwe enklizif nan kesyon idantite seksyèl;
- Pran mezi imedyat ak efikas pou kreye yon plan konplè, dirab ak sansib a idantite seksyèl pou dezamman, demobilizasyon ak reentegrasyon (DDR) timoun yo, ki gen ladan yo timoun ki pa aktivman angaje nan batay. Plan an ta dwe chèche asistans Biwo Wo Komisè Nasyonziini pou Dwa Moun ak ekspè yo rekonèt nan domèn lan. Veye ke tout pwogram DDR gen ladan l'pa sèlman gang yo men tou lòt ki gen zam nan men yo tankou gwoup "oto-defans" yo;

- Veye pou konsilte reprezantan yo ki soti nan sosyete sivil la nan elabore tout plan DDR epi, ansanm avèk medya yo, pou yo jwenn aksè pou fè enspeksyon ak sipèvize pwosesis DDR la epi enfòme regilyèman piblik la sou pwogrè li, pandan y ap kenbe sekirite ak vi prive timoun yo nan pwogram nan;
- Elabore divès entèkansyon sibler pou soutni timoun ki pa akonpaye yo ak timoun k ap viv nan lari ki nan zòn a risk yo;
- Devlope yon plan reparasyon pou timoun ki afekte yo an konsiltasyon avèk sosyete sivil la ak kominote ki afekte yo. Chèche ak aplike konsèy ekspè yo pou maksimize enpak reparasyon yo sou alafwa tifi yo ak tigason yo tankou pou konsewa ak distribiye reparasyon yo nan yon fason ki aksesib, ki gen ladan yo timoun ki andikape yo. Founi divès opòtinite edikatif, pwofesyonèl ak lòt opòtinite aprantisaj kòm yon fòm reparasyon. Sipò sa a ta dwe ale pi lwen pase sa gouvènman an deja oblije bay;

SOU SIVIVAN VYOLANS SEKSYÈL YO

- Konsewa yon apwòch pwoteksyon entegre, santre sou sivivan vyolans seksyèl yo, ki gen ladan yo bay yon soutyen jiridik ak sanite konplè sou yon baz egalite. Sa gen ladan l travay avèk donatè yo pou asire disponiblite, aksesibilite, ak kalite swen medikal ak sikosyal pou sivivan vyolans seksyèl yo, tankou nan sipòte ONG ki bay sipò sa a ak asire li rive jwenn sivivan ki nan sit deplasman yo ak sivivan ki gen andikap yo;
- Garanti disponiblite ak aksesibilite sèvis konplè aprè vyòl yo, tankou kontraseptif, tretman pwofilaktik pou anpeche enfeksyon seksyèlman transmisib, tretman VIH, avòtman san danje ak swen pòs-avòtman, bon jan kalite swen prenatal espesyalize pou timoun ak pou sivivan vyolans seksyèl yo, epi bon jan kalite swen obstetrik san danje, ki gen ladan l swen ijans;
- Garanti ke polis nasyonal la ak MSS pran divès mezi pou garanti konsiderasyon ak respè pou bezwen patikilye tifi ak fanm yo nan sitiyoasyon aktyèl Ayiti a. Pèsonèl la ta dwe respekte dwa ineran ak diyite tifi ak fanm yo toutan epi tout ekip dwa moun yo ta dwe gen ladan yo ekspè nan zòn vyolans kont fanm yo, ki gen ladan l vyòl ak abi seksyèl;
- An kolaborasyon avèk patnè entènasyonal yo ak sosyete sivil ayisyen an, devlope divès kanpay sansibilizasyon pou lite kont estigmatizasyon sou sivivan vyolans seksyèl yo, ki gen ladan l tifi gang ame yo eksplwate pou rezon seksyèl. Sa gen ladan l tou founi yon fòmasyon sou sansibilizasyon pou aktè ak lidè kominote yo nan zòn kote aktivite gang yo ap domine oubyen pou retabli soti ladan yo;
- Veye pou aktè imanite yo, ki gen ladan yo ajans Nasyonziini ak gwoup sosyete sivil yo angaje nan repons pou vyolans baze sou sèks, kowòdone repons yo ak entèkansyon yo pou sivivan vyolans seksyèl yo, tankou pataje yon katografi aktyalize pou sèvis yo nan zòn ki touche pa gang yo;
- Chache asistans nan men Biwo Reprezantan Espesyal Sekretè Jeneral sou Vyolans Seksyèl nan Peryòd Konfli pou anpeche ak reponn avèk efikasite a vyolans seksyèl, ak pou ranfòse sektè jistis la pou reponn ak vyolans seksyèl yon jan konfòm avèk nòm, estanda ak prensip entènasyonal yo;
- Egzamine si vyolans seksyèl ki gen rapò ak gang an Ayiti reponn ak kritè selon Eitati Wòm Lakou Penal Entènasyonal (International Criminal Court, ICC) pou detèmine si li konstitiye yon krim kont imanite;
- Reponn favorableman a demann vizit ki soti nan Gwoup Travay sou Diskriminasyon Kont Fanm ak Tifi pami lòt yo epi adrese yon envitasyon pou Rapòtè Espesyal sou Trafik Moun, Espesyalman Fanm ak Tifi yo, pou vizite Ayiti pou mennen envestigasyon sou sitiyoasyon viktim trafik moun yo, tankou fanm ak tifi ki se sivivan vyolans gang yo;

SOU DWA ANDIKAPE YO

- Veye pou dwa timoun andikape yo respekte, pwoteje ak reyalize epi pou yo pa rete sèlman yon refleksyon nan repons imanite ak devlopman yo. Veye pou pwogram asistans yo k ap aplike pa patnè entènasyonal yo vin enklizif ak san diskriminasyon pou moun andikape yo;
- Veye pou swen sante pou timoun andikape yo vin gen kalite egal epi disponib ak aksesib pou yo sou yon baz ekita, ki gen ladan yo aksè a sèvis espesyalis yo, aparèy ak teknoloji asistans yo epi sèvis sante mantal yo;
- Asire ke timoun ki deplase yo jwenn aksè a enstalasyon sanite yo, sèvis swen sante ak lekòl ki aksesib fizikman;

- Asire ke founiti enfòmasyon sou mezi sekirite ak operasyon ki an relasyon a vyolans gang yo rive aksesib pou moun ki andikape yo;
- Asire ke moun andikape yo ak òganizasyon pa yo fè pati elaborasyon tout pwogram ak plan pwoteksyon epi reentegrasyon timoun yo;

SOU PWOLIFERASYON ZAM YO

- Aplike dispozisyon ki etabli nan Pwogram Aksyon Nasyonzini pou Anpeche, Konbat ak Eradike Komès Ilegal nan Zam Lejè ak Ti Kalib nan Tout Aspè li yo (Pwogram Aksyon An), Enstriman Entènasyonal ki Vize Pèmèt Eta yo Idantifye ak Trase, nan yon Fason Apwopriye ak Fyab, Zam Lejè ak Ti Kalib Ilegal yo (Enstriman Trasaj Entènasyonal), Pwotokòl Ki Lye ak Zamafe nan Konvansyon Nasyonzini Kont Kriminlite Transnasyonal Òganize, epi nòm konèks sou zam lejè ak ti kalib yo;
- Veye pou sekirize estòk ak rezèv zam yo nan aplike divès nòm avèk solid nan kesyon makaj, anrejistreman, otorizasyon ak distribisyon zam ak minisyon; devlope divès mezi pou kolèk ak destriksyon zam ilegal yo nan men gang ame yo ak lòt itilizatè final ki pa otorize; epi pran divès mezi pou konbat koripsyon ak komès ilegal ak detounman zam ak minisyon andedan fòs militè ak polis la;
- Kontinye travay avèk patnè rejyonal yo pou bloke debòdman kontrebann zam an Ayiti, ki gen ladan yo chache asistans teknik ak finansyè nan nivo entènasyonal pou amelyore kontwòl dwàn ak fwontyè yo epi aplikasyon divès sistèm sètifikasyon pou itilizatè final yo;

SOU REFÒM JIRIDIK YO

- Ogmante laj minimòm responsablite kriminèl soti nan 13 rive pou pi piti 14 ane, yon jan konfòm avèk rekòmandasyon Komite a sou Dwa Timoun yo. Elabore yon kòd jistis pou timoun yo;
- Akselere refòm Kòd Penal la, ki gen ladan l dispozisyon ki legalize aksè a avòtman sekirize e ak swen aprè avòtman, ki gen ladan l pou sivivan vyòl yo, an konfòm avèk Kòmantè Jeneral 20 Komite sou Dwa Timoun yo sou aplikasyon dwa timoun yo pandan adolesans (2016). Entegre pwoteksyon kont vyolans baze sou sèks, ki gen ladan l kont timoun, nan Kòd Penal revize a epi ranfòse dispozisyon ki te prezante vyolans seksyèl kòm yon krim nan Kòd Penal la pa dekrè an 2005 nan lide pou mete yo an konfòm avèk dwa entènasyonal ak pou pèmèt pouswit efikas;
- Ratifye Pwotokòl Fakiltatif pou Konvansyon sou Dwa Timoun, konsènan enplikasyon timoun yo nan konfli ame (Optional Protocol to the Convention on the Rights of the Child, OPAC);
- Ratifye Trete sou Komès Zam, ki etabli divès nòm komen pou transfè entènasyonal zam klasik yo;
- Ratifye rapidman Estati Wòm ICC a, ki te siyen 26 Fevriye 1999;
- Konsidere enskri dispozisyon Estati Wòm ICC a nan dwa nasyonal la pou pèmèt pou yo pouswiv krim yo selon dwa entènasyonal, tankou vyolans seksyèl, nan tribinal nasyonal Ayiti yo.

POU GANG AME YO

- Denonse imedyatman epi sispann itilizasyon ak rekritman timoun yo, epi kanpe tout vyolans seksyèl, ki gen ladan l kont timoun, ak lòt krim toupatou kont ti gason ak tifi yo. Nan yon sans ki pi laj, sispann komèt lòt abi kont kominote yo, ki gen ladan yo asasinay yo, entimidasyon ak atak sou lekòl yo ak lopital yo;
- Angaje yon pwosesis demobilizasyon ak reentegrasyon avèk gouvènman an pou asire yon konfòm avèk dwa nasyonal e règ dwa entènasyonal nan kesyon dwa moun, ki gen ladan yo sa ki akòde yon pwoteksyon espesyal pou timoun yo.

POU MISION MILTINASYONAL SIPO POU SEKIRITE A (MSS)

- Asire pwosedi operasyon estanda yo gen ladan yo yon direktiv pou pèsònèl konsène a pou aplike pwotokòl transfè ki siyen ant gouvènman an ak Nasyonzini sou transfè ak swen timoun ki asosye avèk gang ame yo e ke yo rankontre pandan operasyon sekirite yo bay aktè sivil nan zafè pwoteksyon timoun yo;
- Asire transparans avèk sosyete sivil Ayisyen an ak lòt obsèvatè nan kesyon dwa moun yo sou estrateji ak mekanis an plas pou pwoteksyon timoun ak prevansyon vyolans seksyèl ak baze sou

idantite seksyèl, konsa tou sou garanti jeneral sou dwa moun yo ak mekanis pou siveye ak ankete sou akizasyon abi yo ak pou depoze plent;

- Veye pou tout pèsonèl ki deplwaye yo resevwa yon fòmasyon solid sou pwoteksyon timoun ak prevansyon eksplwatasyon ak abi seksyèl an konfòmite avèk estanda entènasyonal yo. Rann piblik pwogram fòmasyon ak modil sou dwa moun ki founi a moun ki deplwaye sa yo;
- Veye pou pèsonèl la siyale atravè divès kanal klè ak apwopriye tout vyolasyon dwa moun ak tout abi ke yo kapab temwen oubyen akizasyon grav ke yo resevwa konsènan pwòp kondwit yo;
- Pou garanti efikasite ak kredibilite MSS la, veye pou divès rapò piblik konplè sou aktivite ak konklizyon fòs yo, ki gen ladan yo nan kesyon pwoteksyon timoun, ki ta dwe pibliye regilyèman ak difize nan echèl nasyonal ak entènasyonal;
- Veye pou pèsonèl MSS la pran an kont epi respekte bezwen patikilye tifi yo nan sitiyo aktyèl Ayiti a, ak pou yo respekte dwa ineran ak diyite tifi yo ak fanm yo toutan. Tout ekip defans dwa moun nan mitan lapolis ta dwe gen ladan l divès ekspè nan domèn vyolans seksyèl.

POU ETA AK OGANIS DONATE YO

- Asire founiti yon sipò ijan ak alontèm pou gouvènman Ayisyen an devlope yon fèydeyout ak yon plan konplè sou pwoteksyon timoun, gide pa prensip pi bon enterè timoun lan, pou reponn ak abi e ak vyolasyon ankou yo;
- Ogmante yon jan siyifikatif ak imedyas asistans teknik ak finansyè ak diferan branch gouvènman Ayiti a, ki gen ladan yo nan sipòte Plan Repons Imanitè Nasyonzini ki mal finanse ak nan soutni divès pwogram konplè reparasyon ak reyadaptasyon ak reentegrasyon. Veye pou angajman yo rive respekte ak pou tout soutyen vin sansib a idantite seksyèl;
- Pou garanti respè alontèm dwa moun yo, sipòte otorite Ayisyen yo nan devlope yon fèydeyout espesifik pou garanti yon sistèm jidisyè endepandan ak efikas, ki gen ladan l ranfòse Konsèy Siperyè Jidisyè a;
- Soutni kreyasyon nouvo klinik sante mobil epi ranfòse sa ki deja egziste yo ansanm ak sèvis swen pou viktim vyolans gang yo nan zòn ki difisil pou jwenn aksè yo ak sit deplasman yo, ki gen ladan yo pou sivivan vyolans seksyèl yo;
- Asire enklizyon timoun andikape nan nenpòt repons ijans epi pou yo pa kite yo dèyè nan pwogram devlopman yo;
- Asire priyozasyon sipò pou sante mantal ak sikososyal lè n konsidere anplè ekspozisyon twomatik repete ke timoun yo ap sibi an Ayiti ak efè alontèm ke sa pral genyen. Asire kreyasyon divès sistèm swen dirab ak nan soutni ranfòsman sistèm yo an Ayiti;
- Asire patisipasyon siyifikatif sosyete sivil ayisyen an nan elaborasyon ak aplikasyon pwogram asistans yo.

POU NASYONZINI, ONG AK LOT AKTE PWOTEKSYON TIMOUN YO

- Mobilize ak kowòdone sipò teknik ak lòt sipò pou gouvènman Ayisyen an pou elabore ak aplike yon fèydeyout ak yon plan konplè pou pwoteksyon timoun ki gen ladan yo pwogram ki vize dekouraje rekritman ak itilizasyon timoun yo nan gang ame yo, ki gen ladan yo bay sipò pou pwogram sibzistans yo; nan retabli aksè a edikasyon; nan pwogram dezameman, demobilizasyon ak reentegrasyon ki sible timoun yo; nan amelyore aksè a soutyen sikososyal; ak nan rann kont pou grav abi ak vyolasyon ki komèt kont timoun yo.

POU KOMINOTE KARAYIBEYEN AN (CARICOM) AK ÒGANIZASYON ETA AMERIKEN YO (OEA)

- Bay sipò alontèm ak konplè pou gouvènman Ayiti a pou asire li satisfè obligasyon li yo nan kesyon etabli sekirite ak dwa moun yo;

- Asire ke tout mezi imigrasyon Eta manm yo konfòm yo ak dwa entènasyonal nan kesyon dwa moun, tankou ak prensip non refoulman yo. Yo dwe konsidere Ayisyen ki deplase nan rejyon kòm refijye selon definisyon Deklarasyon Cartagena a epi yo ta dwe jwi estati refijye prima facie;
- Asire ke eta manm yo, patikilyèman Repiblik Dominikèn ak Etazini, sispann kouri dèyè pa fòs ak depòte Ayisyen yo lè n konsidere vyolans pèsistan gang yo ak vyolasyon grav dwa moun ki asosye ak aktivite gang yo an Ayiti;
- Ranfòse mezi pou konbat trafik zam ak minisyon ilegal bay gang yo an Ayiti, ki gen ladan l aplikasyon konplè rejim sanksyon Nasyonzini pa Etazini, menm jan tou Konvansyon Entè-Ameriken kont Fabrikasyon Ilegal ak Trafik Zamafe, Minisyon, Eksplozif ak Lòt Materyèl ki Gen Rapò (CIFTA) epi Trete sou Komès Zam yo, pou sa yo ki se yon Eta pati.

POU KONSÈY SEKIRITE NASYONZINI

- Mete ajou lis moun ak antite ki deziyen kòm anba sanksyon sible pou enkli lidè sa yo ki pi enplike nan responsablite pou vyolasyon grav dwa moun, ki gen ladan yo vyolans seksyèl ak rekritman ak itilizasyon timoun yo, nan lidè pou reflekte ansanm vyolasyon ki komèt kont timoun an Ayiti yo;
- Veye pou tout konsiderasyon ki konsène Misyon Miltinasyonal Sipò Sekirite a (MSS) oubyen lòt efò estabilizasyon ki enplike divès konsiltasyon siyifikatif avèk sosyete sivil Ayisyen an;
- Konsidere konklizyon ak rekòmandasyon Biwo Wo Komisè pou Dwa Moun lan (OHCHR) ak ekspè ki deziyen sou sitiyasyon dwa moun Ayiti a, William O'Neil, nan desizyon konsèy la ap pran yo. Envite Wo Komisè a ak/oubyen ekspè ki deziyen an pou enfòme konsèy la sou sitiyasyon an Ayiti a.

POU REPREZANTAN ESPEYAL SEKRETE JENERAL NASYONZINI POU TIMOUN AK KONFLI AME

- Fè yon vizit an Ayiti pou sansibilize sou enpak vyolans gang yo sou timoun yo, pou mobilize divès resous pou soutni sivivan yo, ak pou ankouraje yon fòmasyon peryodik pou Polis Nasyonal Ayisyen an ak MSS sou pwoteksyon timoun. Enfòme Konsèy Sekirite Nasyonzini sou konsta ak konklizyon vizit yo;
- Nan swiv lis gang ame yo an Ayiti nan rapò Sekretè Jeneral 2024 la sou vyolans seksyèl ki gen rapò ak konfli, sanksyon yo pran kont sèten lidè gang ame yo pa Komite Sanksyon ki konsène Ayiti yo, nan konklizyon 2024 nan rapò Panèl Ekspè yo, ak konklizyon rapò sa a, ankouraje Nasyonzini an Ayiti pou envestige plis pou pi piti gang ame G9, Gran Ravin, 5 Segonn, Kraze Baryè, ak 400 Mawozo pou vyòl ak vyolans seksyèl epi Kraze Baryè, Bwouklin, Gran Ravin, Ti Bwa, 5 Segonn, 103 Zonbi, 400 Mawozo ak Belekou pou rekritman ak itilizasyon timoun yo, pou detèmine si yo ta dwe rekòmande enskripsyon yo nan anèks rapò Sekretè Jeneral la sou timoun ak konfli ame.

POU REPREZANTAN ESPEYAL SEKRETÈ JENERAL NASYONZINI POU VYOLANS SEKSYÈL NAN PERYÒD KONFLI

- Ogmante angajman biwo a avèk otorite Ayisyen yo ak sou sitiyasyon an Ayiti a, epi kontinye ankouraje piblikman dwa ak bezwen sivivan vyolans seksyèl yo, ki gen ladan l andedan sistèm Nasyonzini an;
- Avèk Ekip Ekspè sou Règ Lalwa ak Vyolans Seksyèl an Konfli, founi yon ekspètiz teknik pou soutni otorite jidisyèl konpetan yo pou garanti responsablite pou otè vyolans seksyèl yo, ki gen ladan yo manm gang yo, an konfòm avèk nòm entènasyonal yo. Asire yon repons santre sou sivivan yo epi ki pran an kont twomatis, an kolaborasyon avèk sosyete sivil la; epi sipòte otorite yo nan ranfòse chemen oryantasyon pou sivivan yo, ki gen ladan l tifi ak jèn fi ki asosye avèk gang yo;
- Avèk Ekip Ekspè sou Règ Lalwa ak Vyolans Seksyèl nan Peryòd Konfli, bay konsèy teknik ki lye ak kad lejislatif sou pwoteksyon ak patisipasyon viktim yo.

POU KOMISYON ENTÈ-AMERIKEN SOU DWA MOUN (IACHR)

- Egzòte gouvènman Ayisyen an pou ranfòse pwogram pwoteksyon timoun yo, ki gen ladan yo kreyasyon yon plan reentegrasyon konplè pou timoun ki asosye avèk gang ame yo ak nan priyore aksè a edikasyon e a sipò sikososal. Egzòte Eta manm OEA yo pou bay Ayiti sipò ki nesèsè pou sa;
- Konsidere pou fè yon vizit sou plas pou mennen ankèt sou sitiyasyon timoun yo nan yon kontèks vyolans gang an Ayiti epi pataje rekòmandasyon ki enpòtan sou reentegrasyon ki baze sou eksperyans Eta manm rejyonal yo;
- Gen ladan l yon odyans piblik sou dwa timoun yo ann Ayiti nan pwochen peryòd sesyon yo;
- Egzòte Rapòtè IACHR sou Dwa Timoun yo pou sipèvize yo regilyèman ak fè rapò sou sitiyasyon timoun yo an Ayiti.

**AMNISTI ENTENASYONAL
SE YON MOUVMAN
MONDYAL
POU DWA MOUN YO.
LE GEN ENJISTIS
SOU YON MOUN, SE
ZAFE NOU TOUT.**

KONTAKTE NOU



info@amnesty.org



+44 (0)20 7413 5500

ANTRE NAN KONVÈSASYON AN



www.facebook.com/AmnestyGlobal



@Amnesty

“MWEN SE YON TIMOUN, POUKISA SA TE RIVE MWEN?”

ATAK GANG YO SOU ANFANS TIMOUN YO AN AYITI

Baze sou 112 entèvyou - ki gen ladan yo ak 51 timoun - Amnisti Entènasyonal te egzamine enpak sou vyolans gang sou timoun an Ayiti yo. Abi ak vyolasyon yo resanse nan uit komin nan Depatman Lwès la gen ladan yo: rekritman ak itilizasyon timoun yo, vyòl ak lòt fòm vyolans seksyèl, ak asasinay ak blesi. Yo te resanse tou enpak vyolans lan sou timoun andikape yo.

Rapò a montre kijan gang yo eksplwate timoun yo nan kondisyon dezespere ki gen ladan yo livrezon, kolekte enfòmasyon, ak fè travay domestik. Tifi osi jèn ke 14 ane te pale de ki jan plizyè manm gang te vyole yo pandan atak sou katye yo oswa apre divès anlèvman. Chèchè yo te resanse divès ka timoun ki pèdi divès manm epi ki sibi lòt blesi katastwofik akòz de bal mawon oswa se yo menm yo te vize. Aktè pwoteksyon timoun yo te di ke yo bezwen yon jan siyifikatif plis resous pou adrese sitiyasyon an.

Gouvènman Ayisyen an dwe imedyatman fè efò pou konbat atak sou anfans tankou atravè mobilizasyon asistans entènasyonal. Donatè yo ak kominote imanitè a dwe asire ke gen finansman ak ekspètiz teknik ki disponib pou sipòte otorite Ayisyen yo, ki gen ladan li devlopman yon plan konplè pou pwoteksyon timoun.

Divès inisyativ ki baze nan kominote yo ap nesesè pou kòmanse yon pwosesis reentegrasyon efikas pou timoun ki asosye avèk gang yo. Sèvis esansyèl yo tankou edikasyon ak sipò sikososyal yo ap esansyèl pou asire reyadapation pou viktim yo.